МАХ ДУГ



ХУЫГАТЫ СЕРГЕЙ: 90 АЗЫ

ЦАРДЫ АДЫЛ РАТЫДЗЫЦ НЫФСЫ ЦИН

5
2023

БАСИТЫ Дзамболат

ÆНÆФЫСТ ЦЫРТ

Æз федтон цырт, æнæфыст цырт, нæ фæзы,
Рæсугъд нæууæвæрд ингæны сæр уыд.
Цыдысты адæм фæндагыл йæ рæзты,
Æмæ-иу ам фæсабырдæр сæ цыд.

Æрбацыд цыртмæ урсзачъе зæронд лæг.
Йæ сау худ систа. Фемырæг ис бон.
Æмæ ызгъордта суадæттау йæ мæллæг,
Йæ мæллæг рустыл цæстытæн сæ дон.

Нæ зоны уый æфсæддоны хæстæгмæ,
Йæ цыртыл ном æмæ мыггаг фыст нæй.
Æрмæстдæр зоны: ингæны мыггагмæ
Фынæй кæны хъæбатыр гуырд, фынæй...





НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

Главный редактор
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Редакция
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Диана АЛБОРОВА
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

Редакционный совет
Гастан АГНАЕВ, Борис ГУСАЛОВ,
Клавдия ДЖУСОЕВА, Станислав КАДЗАЕВ,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА,
Руслан БЗАРОВ, Зелим ВАТАЕВ

Владикавказ,
2023

МАХ ДУГ

5
2023

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

Сæйраг редактор
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

Редакци
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ÆЛБОРТЫ Дианæ
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

Редакцион совет
АГЪНАТЫ Гæстæн, ГУСАЛТЫ Барис,
ДЖУСОЙТЫ Клавæ, КЪАДЗАТЫ Станислав,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ,
БЗАРТЫ Руслан, УАТАТЫ Зелим

Дзæуджыхъæу,
2023

НОМЫРЫ ИС:

ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ
ХЪУЫСАТЫ Садредтин 5

КОЧЫСАТЫ РОЗÆ: 135 АЗЫ
ЦГЪОЙТЫ Хазби. Уалдзæггæнæг зæрватыкк. *Уацы* 8
ГОБОЗТЫ Валери. Иунæг уысм. *Æмдзæвгæ* 12

ФÆРНИОН КЪОСТА: 115 АЗЫ
ФÆРНИОН Къоста. Афардæг сусæг мæ цард. *Æмдзæвгæтæ* 14

ХУЫГАТЫ СЕРГЕЙ: 90 АЗЫ
Хæлæртты арфæтæ 20
ХУЫГАТЫ Сергей. *Æмдзæвгæтæ, радзырдтæ* 26
ТЪЕХТЫ Тамерлан. «Рухс хъæуы царды, рухс!» *Интервью* 52

«МАХ ДУГ»-ы РАВДЫСТ

ПРОЗÆ
ЦОМАРТАТЫ Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ. *Роман. 3-аг чиныг* ... 58

НОГ НÆМТТÆ
ГОДЖЫЦАТЫ Георги. Мæ зæрдæ – демæ баст, Ирыстон! *Æмдзæвгæтæ* ... 99

АРФ ХЪУЫДЫТÆ ЦЫБЫР НЫХÆСТÆЙ 104

ИРОН НАРТИАДÆЙЫ АЗ
ХЪУЫССÆТЫ Зæлинæ. Фыдæлтæй баззайгæ къæлиндары æмæ бинонты æгъдæуттæ Нарты кадджыты. *Уацы* 106

НÆ УИДÆГТÆ
МАМИАТЫ Таймураз. Гуыргъахъхъ фæндæгтæ æмæ рæсугъд фидæн. *Уацы* 115

БАКÆСÆМ НÆ ХУРТЫ ХУРТÆН
ДЗУЦЦАТЫ Зæлинæ. Стъалыджын фæндаг. *Аргъау* 125

АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД
ХЪАЙТТАТЫ Сергей. Ирон хабæрттæ 130
ТУАТЫ Заретæ. Ирон куывды фарн. *Куывдтытæ* 137

МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ 143

ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ



ÆВЗАГ У АДÆМЫ ЗÆРДÆЙЫ УИДАГ

15 майы фæбæрæг кæнæм Ирон æвзаг æмæ литературæйы бон. Уый махæн уæлдай уарзондæр æмæ буцдæр даринаг бæрæгбон у. Æмæ куыд нæ, кæд æмæ æвзаг у адæмæн сæ цард, сæ зæрдæйы уидаг, се ‘гъдау æмæ сæ намыс! Æвзаг у нæ раздзæуæг, фæндаг амонæг, зынаргъ æмæ фыдæлтæй баззайгæ цытджын хæзна, нæ хъæздыг историйы бындур. Фæлæ, хъыгагæн, не ‘взаг у æрхæндæг, æфхæрд, фæсдуармæ йæ бирæ нал хъæуы, уымæн æмæ йын, куыд æмбæлы, ахæм кад нæ кæнæм. ЮНЕСКО дæр нын нæ зæрдыл æппынæдзух дарын кæны, уе ‘взаджы, чи фесæфт, уыдоны номхыгъдмæ бирæ нал хъæуы, зæгъгæ.

Нæ сæрмæ хурау бæрзонд хæссинаг чи у, уый мах нæ къæхты бынмæ æруагътам. Арæхдæр хистæртæ ацы фарстайы аххосджын кæнынц кæстæрты. Фæлæ уый раст нæу. Алцыдæр хистæрæй

цæуы. Махæн, Турчы цæрæг ирæттæн, нæй ирон скъола, ирон телеуынынад, ирон газеттæ æмæ журналтæ, фæлæ, кæд абоны онг æцæгæлон бæстæйы не ‘взаг бахъахъхъæдтам, уæд æрмæстдæр уымæн, æмæ нæ хæдзæртты хистæртæ кæстæртимæ иронау дзурынц. Бæргæ, Ирыстоны æвзаг бахъахъхъæнынæн цы уавæртæ арæзт цæуы, ахæм уавæртæ махæн дæр ам куы уаид, фæлæ Турчы ахæм закъон нæй, – иууылдæр ахуыргæнæндæтты ахуыр кæнынц туркаг æвзаг.

Сабырдзинады проспектмæ куы рацæуæм æмæ дзы кæйфæнды дæр куы бафæрсæм, абон Ирыстоны тыхстагдæр фарста цы у, зæгъгæ, уæд иутæ зæгъдзысты, хæст кæй цæуы, иннæтæ – экономикон кризис, куысты бынæттæ нæй æмæ нæ фæсивæд стыр горæттæм ныххæррæтт кодтой, социалон уавæр æвзæр у, фæндæгтæ æдзæллаг сты… Раст уыдзысты, фæлæ уыдон не ‘ппæты стырдæр æмæ сæйрагдæр проблемæтæ не сты. Уыдон сты абоны фарстатæ. Экономикон кризис ныртæккæ алы бæстæйы дæр ис. Гæнæн ис, дæс азы фæстæ цард æндæрхуызон уыдзæнис, ранымад фарстатæ дæр сæ гаччы сбаддзысты. Ис сын сраст кæныны мадзæлттæ дæр. Фæлæ, мæ хъуыдымæ гæсгæ, махæн, ирон адæмæн, мадæлон æвзаг фесафынæй стырдæр æмæ тæссагдæр проблемæ нæй! Æвзаг куы фесæфа, уæд ма йыл фондз нæ, фæлæ сæдæ азы куы архайæм, уæддæр йæ къахыл нал слæудзæн. Цыфæнды хъæздыг, цыфæнды æхцайы хицау уæнт адæм, мадæлон æвзаг сын куынæ уа, уæд æвæд сты.

Туркæгтæм ахæм ныхас ис: æвзагыл, дам, дунейы цæрджытæй иунæг адæймаг куы дзура, уæддæр уый сæфтыл нымад нæу. Сæфтыл нымад у, йæ мадæлон æвзагыл дзурын чи фæразы, фæлæ йыл чи нæ дзуры, уый.

Мæ зынаргъ ирон адæм, цæй æмæ не ‘взагæн хицау нылæууæм! Базонын ын кæнæм йæ ад нæ кæстæртæн, адæттæм æй нæ фидæны фæлтæртæм, скæнæм нæхицæн удыбæстæ. Раттæм Къостайæн цæрæнбон не ‘взаджы рæсугъд азæлды, бахæрæм ард йæ номæй!

Турчы цæрæг ирон адæмы æхсæнадон змæлд «ALAN»-ы сæрдар ХЪУЫСАТЫ Садредтин

КОЧЫСАТЫ РОЗÆ: 135 АЗЫ



(1888 – 1910)

Æгъгъæд у, цомут талынг цардæй
рухсмæ,
Цæй, цомут райгæ фидæны æнусмæ!

ЦГЪОЙТЫ Хазби

УАЛДЗÆГГÆНÆГ ЗÆРВАТЫККУ

Кочысаты Розæ у ирон литературæйы фыццаг сылгоймаг-фыссæг. Уый фыццаг зæрватыккау ссис уалдзæггæнæг, æмæ йæ хæдуæлвæд райхъуыстысты Коцойты Ленæйы, стæй та иннæты хъæлæстæ дæр. Фæлæ дзы Розæйæн йæ цыбыр царды цас бантыст… Аивадон æгъдауæй – фидар, æвзагæй – хъæздыг, цардыуаджы, адæмы хъæнтæ æмæ фæзминаг хъуыддæгтæ цы уацмысты равдыста, уыдонæн æмбал нæй. Уыдон уыдысты фыццæгтæ, сæ фыссæг цард æндæр дуджы, сæрибарæй адæймаджы, сылгоймаджы бартыл сдзурæн кæм нæ уыд. Уый уыдис уалдзæггæнæг, æмæ дзы уæлдай бузныг уый тыххæй стæм.

Бæрцæй 22 азы йеддæмæ нæ фæцард Кочысаты Розæ, æмæ йын кæд бирæ бакæнын нæ бантыст, уæддæр стъалыйау æрттивы ирон литературæйы арвыл. Йæ алы уацмыс нæ, фæлæ йæ алы рæнхъ дæр у цыкурайы фæрдыгау. Уымæн, æмæ дзы æвæрд ис рæсугъд ирон ныхасы уаг, ирон дзырды тых, аивдзинад æмæ хъомыс. Уымæн, æмæ нæм дзы азты сæрты хъуысы нæ фыдæлты царды хъæр: сæ тухитæ, сæ мæт, сæ сагъæс. Уымæн, æмæ нын зæгъы: ивгъуыдæй зынг райс æмæ дзы дæ кæстæртæн арт скæн. Ахæм фæрнджын æмæ хъомысджын у йе сфæлдыстад, зæрдæты агайы, зонд рæвдауы. Размæ нæм сиды! Уый сæраппонд уыдис йæ уды рис, æмæ йын радта йæ цыбыр цард æппæтæй дæр.

Розæйы сфæлдыстадæн аргъгæнджытæ ирон литературæйы бирæ ис, æмæ йæ цы бынаты сæвæрдтой, уый аккаг у. Йæ уацмысты фыццаг æмбырдгæнæг æмæ сын аргъгæнæг та уыд йæ хъæуккаг, йе ‘мдугон, зындгонд ирон ахуыргонд Ælборты Барысби. Йæ цард æмæ сфæлдыстадыл дæр æппæты фыццаг уый ныффыста уац «Рухсмæ бæлгæйæ».

Кочысаты Розæйы уацмыстæ Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны джиппы бирæ хæттыты рацыдысты хицæн чингуытæй. Уыцы хъуыддаджы æппæты стырдæр куыст бакодта Уанеты Владимир. Уый бæстон æмæ биноныгæй æрæмбырд кодта фыццаг ирон сылгоймаджы сфæлдыстад, цыдæриддæр ыл уацтæ æмæ æмдзæвгæтæ фыст æрцыд, уыдон; йæ цард æмæ сфæлдыстадимæ баст къамтæ ссардта æмæ сæ иу чиныджы джиппы рауагъта Хуссар Ирыстоны рауагъдад «Ирыстон»-ы. Чиныг-альбом хуыйны «Иры номдзыд чызг». Ардæм хаст æрцыдысты Розæйы

пьесæтæ «Гæды лæг, кæнæ нæ пъырыстыф сæрра», «Мæ уарзондзинад æви мæ фыды ныхас?», йæ уацтæ «Нæ Иры чызджытæм», «Хетæгкаты Къостайы мысинæн», йæ пьесæ «Зæхх – ме ‘вдисæн, хур – мæ комдзог»-ы мидис. Ацы уацмысы къухфыст кæм ис, уый нырма нæ рабæрæг. Ælборты Барысби йæ Ольгинскæйы сценæйыл федта æмæ йын йæ мидис ныффыста нывтæм гæсгæ. Йæ иннæ пьесæ «Мæ уарзондзинад æви мæ фыды ныхас?»-æн дæр Розæйы къухфыстæй оригинал нæ баззад. Уый дæр, æвæццæгæн, куы æррынчын, уæд кæмæндæр сыгъдæг рафыссын кодта. Æртæ пьесæйы дæр сценæйы æвæрд æрцыдысты Ольгинскæйы. Рольты хъазыдысты (нæлгоймæгты рольты дæр) Кочысонæн йæ хæлар дыууадæс чызджы. Уыдон ма уый размæ Ælдаттаты Гадзейы сарайы сценæйы æрæвæрдтой Елбыздыхъойы «Худинаджы бæсты – мæлæт» æмæ «Уæрæседзау». Дыууæйæн дзы, Туаты Лидæ æмæ Ælдаттаты Тауырзæтæн, æмдзæвгæтæ дæр ма ныффыста.

Чиныг «Иры номдзыд чызг»-ы Розæйы цард æмæ сфæлдыстады тыххæй цы уацтæ ис, уыдон дæр ранымайдзынæн. Сæ автортæ æмæ сæргæндтæ дæр цæуылдæр дзурынц. Ælборты Барысбийы «Рухсмæ бæлгæйæ», Ардасенты Хадзыбатыры «Кочысаты Розæ», Тедеты Георгийы «Сагъæстæ уардийыл», Бæциаты Агуыдзы «Иры чызг», Тотраты Русланы «Сценæйы – ирон чызджытæ», Цотниашвили Автандилы «Кочысаты Розæ – типикон ирон сылгоймаг», Скифироны (Тедеты Рюрикы) егъау наукон уац «Кочысаты Розæйы 17 персонажы» æмæ Уанеты Владимиры «Розæйы трагеди «Мæ уарзондзинад æви мæ фыды ныхас?»-ы иу цымыдисаг хабары тыххæй». Æмдзæвгæтæ йыл ныффыстой Цæрукъаты Алыксандр, Кокайты Тотрадз, Галуанты Людæ, Гобозты Валери æмæ иннæтæ.

Ацы чиныг-альбомы тыххæй бирæ уымæн дзурын, æмæ, иуæй, у æппæты æххæстдæр, иннæмæй та, рацыд 1990 азы, æмæ йын ссарæн, балхæнæн нал ис.

Кочысаты Розæйы кад бæрзонд æвæрд у Хуссар Ирыстоны: йæ номыл уынг ис Цхинвалы. Уымæй уæлдай йæ ном хæссынц скъола æмæ библиотекæ дæр. Уæлдæр цы чиныг-альбомы кой ракодтон, уый дæр цасдæры аргъ у. Цæмæй йын бабуц кодтам мах, Цæгат Ир та йæ ном?

Æхсайæм азты дзæнæтыбадинаг Ælборты Барысби Кочысаты Розæйы рухс номæн стыр лæггад бакодта. Уый зæрондæй, низ æмæ цардæфхæрд уæвгæйæ, ацыд Алагирмæ. Уым ын зæронд уæлмæрдты

йæ ингæн ссардта. Уый фæстæ йæм Кочысаты Черменимæ биноныг базылдысты. Йæ цуры ма сæ къам дæр систой.

Розæ райгуырд 1888 азы Ольгинскæйы. 1907 азы смой кодта салыгæрдæйнаг, посты-телеграфы кусæг Реуазты Хъасболатмæ. Фыццаг цардысты Лабæйы, стæй – Алагиры æмæ Æрыдоны. Æрыдоны рæуджыты низæй фæрынчын æмæ амард 1910 азы февралы. Ныгæд æрцыд Алагиры.

* * *

Ирон мыггæгтæй алчидæр йæ фарны хай хæссы Ирыстоны намыс æмæ кадмæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, уыцы хъуыддаджы фылдæр æнтысы даргъ æмæ уæрæх мыггæгтæн. Кочысатæ уыдонæй не сты, стыр мыггаг нæу, фæлæ ирон адæмæн уыйбæрц хорз лæггæдтæ бакодта, æмæ йæ Ирыстоны Цæгатæй Хуссармæ алы ран дæр зонынц, æхсызгонæй йæ дзурынц. Ирон скъоладзау суанг дыккæгæм къласы базонгæ вæййы фыццаг ирон сылгоймаг-фыссæг Кочысаты Розæимæ, фæстæдæр та – йе сфæлдыстадимæ. Сахуыр æй кæны. Æмæ дзы банкъары йæ фыдæлты фарны миниуæг, сæрибармæ бæллицы, рæстдзинадыл тохы гæнæнтæ, ирон фæлгонцджын æвзаджы рæсугъддзинад.

Скъоладзау Розæйы хорз удыхъæды, йæ тырнындзинæдты, йæ æнкъарæнты фæрцы йæ зæрдæмæ айсы ацы мыггаджы номы мырты зæлтæ æмæ та йыл йæ дарддæры ахуыры, царды ногæй æхсызгонæй сæмбæлы. Уæд та йе ‘мныхасгæнæг, йе ‘мсагъæсгæнæг свæййы Кочысаты Мухарбег. Хæстон зынгхуыст Мухарбеджы сфæлдыстад зæрдæагайгæ у, нуарджын ирон дзырдты руаджы цы æнкъарæнтæ æвдисы йе ‘мдзæвгæты, уыдон рæзгæ фæлтæры удты цæргæ-цæрæнбонтæм баззайынц. Йæ уацмыстæй хуымæтæджы бирæтæ зарджытæ нæ систы. Ирон адæм сæ стырæй-чысылæй зарынц радио æмæ телеуынынады, концертты æмæ кадгæнæн изæрты, куывдты æмæ чындзæхсæвты, кусгæйæ æмæ фæллад уадзгæйæ. Æдзухдæр нæ былалгъыл сты йæ рæсугъд, аив, фæлгонцджын æмдзæвгæты рæнхъытæ.

Уæдæ хистæртæй чи нæ зоны Кочысаты артист чызг Зояйы. Ирон театры цы фæлгонцтæ сарæзта, уыдонæн ферохгæнæн нæй.

Иутæ бынтæ ныууадзынц мулкæй, æмæ сын æвзæрæн уагъд куы фæвæййынц, уæд сæ уыдон апапылой кæнынц. Иннæты исбоны бынтæн дæр ис фæуæн. Нæй фæуæн, Кочысаты Розæ, Мухарбег æмæ Зоя ирон адæмæн цы бынтæ ныууагътой, уыдонæн, раст Хуыцауы хорзæхау æну-

сты цæрдзысты семæ æмæ фæлтæрты ахуыр кæндзысты ирон æвзагыл, фарныл, рæстдзинадыл, уарзыныл, адæймагдзинадæн аргъ кæныныл.

Адон æртæйæ дæр рацыдысты Кочысаты Псийы хæдзарæй. Мухарбег æмæ Зоя уыдысты хо æмæ æфсымæр, Розæ та – сæ фыдыхо. Ноджыдæр сæ скадджын кæныны тыххæй Цæгат Ирыстоны Фыдджыты цæдисы æмæ скульптор Дзбойты Михалы фæндæй равзæрд, кæм райгуырдысты, бахъомыл сты, уым, Ольгинскæйы хъæуы сын сæ фыдæлты хæдзары къулыл Номарæн къæй бакæныны хъуыды. Скульптор йæ хæс сæххæст кодта, фæлæ йæ куыстыл йæ æрмадзы æртæ азы бæрц рыг фæбадт. Уый фæстæ УФ-йы Федералон Æмбырды уæды уæнг Фадзайты Арсены фæрцы 2006 азы 19 майы номарæн фæйнæг сфидыдта сæ хæдзары къулыл. Ирыстоны номдзыд хъæбулты лæггад хъуыды кæнгæйæ, сæ уынгæн дæр сæ мыггаджы ном раттын бæргæ раст уаид. Ирон адæмæн Розæ, Мухарбег æмæ Зояйы лæггад уый аккаг кæй у, уый æппындæр дызæрдыггаг нæу. Цы чысыл азтæ рацардысты, уæлдайдæр Розæ æмæ Мухарбег, уыдон иууылдæр снывонд кодтой Райгуырæн Ирыстонæн, ирон рæсугъд царды сæраппонд…



Кочысаты Розæйы ингæн Алагиры уæлмæрдты

ГОБОЗТЫ Валери

ИУНÆГ УЫСМ

Кочысаты Розæйæн

Сонет

Дæ царды иу уысм алыгъдис мæлæтæй,
Æмæ цæргæйæ уый дæ къамы баззад.
Æртхутæгæй уый ’нæнхъæлæджы растад,
Уый фервæзтис адзалы сау кæлæнтæй.

Ныр нал тæрсы мæрдтыбæстæм тæлæтæй,
Мæлæты ’нусмæ судздзæнис йæ азар.
Йæ сау удæй йын хъуамæ уый фæхъаза,
Мæлæтыл худы цинæйдзаг хъæлæсæй

Æмæ куыд дзуры иунæг стъæлфæн артыл,
О, афтæ дзурдзæн уыцы уысм дæ цардыл.
Нæ ахуысдзæнис уыйау ’рмæст æмбойны.

Уый азты ’хсæн тæхдзæнис растдæр фатау,
Æнусбонмæ дæ бахиздзæн æвæдæй,
Дæ бæсты цардæй басæтдзæн йæ дойны.



ФÆРНИОН КЪОСТА: 115 АЗЫ



(1908 – 1937)

Цалынмæ нæ нæ тых æмæ нæ хъару
хæссой, уæдмæ хъуамæ мацæуыл
бацауæрдæм Ирыстоны сæрвæлтау

ФÆРНИОН Къоста

АФАРДÆГ СУСÆГ МÆ ЦАРД

ÆНУД ЦЪÆХАХСТ

(Скъуыддзаг)

Мæскуыйæн

Рагæй бæллыдтæн йæ фенынмæ,
Хъуыстон ын рагæй йæ кой.
Не ’фтыд мæ къухы уый гъенырмæ,
Ссардтон дзы абон æнцой...

Урс Кавказ дард бæсты баззадис,
Дард у мæ балц та мæнæн.
Сагъæсыл ног хилтæ разадис –
Нæй мын мæ мастæн зæгъæн.

Цæй-ма, кæмæн кæнон зарджытæ?
Чи мын æмбардзæн мæ мæт?
Уынджы нæ фендзынæ барджытæ,
Иу сæ нæ дары нымæт.

Гъе, уæууæй, гъе, уæууæй, дард Кавказ,
Диссаг куыд нæ дæ ды дæр.
Курын дæ, рацу мæм, рафæлгæс,
Уарзын дæ абон фылдæр.

Зоныс мæ: рагæй дæ хъæбул дæн,
Иу дæ нæ уарзы мæ бæрц.
Цæй-ма, цы зæгъæм нæ фыдгултæн?
Абон мын ласынц мæ кæрц.

Сагъæсæй зæрдæ ныйих уыдзæн,
Риуыл куы нал фена кæрц.
Дарæстæй никуы ис уый хуызæн,
Рагæй йæ уарзта нæ æрдз.

Рацу мæм, рацу мæм, сонт Кавказ!
Абон дæм нал хæссын фау.
Дардæй мæм уарзонау рафæлгæс,
Сагъæстæй зæрдæ ныссау...

Курын, ныббар мын мæ сагъæстæ, –
Фаг дæ нæ уарзтон кæддæр.
Уарзын дæ байдыдтон дард бæстæй, –
Чи дæ фæмысдзæн фылдæр!

Курын дæ ноджы та, рацу мæм,
Нал у æнæ дæу мæ бон.
Истытæ сусæгæй адзурæм, –
Зонæм, цы ныл цæудзæн сом...

КАД

Банцай… Ныууадз мæ, дæ хорзæхæй,
Зонын дæ кадæн йæ кад.
Не сдæрын барвæндæй, гомдзыхæй,
Барджынтæй искæй дæлфæд.

Адæмæй хорзæхтæ ракургæ
Не сты фæндонæй, мыййаг.
Цардæн йæхи мидæг агургæ,
Кадмæ гъе уым ис фæндаг.

Базар уæлахизмæ де ‘цæгæй,
Равдис дæ хъару, дæ тых.
Раппар зæронд дзывыр де ‘цæгæй!
Базад тракторыл дзых.

Зары трактор æндон зарæг,
Гутæттæй адары хаxx.
Ног хъæуæн рацыдис ног зæнæг, –
Цæйут, рæвдауæм æй мах.

Кад дæ фæсайдзæн йæ козбауæй,
О æвзæр, ма баууæнд, ма!
Науæд æрхаудзынæ обауæй,
Фестдзынæ цады хъуына.

Ма дзур… Ныууадз мæ, дæ хорзæхæй,
Хорзæхæн зонын йæ кад.
Не сдæрын барвæндæй, гомдзыхæй,
Барджынтæй искæй дæлфæд.

* * *

Бирæтæн бирæ нæ бантысы...
Иннæтæй бирæгъау цард
Сау хъæдмæ сусæгæй ахъуызы,
Баззайы аннæ æнкъард.

Алчи йæхи фæдыл фидæнмæ
Ивазы бонтæн сæ таг.
Бауарзтон хъусын æз изæрмæ,
Нал у мæ зæрдæ тæлфаг.

Мад мæм нæ рауайдзæн худгæйæ,
Тугæй куы ферхæцон, уæд.
Ниудзæн мыл иунæгæй, дудгæйæ,
Къулрæбын сидзæрæй уад.

Арæхстгай, тард куыдзау ниугæйæ,
Афардæг сусæг мæ цард.
Дард бæсты иу кæрон джиугæйæ,
Бамбидзæн искуы мæ мард.

Бафæрсдзæн искæй мæ уæзæг-мад:
«Цæй-ма, цы фæци мæ фырт?»
Дзуапп ын-иу раттут: «Уый базауат,
Дард бæсты ниуы йæ цырт».

Бирæтæн бирæ нæ бантысы...
Иннæтæй бирæгъау цард
Сау хъæдмæ сусæгæй ахъуызы,
Баззайы аннæ æнкъард.

* * *

Уалдзæг, уалдзæг,
Зарынц цъиутæ.
Уынгты – хъæлдзæг,
Гомхъуыр – риутæ.

Гутон разылд
Фæзмæ заргæ,
Фыййау рацыд,
Фос скъæргæ.

Кæрдæг рæздзæн,
Зæхх фæлдахæм.
Сæрд дæр уайдзæн,
Тагъддæр махмæ.

Уайынц дæттæ,
‘Рттивынц хæхтæ.
Æрдз у хъæлдзæг –
Уый у уалдзæг.

* * *

Д. Н.

Искуы куы тыхсай дæ цардæй,
Дарддæр куы нал уа дæ бон,
Ма ску фыдæнæн æнкъардæй,
Цардæй æдзæллаг ыстон.

Ма кал дæ цæссыг, æвгъау у,
Бафснай йæ риуы бæстон.
Ма зæгъ: «Ирыстон æрхауы»,
Акæс, йæ фæндаг – æндон,

Хи сагъæс ницы у абон,
Акæс, куыд фыцы нæ цард.
Саст сагъæс зæрдæйæ ратон,
Ма кæн дæхиуыл æнкъард.

КЪÆВДА

Сусæгæй дзуры цыдæртæ…
Бæлæстæ хъусынц лыстæг,
Арв дæр ныккæны фыдхъæртæ,
Куы ахæссид ахæм рæстæг!

Бухъхъытæ самадтой хортæ,
Дарынц сæ дзыхтæ хæрдмæ,
Цины сты абон мыдхортæ,
Уайдзысты райсом мыдмæ.

Дидинæг систа йæ хъустæ,
Дымгæйæн радта йæ тæф…
Цуанон та мардзæн тæрхъустæ…
Малы та даудзæнис кæф.

Цыхцырæг не ‘нцайы къуппæй…
Къанау дæр дзуры цыдæр.
Дымгæ æрбадзуры цъуппæй,
Азар, дам, азар, ды дæр!

* * *

Знаг нæм куы бырса уæндонæй,
Куы тæра æдзæсгом
Йæ ных,
Зонæд,
Кæй фендзæн æндонæй,
Арцæн
Æрцындзау
Йæ цыргъ!

ХУЫГАТЫ СЕРГЕЙ: 90 АЗЫ



(1933)

Зынг ис мæ артдзæсты æртваг...

ХÆЛÆРТТЫ АРФÆТÆ
ХУЫЦАУÆЙ ЛÆВÆРД КУРДИАТ

Алчи йæхи хъысмæтмæ гæсгæ цæры. Афтæ нæм уымæн фæкæсы, цыма нæ Хуыцау царды истæмæй куы фæцух кæны, уæддæр æй баххæст кæны æндæр хъуыддагæй. Хуыгаты Сергей дæр йæ райгуырдæй бирæтæм, арвæй стъалытæ чи скъæфы, ахæм нæ фæкаст – цыма рыгъд уыд, къæсхуыртæгонд. Уæллагмæ та йæхи хъуыдытæ вæййы. Йæхи тæрхæттæ фæхæссы. Кæд, куыд – уымæн æй æргом æвдисæнтæ никуы хъуыд æмæ нæ фæхъæуы.

Сергей чиныгмæ сабийæ фæстæмæ рæвдз куыд разынд, ирон нывæфтыд дзырдтæ йе ‘взагæй цы адджындæр къафеттау куыд згъæлдысты, уымæн йæхæдæг дæр бæлвырд ницы зыдта. Фæлæ дын Хуыцау цы радта, ууыл дæхи бон дæр дæ къух ауигъын нæ бауыдзæнис. Æмæ Хуыгайы-фырты тыххæй табу – Йæхицæн. Уымæн æмæ Хуыгаты Сергей, йæ сабибонты йæхæдæг дæр йæхицæй æнхъæл куыд нæ уыдис, ахæм ирон фыссæг хуымæтæджы нæ разынд. Уый йын Бæрзонд Хуыцауы цæст бауарзта. Æндæра куыд у æппынæдзух хæларзæрдæ, хъуыдыхуыз, дзырдхъом, дзырдбарон, тæригъæдгæнаг, фердæхынмæ – рæвдз.

Сергей кæйдæртау æппæлой никуы уыд, фæлæ, лæджы сæр кæм бахъæуы, уым йæхи никуы бамбæхсы, æргом зæгъы йæ хъуыды. Уæлдайдæр – рæстдзинады охыл, стæй, искæй хъыджы барвæндæй куыннæ бацæуа, афтæ. Уыцы хъуыддаг, куыд зонæм, афтæмæй алкæй бон нæу. Фæлæ Хуыгайы-фырт йæ дзырдæн, стæй алкæмæн дæр – хæлар уа, зонгæ æви æнæзонгæ, – кæны æмбæлон аргъ. Уымæн æмæ йæм рæстдзинад кæддæриддæр у нымад, йæхæдæг рæстаг адæймаг кæй у, уый тыххæй. Цыфæнды хъуыддаджы дæр æмсæр æмныхасгæнæг, сæрбахъуыды рæстæджы дыл йæ къух никуы ауадздзæн – хатдзынæ йæ дæ фарсмæ. Уæдæ, Нарты фынгыл иу абонæй иннæ абонмæ фарны бадтæн æгъдау раттын хъæуа æви сгуыхтæн скад кæнын, уæддæр дæ нæ бауадздзæнис фæцудын, ахæм хистæр у. Йæ дзырдаивадæй уайтагъд раргом вæййынц, батæхуды кæныны аккаг ын чи сты, йæ уды уыцы бæллиццаг миниуджытæ. Адæм уымæн акæнынц: «Хорз лæг дзыхъхъæй дæр зыны». Нæ фыссæгæн йæ аивады уæлдай ирддæрæй æрттивы йæ удыхъæд.

Хуыгаты Сергейы йæ бæрнон ахаст, йæ нывæфтыд уацмысты ахадгæ нысауинæг кæнынц нуарджын, уыимæ, – хуымæтæг æмæ стыр, цардзонæг, хъуыддагзонæг, хæларзæрдæ æмæ адæймагуарзон.

Кæй ранымадтам, уыдон фылдæр хауынц нæлгоймаджы раппæлинаг миниуджытæм, уæлдайдæр, æцæг аивады кусæджы зæрдæуагмæ. Æмæ, Сергей лæгау лæг, стæй, уыимæ, æцæг курдиатджын фыссæг кæй басгуыхт, уый дызæрдыггаг никæмæн у. Уымæн æмæ, чиныгкæсджыты рæгъмæ цы фарстытæ **(фарстатæ – нæ!)** фæхæссы, уыдон алы хатт дæр ратæдзынц йæ зæрдæйы арфæй. Стæй – æнæ уæлдай митæй. Хæрз æвзонгæй йæ фыццаг чиныг «Мæ сыхæгты номæй»-ы ацæргæ лæджы хъæлæсæй ныфсджынæй уый охыл загъта:

Æз абон мысын ибоны гæнæнтæ,
Ызнон куыдтон æндæрæбоныл æз.
Тæхудиаг, дæллаг галау йæ уæнтыл
Кæмæн ныууадзы кусгæ бон йæ уæз!

Тæхуды, адæм хионæй, хæстæгæй
Фæйнæ «цума» куы зæгъиккой мæнæн.
Тæхудиаг, лæггадгæнæг кæстæрæн
*Кæй равзарынц йæ цахъхъæнты æхсæн!..**

«Кæны изæр»

Ай-гъайдæр, тæхудиаг сты, сæ рæзæн карæй сæ бадт азтæм Хуыцауы сконд дзыллæйæн лæггадгæнгæйæ чи цæры, уыдон. Уыцы тæхудиæгтæй иу у, цы фыссæджы кады хъуыддæгты кой нæм ис, уый – Хуыгаты Сергей.

Сергейæн йæ цард дæр, йæ курдиат дæр Хуыцауæй хæлар сты, нæ иузæрдыг ирон адæмы зæрдæмæ йын афтæ æввахс уымæн лæууынц, афтæ адджын нын уымæн у.

ХЪАЗИТЫ Мелитон

ЦÆРÆЦЦАГ

Фыдæлты иугæндзон арфæ ноггуырд лæппуйæн: Хуыцау æй цæрæццаг гуырд фæкæнæд!

Æмæ – фæвæййы, уæдæ нæ…

* Хуыгаты Сергей. Мæ сыхæгты номæй. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 3 ф.

Ærмæст, цы фадæтты, цы царды фæрæзты уаваеры, уазалты дæвдæгæй, судзгæ хуры бын, дымгæхостæй, бæмбæджы тыхтæй – йæ цинтæ армы дзаг, йæ мæстытæ арвы дзаг бавæййынц, уый та Хуыцауы нал фендавы, – уыдæттæ ‘рмæст адæмæн свæййынц сæ мысинæгты сæр иу кæддæрты.

Гъемæ юбилей уыцы стæм хæттытæм хауы…

Ацы æцæг ирон ирæттæ чи сты, ацы, уыдоны ‘нахуыргонд фыдæлтæ стыр цымыдисы ‘фтауæг ныхæстæ ныууагътой сæ размæцыд, фæлæ ‘рмæст чысыл цыдæртæ зонæг байзæддæгтæн, уыдонимæ ахæм цæхгæр хатдзæг дæр: «Лæджы хъысмæт аивын суанг Хуыцауы бон дæр нæу!»

Ома, лæгæн йæ рагагъоммæйы ныхыфыст, мæнæ философтæ кальвинизм цы хонынц, уый фæиннæрдæмгæнæн нæй.

Уæдæ та ныр дæр аипп ма уæд афтæ бафæрсын, æмæ дзы ды та дæхæдæг дæ царды хуыздæрырдæм цы аивтаис, ноджыдæр ма хуыздæрмæ, и, Зауырбеджы фырт Сергей?

Æз уал зæгъын дæ бæсты: бæргæ, бæргæ, дæ курдиатджын фырт ма дын йæ цардамондæй дæр дæ зæрдæ куы бараевдыдтаид, дæ фæндиаг хорз куы рауадаиккой æндæр хабæрттæ дæр, уæдæ дæ хъæбулты мад Наташæ дæр йæ зæры бонты сæрæндæр куы уыдаид…

Цы хорз ад ратты æнад хæринаг дæр ма, дæ адджын æмгæрттимæ æмхæрд-æмнозт кæнгæйæ! Абон дæ мæнæй бирæ ‘хсызгондæрæй бæргæ хъæуынц институты де ‘мкурсон Грис, дæ уарзондæр кæстæр Камал, йæ царды кæронмæ ‘ввæхсты дæуæн бахæстæггонд Васо, дæ зæрдæхудты дын нæ бацыдаиккой дæ хæрзæмгар Сафар дæр æмæ дæм-иу йæ тыхст сахатыл фынгæмбалы номыл æрхатæг Æхсар дæр.

Дзæнæтæй дыл цардаудæн кæнæнт…

Чиныгкæсæгæй, – кæд ма искуы ‘мбæлы, уæд, – нæ хъаст кæнын, фæлæ сæхи литературон критикæй чи нымудзы, литературæ иртасæджы цытджын ном кæй разæй тындзы, уыдон та, ау, куырм сты уал æмæ уал азы æмæ йæ нæ уынынц, æмрæстæг, æмдуг цы гæрзарм фыссæгимæ цардысты æмæ ма цæрынц, уый?!

Куыд æвæджиау дæсны у, куыд тынг фæцараехсы Сергей уарзондзинад сныв кæнынмæ, йæ уæлхурон цинтæ æмæ йын йæ тыхуромæн мæстытæ уырнинагæй – психологон æгъдауæй – равдисынмæ!

Æмæ диалогты мидбæстытæм та!

Æмæ ремаркæтæ-комментаритæм та!

Æмæ!..

Æмæ!..

Æмæ йыл мæ зæрдæ йæ цæст æрæвæры, искæд куы ракафы, уæд. Æмæ зæххимæ кусын та, зæххыл фыдæбон кæнын та гæххæтт хуым кæнынæй къаддæр нæ уарзта.

Бæргæ, бæргæ, йæ тæхудиаг пысырадзуаны дæр ма куы ацыдаиккам кæддæртау, фæлæ…

Ох-хына, къæхтыл ацы уæззау азты здыйæ конд сахсæнтæ, ацы!..

Фæлæ та уæддæр æмæ уæддæр, кæмæн фыддæр – хъæбæрдæр, зæгъгæ, ма сфæлмæц цардæй, Сергей, сæ ахсджиаг кæмæн дæ, уыдоны хæрзæбоны охыл.

Æз та – хъæрæй омменгæнæг дæ сæдæ азы кадæн куывды дæр. Кæй нæ фæнды, уыдон дæр-иу æй сæхи фиуджын цæстытæй фенæнт…

ГУСАЛТЫ Барис

БИРÆ УÆЗДАНДЗИНÆДТÆ ДЗЫ ЗОНЫН

Æрæджы мæм телефонæй æрдзырдта «Мах дуг»-ы бæрнон кусджытæй иу Тъехты Тамерлан æмæ мын уæзданæй йæ курдиат загъта:

– Тагъд Хуыгаты Сергейыл 90 азы æххæст кæны. Нæ дæ фæнды уыцы бонмæ уый тыххæй нæ журналы дæ хъуыдытæ зæгъын? Цавæр у куыд фыссæг, куыд адæймаг…

Цыдæртæ ма мын дзырдта, ома, цал рæнхъы хъæуы, кæдмæ йæ сæрвитон æмæ афтæ дарддæр, фæлæ йæм æз уæдмæ раздæрау зæрдиагæй нал хъуыстон, мæхицæн дæр æнæнхъæлæджы йемæ мæхинымæр быцæуы ныхас кæныныл схæцыдтæн:

– Уый цытæ дзурыс, Тамик?.. Ау, куыннæ мæ фæнды, æз ын йæхицæй бирæ уæзданзинæдтæ куы зонын, уæд?

Фыццаджыдæр, Сергей у нæ абоны фысджыты кадджын хистæр, мæнæн алы хъуыддаджы дæр – фæзминаг. Не ‘хсæн, хъыгагæн, ахæмтæ ис, кæцытæ сæхицæй курдиатджындæрыл никæй нымайынц, никуы никæй сфæлдыстадон æнтыстыл бацин кæнынц, ныхасы æрдæг дæр сæ не схауы. Æрæджы мын дзы иу мæ юбилейы бон афтæ зæгъы, нæ алыварс æй иннæтæ дæр куыд хъусой, æз, дам дын, Дамир, хæлæг кæнын æрмæстдæр дæ хъæлæсмæ…

Сергей уыдонæй нæу: у фæлмæн, хæларзæрдæ æмæ цæстуарзон адæймаг. Æз уый мæхи удыл бавзæрстон. Мæнæ-ма кæсут: кæцыдæр аз æз радзырдтæ фыссын ныууагътон, документалон уацаутæ фыссыны фæнд мыл фæтых. Иухатт мын Сергей афтæ зæгъы, де сфæлдыстады, дам, ахæм цæхгæр фæзилæн дзæгъæлы скодтай, фæстæмæ раздæх. Æз ын йæ уыцы фиппаинаг цæстуарзондзинадыл банымадтон, æхсызгон мын уыдис. Мæ радзырдты фыццаг чиныг «Сæрдыгон фæткъуытæ» джиппы куы рацыд, уæддæр мæм афтæ фæкаст, цыма йыл Сергейæ тынгдæр ничи бацин кодта.

Кæддæр мæ Фысджыты цæдисмæ куы истой, раздæр уал мæнæ ам нæхимæ, уæд Сергей уыд мæнæ ахæм фыццаг фæндон зæгъæг:

– Кæд иунæг чиныгæй нæ Цæдисмæ райсæн ис, уæд Дамир нæ рæнхъыты æнæмæнг хъуамæ уа…

Хъуыды ма йæ кæнын: Сергейы уыцы ныхасы фарс рахæцыдысты Цæрукъаты Алыксандр, Кокайты Тотрадз, Хæблиаты Сафар, Бицъоты Грис, Ходы Камал, чидæртæ ма… Никуы мæ ферох уыдзæн, сæ фыццаг æмбырдмæ куыд æрбыцыдтæн æмæ куыд фæфыдæнхъæл дæн, уый дæр. Афтæ рауад, æмæ, цыдæр фарстайыл карз ныхас кæнгæйæ, кæрæдзи æддæгмидæг ауадысты нæ фысджытæй цалдæр. Рухсыбадинаг Джыккайты Шамил се ‘хсæн иргъæвæгæй бацыд, Хуыгаты Сергей та сын уайдзæф бакодта:

– Мæнæ нæ куысты абон фыццаг хатт архайы æрыгон фыссæг Дамир, æмæ уымæй уæддæр фефсæрмы ут! Ардыгæй куы ацæуа, уæд нæ цы ахъуыды кæндзæн, кæуыл нæ банымайдзæн, иннæ хатт ма йæ бафæнддзæн не ‘хсæнмæ æрбацæуын?

Уæдæй абонмæ æз Сергейы нымайын мæ уарзондæр хистæр хæлæрттæй иуыл. Æз нæ иунæг ахæм фембæлд дæр нæ хъуыды кæнын, æмæ уый мæныл ма бацин кæна, æнæ бафæрсгæ мæ ма фæуа: «Куыд дæ, ногæй цы фыссыс?»

Мæнæ цыма кувæндоны дæн, афтæ йæ зæгъын: «Æз мæхæдæг мæхи удæй фылдæр кæй сфæлдыстад уарзын, Сергей у уыдонæй иу». Никуыма йын æй загътон, йæ уацау «Æхсырласæг» ын цал æмæ цал хатты бакастæн, уый. Афтæ – йæ хъуыстгонд æмдзæвгæ «Къостайы хæдзар» дæр. Йæ рæстæджы дзæнæтыбадинаг Хъодзаты Æхсар уыцы уацмысы тыххæй йæхи æмдзæвгæ куы ныффыста, уæд ын æз раарфæ кодтон, æхсызгон ын уыдис.

Мæнæн тынг хъыг уыд, æрæджы мæ хæларæн Къостайы номыл преми кæй нæ радтой. Уый стыр рæдыд у, тынг æнæраст хъуыддаг, тæригъæддзинад райстой сæхимæ, ахæм уынаффæ чи рахаста, уыдон; хистæр кæй у, нæ литературæйы кæмæйдæрты фылдæр æмæ хъæздыгдæр бынтæ кæй ныууагъта, уыдæттæй дæр нæ фефсæрмы кодтой.

Сергейы сфæлдыстады тыххæй бирæ дзурæн ис, абон уымæн амал нæй, фæлæ цыбырæй мæхи хъуыды зæгъын: мæнæн йæ радзырдты æвзаг тынг цæуы мæ зæрдæмæ, у йын фæлмæн æмæ зæрдæбын, уыцы хъуыддаджы йæ æз ме ‘взонг азты ахуыргæнджытæй иуыл нымайын.

2013 азы рауагъдадмæ бахастон мæ радзырдты къухфыст «Лезинкайы суадæттæ» æмæ амы сылгоймаг директорæн ныллæгъстæ кодтон, зæгъын, мæ чиныгæн мын-иу редакторæй Сергейы скæнут. Æмæ мын уый афтæ зæгъы, ацу æмæ, дам, дæхæдæг ныр та уымæн алæгъстæ кæн, науæд ын æгæр бирæ куыст ис, æз дзы æфсæрмы кæнын. Бацин мыл кодта Сергей йæ нарæг кабинеты, лæгъстæ кæнын ын æппындæр нæ бахъуыд, суанг ма мын йæхи хъæппæрисæй диссаджы разныхас дæр ныффыста.

Нæ зынаргъ Сергей! Де стыр юбилейы бон дын зæрдиагдæрæй арфæтæ чи ракæна, уыдонæй иу дæн æз дæр. Мæ зæрдæ дын зæгъы фидар æнæниздзинад æмæ ног сфæлдыстадон æнтыстдзинæдтæ Ирыстоны æмæ æгас ирон адæмы фарнæн, дæхи зæрдæрайæн. Дæ фæдзæхст дæр мæ рох нæу, фылдæр радзырдтæ фысс, зæгъгæ. Æнхъæлмæ кæс, нырма дæ цæрын бирæ хъæуы…

ДАУЫРАТЫ Дамир

ХУЫГАТЫ Сергей

БОНВÆРНОНÆЙ РАИВЫЛГÆ РУХС

* * *

Куыд бирæ уарзта хор тауын мæ фыд!
Лæууы нырмадæр афтæмæй мæ зæрдыл:
Йæ хоры дзæкъул – йе ‘фцæгыл æфтыд,
Бæгъæввадкъахæй конд хуымы лæгæрды.

Йæ иу къахайст, стæй дзæкъулæй йæ арм
Куы сисы, уæд йæ цонг ныззилы дардыл.
Хур ‘рæндæвта ‘мæ сыджыт дары хъарм, –
Хуымон лæджы æндæр цы хъæуы царды!

Æмæ æрбахъæбыс кæны дзæбæх
Йæ дзæкъул, цыма у йæ саби, афтæ.
Ыссæуы хуымæй гагаты сæх-сæх, –
Хуыздæр сæх-сæх лæджы удыл цы бафта!

Æмæ-иу уалдзæг базмæлыд куыддæр,
Мæ фыдæн иу ран нал уыди æрбадæн.
Йæ къух, дам, хорз у – комбæсты ныхъхъæр,
Æмæ-иу нын нæ дуæрттæ хостой адæм.

Цыди, лæгæрста конд хуымы мæ фыд,
Йæ багъæввад къæхты фæд зад йæ фæстæ.
Уым ауæдз-ауæдз лæгты рæгъ лæууыд,
‘Мæ кодтой сабыр уалдзыгон ныхæстæ.

ТÆРХОН

Цас ныхас цæуы уæдæ зæххыл,
Æмæ мæм ыстыр диссаг зыны:
Лæг нырма нæ базыдта зæгъын
Растæй раст, зылынæй та – зылын.

Фынгыл бадай, дард фæндагыл уай,
Искуы зиуы архайай уæнгæй,
Сауæй урс цæмæн хъуамæ зæгъай?
Уый цы дидтой æгъдау у лæгæн?!

Цауд гуырдз у, цæмæн дзы ‘ппæлыс уæд?
Царды риссаг агайыс кæмдæр.
Раст цы уа – цыфыддæр раст фæуæд! –
Гъе уæддæр дзы мацы зæгъ æндæр.

Лазæн быхс ‘мæ уазыл цин фæраз, –
Цин кæнын фæразыс уазыл кæд,
Уазбарæн ‘мæ лазбарæн тæраз
Ис кæмдæр дæ зæрдæйы бын уæд.

Нæу йæ худ йæ хорзы гакк лæгæн,
Нæу йæ цауд йæ фадбарцæй бæрæг.
Искæмæй куы раппæлай мæнгæй,
Уæд дæхицæн разындзæн дæ мæнг.

Дар сыгъдæг дæ фыдæлты дзуар,
Кæннæуæд æм нал æртæхдзæн зæд.
Дунемæ дæ удæй бакæ дуар,
Дунейæ куыд уа дæ удмæ фæд.

Гъеуæд, гъе, ныхас зæгъæн дæр ис,
Уæд дæ ныхас не суыдзæн дзырддаг –
Раздæр уал фæсудз æмæ фæрисс,
Зынг куыд уа дæ артдзæсты æртваг.

Абон æз тæрхоныбадæг дæн,
У цыбыр мæ удхайраг тæрхон:
Цауды ма хон саг лæгæй лæгдæр,
Саг læджы та цаудæй лæгдæр хон.

Ахæм тæрхон рахæссын у зын,
Фæлæ цард-цæрæнбонты дæргъы
Раст ныхасы сыгъдæг уд хъæрзы,
‘Мæ йæ азар нал цæуы зæххыл.

Кæд дæ ныхас д’ артдзæстæй хаст нæу,
‘Мæ дзы нæй дæ къонайы тæф кæд,
Уæд уæй у дæ ныхас æмæ ‘лхæд,
‘Мæ цæрын нæ ныууадздзæни дæу.

СЫРХМÆТÆГ

Баликъоты Эммæйæн

Уый зæххон бон уыди æви ‘рвон,
Æви, чи зоны, уыд ‘мæ нæ уыди?
Фæлæ-иу мыл кæм асæста бон,
Уыцы рухс бон мæ уæлхус лæууыди.

Æз хæцыдтæн дæ цонгыл рæуæг,
‘Мæ дæ къухы сыгъди сырхмæтæг.
Уый мæнæн сыгъди ‘мæ дæуæн,
Уый нæ цинæй сыгъди ‘мæ нæ мæтæй.

Мах уыдыстæм æмцыд ‘мæ æмцин,
Мах уыдыстæм æмуд ‘мæ æмзæрдæ.
Дуне афтæ райдзаст ныцци,
Цыма мидбылты худт кæмæдæр.

Уыцы бонæй нæ уыди хуыздæр,
Уыцы рухс бон уыди ‘мæ нæ уыди.
Фæлæ-иу мыл кæм æрцыд изæр,
Уыцы ран-иу мæ уæлхъус лæууыди.

О сырхмæтæджы судзгæ сырх тæмæн,
Ды сыгъдæг дзуарау дæ сыгъдæг.
Æз дæ сыгъдæгæй афтæ сыгътæн, ‘мæ
Афтæ сыгъдæй хуыздæр сыгъд нæй.

Æз фæцæуин хъазахъ дæуæн.
Зилин д’ алыварс, сгарин дæ фæдтæ,
Стæй-иу хуыссæг кæм æрсурид мæн,
Уым та батул дæ сыгъдæг дæлфæдтæм.

Уым хæрзуд фынтæ уын æмæ уын,
Æмæ зæхх кæна рухсдæрæй-рухсдæр,
Стæй дæ фарсмæ сырхмæтæджы бын
’Рбада урс-урсид къабайы урсгонд.

Æз цыбæл саби лæппу уыдтæн,
Мæн цы нæ фæндыд æмæ цы фæндыд!
Æз мæ бæллицты фæдыл цыдтæн
Æмæ кодтон дзæгъæлтæ сæ фæдыл.

Æрдузы-иу тæрхъустæ хызтон,
Бирæгъы-иу æрцахстон йæ къахæй.
Хæйрæджыты хъуынджынриу паддзахæн
Æз йæ лæппуйы авдæн уызтон.

Куырм уæйыгæн нымадтон йæ фос,
Уый-иу къодахыл бадт йæхæдæг.
Æз дæ улæфты ссардтон уæлтæмæны хос,
Уæ, мæ уды зæгæлæг сырхмæтæг!

УЫЦЫ УЫНГ

Хур куы акъул вæййы, уæд
Зæрдæ ‘хсайы уырдæм:
Афонмæ фæцæуыс кæд,
Афонмæ кæд уым дæ!

Кæд фæцæуыс, æмæ уынг
Адаргъ и – цæй дæргъæн!
Æмæ та лæууынц уырдыг
Лæгтæ уым рæгъ-рæгъы.

Ды фæцæуыс, цин – дæ цыд,
Уыцы ‘взыгъд цæрдæг цыд,
Цæст дæ къахайстыл хæцы
Æмæ йыл нæ хæцы.

Уæд дæ зæнгты фæтынг, уæд,
Уæд дæ уæнгты базмæлд.
Уынджы астæуты дæ фæд
Аззайы, дæ уазвæд.

Куыстмæ ууылты цæуыс,
Ууылты ыздæхыс.
Гъæтт, цы уынг у уый, цы уынг, –
Зæдтæ йæм фæтæхой!

Фæлæ не ‘мбарын цыдæр
А уынджы хъуыддæгтæй:
Хур фæкъул вæййы куыддæр, –
Ралæууынц дзы лæгтæ.

Чи дзæбæх фæкардзыд и,
Чи – ныpма лæппулæг.
Чи къæдз-къæдзы рацыди
Æмæ сбыцæу къулмæ.

Ныр лæууынц, ‘мæ мидæмæ
Иу йæ къах нæ исы.
Ацы лæгты митæ мæ
Тынг æфтауынц дисы.

Ахæм лæудæй кадджындæр
Лæуд нæма уыд – сах лæуд.
Ацы лæгтæй алчи дæр
Хорз уаид паддзахæн.

Æмæ стыхсын, – уым дæм кæд
Исчи исты сдзуры.
Цæй, куыд фæлæудзæн дæумæ
Ницы сдзургæ дур дæр.

Ды цæуыс. Нындзыг и уынг
Уал лæджы тыхкастæй.

Тас у – сирвæздзæни зынг,
Схæцдзæн уынг æгасæй.

Æмæ ма батыхс ныр ды,
Ма ‘ркæлæнт дæ уæнгтæ.
Афонмæ та кæд уырдыг
Слæууыдысты лæгтæ!

Зæрдæ ‘хсайы ахæм бон,
‘Нцой нæ зоны никуы!
Ныр тæхуды, балхæн уым,
Уыцы уынджы, иу къуым.

МÆХИ ТЫХХÆЙ

Æз царды цал рæдыды ‘руагътон,
Нымай сæ, ‘мæ сын нæй кæрон.
Кæм-иу, цы хъуыди, уый нæ загътон,
Фæлæ æндæр цыдæр дзырдтон.

Кæм-иу мæ ахæм дзырд ысхауди,
Æмæ йæ н’ ахæсдзæн хæрæг.
Мæныл æфтауы рагæй сау дис,
Лæгæн куыд вæййы хицау лæг.

Цы ‘рцыди дыууæ лæгæн се ‘хсæн –
Сæ иу куыд аразæй ис уæд?
Лæгæн йæ ехсы къæрцц, йæ ехсы,
Æмæ йæ сау уæйлаг нымæт!

Куы та-иу не сфæрæзтон дзурын,
Ныссур-иу адæргæй мæ ком.
Мæн хордта цурон ныхас, цурон,
Мæ сæфт цæстмæ митæй уыдтон.

Æз, исты чи касти йæхимæ,
Нæ уыдтæн уыдонæн æвварс.

Мænæн уыд искæй мæт мæхи мæт,
Мæхи мæтау мæ ‘взыдта раст.

Нæ уарзтон, хицауады цурты
Фæцæйцу, феной дæ цæмæй.
Мæн хъуыд дзæккорæй цæвын цуркау,
Кæмдæр куыд разынон бынæй.

Фынгыл æрбадын мæ нæ фæндыд,
Ыстæй та стын нæ фæндыд мæн.
Куы-иу цыдтæн цыма кæдæмдæр,
Фæлæ-иу никуыдæм цыдтæн.

Зыдтой мæ иууылдæр хæстæгмæ,
Фæлæ мæ ничи зыдта ‘ххæст.
Мæнæй хæс чи иста, фæстæмæ
Мæнæн нæ фыста уый мæ хæс.


Ныхъхъæр кæнын кæнæ тъæпп кæнын
Мæнæн нæ уыдысты æгъдау,
Æз уарзтон искæмæй æппæлын
Æмæ хæссын нæ уарзтон фау.

Æгæр фæлмæн уыдтæн, лæгъз уыдтæн, –
Ыссар ныр афтæмæй сæрфат!
Æз цардæн йе ‘гъатыр зыгъгъуыттæн
Нæ уыдтæн иу зылдæн дæр фаг.

Æз афтæ ‘нæныфсхастæй цардтæн,
Æмæ мæ разæй сæфт мæ рад.
Æз уарзтон хуымы кæрон цатыр,
Йæ разы каухалæнтæй арт.

Мæн гуырысхо æргæвста афтæ,
Цыма, цы уыдтæн, уый нæ дæн.
Мæнмæ, дыууæмæ дыууæ бафтау,
Цыппарæй кастысты фылдæр.

«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ





Галиуæрдыгæй фыццаг лæууы Сергейы фыд Зауырбег



Пединститутыы ахуыры рæстæг. Студентты къорд сæ ахуыргæнæг Калоты Георгиимæ



Сергей æрыгонæй



Битеты Арон æмæ Багаты Антонимæ



Бицъоты Грис æмæ Толпарты Сосланимæ



Переделкинойы



Ансалтайы ахуыргæнджытимæ



Ситохаты Саламджериимæ



Рауагъдад «Ир»-ы кусгæйæ



Хъаныхъуаты Умаримæ



Ælборты Хадзы-Умаримæ



Ænцойбон – уарзон хæхбæсты




Уалыты Лаврент, Цыбырты Людвиг æмæ Дзасохты Музаферимæ



Сланты Зоя æмæ Камалимæ



Камал æмæ Нафиимæ



Кусæн уаты



Хъайтыхъты Азæмæт æмæ Агънаты Гæстæнимæ



Агънаты Гæстæны 65 азы юбилейы



Агънаты Гæстæны 80 азы юбилейы



Сергей – журнал «Мах дуг»-ы дунеон премийы лауреат



Журнал «Мах дуг»-ы дунеон премийы лауреаттимæ



«Иры Стыр Ныхас»-ы уæнгты арфæтæ исгæйæ





Нафиимæ



Йæ фырт Ирланимæ



Йæ цардæмбал Наталья, сæ цот æмæ цотыцот

Нæ фæцыдтæн æз дард фæндагыл,
Нæ уыдтæн диссæгтæм цыбæл,
Æз-иу нæ хъæуы хосдзау лæгтæн
Сæ уисы агуырдтон цыдæр.

Фæлæ сæ никуы ницы разынд, –
Цыдæр уыд арф æмбæхст мæнæй.
Нæ дуне гомвæдджи нæ уарзы,
Йæ хинтæ-минтæ сты бынæй.

Æмæ куы скувы фынгыл хистæр,
Æмæ куы рацæйцæуы рæгъ,
Уæдмæ кæд федтай искуы исты,
Уæд ницы федтай ‘мæ йæ зæгъ!

ХУЫГАТЫ Сергей

ГЕТТ

Радзырд

Малиты Васойæн

Йæ ном дæр йæхи хуызæн æнахуыр уыд – Гетт. Куыд дзырдтой, афтæмæй йыл Гетмæн æвæрынмæ хъавыдысты – махмæ цы нæ сæвæрдзысты лæгыл номы бæсты! Фæлæ цæй Гетмæн уыд Геттæй! Дæлæмæдзыд æмæ фыдцъылыз. Ноджы – сидзæр, æмæ йыл номæн йе ‘рдæг йеддæмæ не сбадт – куыд сбадтаид уыцы уæззау ном Геттыл!

Йе ‘мкарæнтæ-иу ныккæндты бадтаиккой, искуы-иу акъоппыты бонасадæн кодтаиккой, уый-иу куы иу тигъæй радардта йæ пыхцыл сæр, куы – иннæ тигъæй, йæ дала фæндыры зæронд йæ къухы, афтæмæй. Фæндыræн йæ телтæ нывыл иваэзт нæ уыдысты, æмæ йæ хыбар-хыбур цыд. Исты цагъд дзы акæнай, æмæ разына, цы цæгъдай, уый, уымæн ницы амал уыд. Уæддæр-иу ралæууыди Гетт йе ‘нгуылдзтæй фæндыры тæгтыл, æмæ-иу йæ хыбар-хыбур куы ссыд фæндыræн, уæд-иу базарыд. Зарынмæ мæнæ-мæнæ дæсны нæ уыди, æвæццæгæн, йæ фæндыримæ кæрæдзи аккаг уыдысты, æмæ-иу фылдæр хатт фæндыры хыбар-хыбуры бын фæци бынтондæр йæ хъæлæс. Фæлæ уыдæттыл нæ тыхсти Гетт. Цагъта æмæ зарыди, цыма йын афтæ фæдзæхст уыди. Заргæ та, уынгты кæй фехъуыста, уыцы зарджытæ кодта, йæ зæрдыл сæ куыд бадардта, афтæмæй. Иу цалдæр уыдысты йæ зарджытæ, фæлæ дзы дыууæ арæхдæр зарыди. Сæ иу уыди афтæ:

Цъала, дам, цъала-бузала,
Ызнаджы сæрыл туг уара!

Иннæ та афтæ:

Джитъри-митъри, къабуска,
Сталин Гитлеры абырста.

Сæ иуæй дæр уыцы дыууæ рæнхъы зыдта æрмæст, æвæццæгæн, æмæ се ‘ннæмæй дæр. Æмæ уыдон зарыд. Цалдæргай хæттыты-иу сæ куы азарыд, уæд-иу фенцад йæ зарынæй, æмæ уал-иу æнæуи ахырттым-быртты кодта фæндырыл, стæй та-иу базарыд.

Дыккаг зарæг чи у, уый ноджы арæхдæр кодта, хуыздæр æм каст, æмæ-иу æм хъавгæ дæр хуыздæр бакодта – хуыздæр ын рауайа!

Афтæмæй йын æй Баринæ æппындæр нæ уагъта зарын, йæ фыдыхо, бамбардзысты, дам дын æй, зарæг, дам, æнцон æмбарæн у, æмæ, дам, туг ныууардзæн нæ мæгуыр къонайыл. Фæлæ йæм нæ хъуыста Гетт. Æмæ æниу кæмæ хъуыста Гетт?!

Цæргæ йæ фыдыхоимæ кодта. Дыууæйæ цардысты Баринæйы гыццыл хæдзары.

Баринæ йæхæдæг дæр æндæргъуызон уыди – иннæ сылгоймæгтæ куыд рамбæхс-бамбæхс кодтой немыцæй, афтæ нæ кодта. Гъеныр, сæ сыхаг Цинатæм цы афицер царди, Гуттман, ууыл амбæлд – цыфæнды тыхст æмæ рыст уыдаид, – хъуамæ йæм фездæхтаид æмæ йыл йæхи цинтæгæнæг скодтаид. Кæд искуы йæ дарæсыл хъуын фæхæцыд, уæд ын æй айстаид, стæй йын цыма исты тавицы ныхæстæ кæны, уыйау дзырдтаид фæхудфæхудгæнгæ:

– Гъæ, дæ ныййарæг дæ бур рондзмæ йæ къухтæ фæдара, кæд нæм цæмæ æрхæццæ дæ, æмæ дын нæ хонджытæ дæ дуæрттæ нæ фæхостой!

Стæй-иу йæхи бакъултæ кодтаид афицермæ æмæ ма-иу æм бадзырдтаид:

– Гуттыны у, Гуттман, Гуттыны.

– Гъо, Баринæ, гутт, Баринæ! – худæгæй-иу къæцæлтæ кодта афицер.

Афтæ-иу цинтæгæнæг скодта йæхи салдæттыл дæр, афтæ æлгъыста уыдоны дæр. Æмæ, хъæуы немыцæй цыдæриддæр уыд – иууылдæр æй зыдтой. Дардмæ дæр-иу æй чи суыдта, уый йæм хъуамæ йæ къух тылдтаид, худтаид æм.

Устытæй йæ иутæ фæдзæхсгæ кодтой – ма кæн, дæ мæгуырыл æрбад, ницы рахæсдзынæ уыцы митæй, иннæтæ йыл фæхуд-фæхуд кодтой. Фæлæ сæ ахæмтæ дæр уыд, æмæ йæм зæрдæхсайгæ кæстытæ чи кодта – дзæгъæлы сæм рахуд-бахуд кæна афицерæй-салдатæй? Мацы йын ныббæттой æмæ сын дзырдхæссæгæй ма ныллæууа…

Уынгты-иу арæх фæзынди йæхæдæг дæр Баринæ – Гетты-иу агуырдта. Ссардта-иу æй æмæ, сывæллоны куыд фæцæйкæнынц, афтæ-иу æй фæцæйкодта – йæ галиу къухыл-иу ын хæцыд, йæ рахиз къухæй-иу фæндырыл ныззезелæг и Гетт, афтæмæй. Баринæ-иу йæ риуыгъæ цыдæй тындзыдта, æмæ-иу Гетты сæпп-сæпп кæнын бахъуыд йæ фæдыл. Акодта-иу æй, уынг-иу афтидæй баззад. Уалынмæ кæс, æмæ та фæцæуы Баринæ, уынджы фæйнæрдæм фæкæсфæкæсгæнгæ – агуры та Гетты.

Иу бонræфты Гетт сæ сыхæгтæм балæууыд – Цинатæм. Сæ лæг хæсты уыди Цинатæн. Сæ ус дохтыр уыд, хæсты размæ рынчындоны

куыста. Ныр рынчындон немыцы баци, æмæ-иу Зимурхан быдыры уыди, нартхоры дзенкъортæ уыгътой сыхы устытимæ. Хæдзар та-иу кæстæр чызджы æвджид баззад. Афтæмæй сывæллон уыди нырма Сælизæт. Дыууадæс азы дæр ыл нæма цыд. Уый хорз зыдта Гетт, иу къласмæ цыдысты Сælизæтимæ. Æмæ-иу сæм хæсты размæ дæр арæх бауади. Ныр дæр-иу сæм æнæ фездæхгæ нæ фæци.

Гетт бадгæ дæр нæма ‘ркодта, афтæ мидæггаг уатæй рагæпп кодта Гуттман, йæ къухы дамбаца, афтæмæй, йæ къæхтæ ныххоста æмæ хъæр систа Сælизæтыл.

– Зачем не убирайт?!

Фыр хъæрæй йæ хурхуадындзтæ ныддымстысты, йæ цæсгом сырх-сырхид адардта, хатт-иу йæ хъуыр ахгæдта æмæ-иу йæ хъæр аскъуыд йæ астæуыл, уæддæр-иу æй сæппæрста:

– Зачем не убирайт?! Убирайт!

Сælизæт йæ сæр фæйнæрдæм æнкъуыста. Йæ цыбыр сау дзыккуйы кæрон йæ нарæг уæхсчытæм æххæссыд, æмæ сыл узæлæгау æрныдзæв-æрныдзæв кодта, афтæмæй та-иу загъта, уынджы цы немыцаг ныхас фехъуыста, уый:

– Найн.

Гуттманы цæстытæй судзгæ стъæлфæнтæ тахти. Æвæццæгæн ма дзы æндæр исты маст дæр бацыди, уый йеддæмæ йын сывæллон чызг йæ уат не ‘фснайдта, уый тыххæй уанцон мæсты нæ уыди!

Сælизæты гыццыл æфсымæр Астан йæ хойæ афицеры ‘хсæн хæбæцц слæууыд, йæ гыццыл къух уæлæмæ ныццарæзта лæджы дæллагхъуырмæ æмæ тарст цъæхахст кодта:

– Йæ хъæлæс тоны, уæлæ йæ хъæлæс тоны!

Гетт фæтæригъæд кодта Астанæн дæр æмæ Сælизæтæн дæр.

Гуттман не ‘нцад йæ хъæрæй. Иуафон схуыфыд, уæддæр не ‘руагъта йæ дамбаца, æмæ уæгъдызмæлд кодта йæ къухты дамбаца. Гетт старсти, кæд ифтыгъд у, уæд афтæмæй йæ бон у, æмæ фæирвæза дамбаца Сælизæтыл. Фæлæ уæдмæ банцади йæ хуыфынæй Гуттман. Хъæр нал кодта, æнæуи загъта мæстыйæ:

– Не убирайт, убивайт!

Стæй аздæхт æмæ мидæггаг уатмæ ахызт. Уайтагъд та йæ хъæр райхъуыст, ныр та тилифоны дзырдта. Æвæццæгæн, тилифон исты хъуаг уыди – Гуттманы ныхас куыддæриддæр хъуыст, афтæ хъуыст,

кæимæ дзырдта, уый ныхас дæр. Цыма хъæртæ кодта Гуттманыл, афтæ зынди Гетмæ. Гуттманæн йæ хъæлæс фæсасти цыма, æмæ йын æхсызгон уыди Геттæн – уæдæ цæмæн хъæр кодта Сæлизæтыл!

Раст уыцы рæстæджы фæцыди хæдтæхæджы хъæр. Сæлизæт йæ хо æмæ йе ‘фсымæры къухтыл фæхæцыд æмæ сæ ныккæндмæ аскъæфта йæ фæдыл. Уæд фескъуыд Гуттманы ныхас дæр, фескъуыд, кæимæ ныхас кодта, уый хъæр дæр. Стæй дуарæй рагæпп кодта Гуттман æмæ æддаг дуар йæ сæрыл ахаста. Гетт зыдта – уый, дæлæ сын бæлæсты бын цы акъопп къахт уыди, уырдæм лыгъди. Геттæн æхсызгон уыди, Гуттман кæй фæтарсти, уый. Рудзынджы раз цы тъæпæн бандон уыди, ууыл æрбадти, фæндыр æрцагъта æмæ базарыд:

Джитъри-митъри, къабуска,

Сталин Гитлеры абырста.

Цалдæр хатты куы азарыд уыцы зарæг, уæд сыстад æмæ мидæггаг уатмæ бакасти гом дуарæй, Гуттман кæм царди, уыцы уатмæ. Цæмæ йæм касти, уый йæхæдæг дæр нæ зыдта, фæлæ йæм бакасти уæддæр. Бакаст, æмæ уæртæ стъолы уæлæ уæгъдæппæрстæй лæууынц тилифоны хæтæл æмæ Гуттманы дамбаца. Гетт фæмидæг уаты, дамбаца фелвæста æмæ, йæ иу къухы фæндыр, йе ‘ннæ къухы дамбаца, афтæмæй уынджы балæууыд.

Хæдтæхæджы хъæр раджы басабыр, уæддæр ма Цинаты сывæллæттæ бадтысты ныккæнды. Астан нырма дæр не ‘нцади Гуттманы хъæлæсы кой кæнынæй. Куы-иу Сæлизæтмæ бакасти уыцы талынг ныккæнды, куы Дибæмæ æмæ та-иу йæ сæр ныттылдта:

– Йæ хъæлæс куыд тыдта, куыд тыдта йæ хъæлæс!

Иуафон ныккæнды дуарыл алæууыд Гуттман. Йæ цæстытæ уыдысты сырх, цыма йын сæ туг рацыди, уый хуызæн. Сæлизæтæн йæ зæрдæ йæхи къултыл ныххоста – кæд уый агуры?! Фæлæ Гуттман фæстæмæ ныззылд æмæ ма кæртæй æрыхъуыст йæ къæхты хъæр.

Сихорафон ссыди мад быдырæй. Сывæллæтты тымбылæй куы сæйфæфта, уæд бацин кодта. Уæддæр ма сæ бафæдзæхста: хæдтæхæджы хъæр фæцыд, кæйфæнды хæдтæхæг уæд – ардæм куыд дугъ кæной, ныккæндмæ, афтæ. Стæй ма сæ Геттæй дæр афарста, цыма сæ афтæ афарста, æнæуи:

– Абон Гетт ацырдыгæй уыди, мыййаг?

– Уыди, – загъта Сæлизæт.

– Æмæ цы ми кодта?

– Ницы. Зарыди.

Мад йæ сæр анкъус-анкъус кæнынæй нал æнцад. Сывæллæттæ йæм кастысты, æмæ сæ тас бацыди, мад йæ сæр афтæ кæй анкъус-анкъус кодта, уымæй. Æмæ загъта æрæджиау мад:

– Гуттманы дамбаца фесæфти – уынгты æндæр кой нал и. Стæй, дам, далæ колхозы уынджы немыцаг салдат кæйдæр хъуг фæцæйкодта йæ сыкъатæй, æвæццæгæн æй æргæвдынмæ кодта, æмæ, дам æй чидæр багæрах кодта.

– Амардта? – афарста Сæлизæт.

– Амарди, нæ амарди, уый ничи зоны, рынчындонмæ йæ аскъæфтой.

– Чи йæ багæрах кодта, уый ничи федта?

– Чи зоны йæ федта исчи, фæлæ йæ дзургæ ничи кодта.

– Æмæ, дам æй цæмæй багæрах кодта?

– Цæмæй, уый дæр ничи зыдта.

Мад ацыди. Хъæуыбын йæ хо рынчын уыд, æмæ уый бæрæг кæнынмæ ацыд.

Сывæллæттæ бадтысты. Хæдтæхджытæ тахтысты. Иу хæдтæхæг-иу æрбатахт æмæ-иу фæстæмæ атахт, стæй та-иу иннæ æрбатахт. Уыдон сын хъуыстой сæ хъæрмæ. Сæлизæтæн Гуттманы сырх цæстытæ йæ зæрдыл æрбалæууыдысты. Уæдæ уымæн сырх уыдысты йæ цæстытæ, уымæн! Йæ дамбаца цы фæуыдаид? Гетт ын æй ма адава?.. Æмæ уæд немыцаг салдаты дæр уый багæрах кодта, æвæццæгæн. Ифтыгъд уыд, æвæццæгæн, Гуттманы дамбаца, æмæ йæ дзы багæрах кодта.

– Хæдтæхджытæ атахтысты, – загъта иуафон Астан.

– Уыдон атахтысты æмæ иннæтæ ‘рбатæхдзысты.

– Цæмæ?

– Цæмæ, цæ, бомбæтæ æрæппарой, æндæр цæмæ!

– Æмæ сæм кæд бомбæтæ уыд, уæд сæ цæуылнæ æрæппæрстой? – нал фæлæууыди Сæлизæты ныхасмæ Дибæ дæр.

– Ныр, немыц кæмыты сты, уый бæрæг кодтой, æмæ сæм бомбæтæ нæ уыд.

Сæлизæтмæ ничиуал ницы сдзырдта хо ‘мæ æфсымæрæй æмæ та æртæйæ дæр се ‘нкъард цæстытæ ныккæнды гом дуармæ сарæзтой.

– Уæдæ иннæтæ куы схызтысты, уынгæй сæ хъæлæба куы цæуы, – нал та фæлæууыд иуафон Дибæ. – Айхъус-ма.

Æцæг, уынгæй цыдæр тыхст хæрхæцъа хъуыст æмæ тынгæй-тынгдæр кодта. Сæлизæтæн йæхи зæрдæ дæр ахсайдта уынгмæ – цыдæр æрцыди уынджы!

Гыццыл ма арахъуыды-бахъуыды кодта, стæй йæ хо æмæ йе ‘фсымæры къухтыл фæхæцыд æмæ ныккæнды æмхæрд асинтыл суадысты.

Уынгæн адæм лæууыдысты йæ кæрæтты, йæ астæу та афтид уыди. Æмæ уыцы афтид уынджы дæлæмæ кастысты, сæ цæстытæ нæ ныкъуылдтой, афтæмæй. Сæлизæт Дибæ æмæ Астаны æддæмæ нæ ауагъта, æмæ сæ гом дуарæй кастысты уынгмæ.

Уалынмæ дæле, скъолайы ‘рдыгæй, сцæйкодтой Гетты. Гуттман йæхæдæг цыди разæй, йæ дамбаца – йæ къухы. Йæ фæстæ – Гетт. Гетты фæстæ та, сæ джебогъджын топпытæ йын йæ фæсонтæм ныццарæзтой, афтæмæй сæ къæхтæ æмист кодтой дыууæ салдаты. Геттæн йæ фæндыр йæхимæ нæ уыд, æмæ бынтондæр æндæргъуызон зынд. Цæугæ дæр цыма æндæргъуызон кодта, скъолайы сæ физкультурæйы урочы куыд цæуын кодтой, афтæ – йæ риуыл уæлæмæ схæцыд, йæ къухтæ куыд тылдта, афтæ иста йæ къæхтæ дæр. Йæ цæстытæ Гуттманы фæрсты дард кæдæмдæр сарæзта, æмæ афтæ зынд, цыма йын æхсызгон у, кæй йæ фæкæнынц, уый, цыма йæхи рагæй цæттæ кодта, мæнæ йæ афтæ кæд ракæндзысты, уымæ.

Сæ рæзты-иу кæмæн ссыдысты лæуджытæй, уыдон-иу йæ астæумæ ракалдысты уынгæн æмæ уыцы уæззау гуылфæй змæлыдысты уынджы уæлæмæ, Гетты куыд кодтой, афтæ. Куыдуæлæмæ уынг йедзагæй-йедзагдæр кодта. Цыдысты, æмæ сæ сæрты дæр, сæ сæрмæ дæр зылди уыцы иунæг судзгæ-дудгæ фарст: амардзысты Гетты æви йæ ауадздзысты?

Уынджы кæрон æрлæууыд афицер, æрлæууыдысты Гетт æмæ салдæттæ дæр, æрлæууыдысты адæм дæр. Гуттман фæстæмæ разылд, йæ дамбаца Гетты цæсгоммæ æввахс бахаста æмæ йæ тынг ныттылдта, æрдæбон æй Сæлизæты цæсгомы раз куыд тылдта, уымæй ноджы тынгдæр. Стæй иуварс алæууыд æмæ йæ дамбаца хæрдмæ сдардта. Салдæттæ сæ топпыты дзыхтæ Гетты риумæ ныццарæзтой. Адæмæй чи йæ цæстытæ бацъынд кодта, чи йæ хъустыл ныххæцыд. Раст уыцы рæстæджы нæргæ ‘мæ уыраугæ ратахти иу хъæр адæмы сæрты:

– Гуттман!

Адæймаджы хъæры хуызæн нæ уыд, уыцы ниугæ-уыраугæ атахт адæмы сæрты уым уæлæмæ, æрмæст ма йæ азæлд, дыууæ згæ æфсæйнаджы кæрæдзийыл куыд æркъуырай, æмæ уыдон куыд къуырма зæлланг фæкæной, афтæ фæзæлланг-фæзæлланг кодта.

Адæм исдуг уæлæмæ кæсыныл фесты, хæдтæхæг куы ‘рбацæйтæхы, уæд уымæ куыд фæвæййынц кæсыныл, афтæ. Стæй уынджы дæлæмæ здæхын байдыдтой се ‘нкъард, сæ тъæпæн цæсгæмттæ, æмæ æндзыгæй задысты сæ цæсгæмттæ: дæле, скъолайы ‘рдыгæй, сцæйдугъ кодта Баринæ, цыма йæхæдæг нæ дугъ кодта, фæлæ цыма дымгæйы уылæны бахауд æмæ йæ уый хаста йæ разæй.

Адæм уынджы астæуæй уынджы кæрæттæм агуылф кодтой – фæндаг радтой Баринæйæн. Ма фæтыхса. Æмæ фæцæйтахти се ‘хсæнты. Иу ран йæ къах цæуылдæр скъуырдта, зæххыл сæмбæлд, фесхъиудта зæххæй æмæ та фæцыди йæ хъæр:

– Гуттман!

Уыцы рæстæджы Гетт дæр суыдта Баринæйы. Иуцъус æм кæсгæйæ аззад, стæй арф ныуулæфыд æмæ фæстæмæ дыууæ салдаты ‘хсæнты уартæ хæхтæм сарæзта йæ цæстытæ. Уæд бахæццæ Баринæ, йæ сæрбæттæн, куыд баст уыди йæ сæрыл, афтæмæй фелвæста æмæ йæ Гуттманы раз æрæппæрста; сæрбæттæн зæххыл дæр, сæрыл куыд конд уыд, афтæ къуыппæй баззади. Баринæ Гуттманы раз йæ зонгуытыл æрхауд.

Гуттман раст лæууыд æмæ сæрбæттæнмæ каст. Салдæттæн сæ цæстæнгас фæлæмæгъ, уæддæр сæ топпытæ комкоммæ дардтой Гетты риумæ. Уæд фæтасыд Гуттман, салдæттæм йæ къух фæдардта, уыдон сæ топпытæ се уæхсчытыл ацауыгътой æмæ, сæ къæхтæ æмистæнгæ, фæцæуыныл сты. Йæхæдæг, дамбаца йын цы къухы уыд, уымæй сæрбæттæнмæ нывнæлдта, иннæ къухæй Баринæйы цонгыл схæцыд.

– Гутт, Баринæ, Гутт!

Баринæ йæ зонгуытыл лæууыд, йæ дыууæ уадулы хъæбæртыл дыууæ тымбыл цæссыджы бандзыг æмæ æрхæндæг æфтыдтой зæрдæйыл. Йæ былтæ тагъд-тагъд змæлыдысты, цыдæртæ дзырдта. Æвæццæгæн, ацы хатт ælгъитгæ нæ кодта Гуттманы. Арфæтæ йын кодта, æвæццæгæн, ацы хатт.

ДЗУАРЫ ÆХЦАТÆ

Радзырд

Базынæны дæлвæндаг цы стыр дур уыди, уый дæллагхъуыр бадтæн æмæ, дзыцца уæзæгыл куыд хыл кодта, уымæ хъуыстон.

– Фыдзæнæг мын мæ уд бахордта, мæ зæрдæ ницæуылуал лæууы. Кæд сæ ахæм ælгъыстытæ нæ ракæнын æмæ мæхиуыл не ’рхудын, уæд мæ арв ныццæвæд искуы иу дзæгъæл ран. Уæдæ, Угайæ хистæр чи у, уыдонæй алчи йæ хæдзары бады, уымæн йæ мадуд хауди, цалынмæ цæхæры цæсты нæ амидæг и, уæдмæ.

Уга æцæг йæхи фæндæй ацыд хæстмæ, не ’ппæты хистæр æфсымæр. Мæ фыды кæнгæ акодтой. Фæсидтысты йæм æмæ йæ акодтой. Фæлæ Уга йæхи фæндæй ацыд, нæма йæм сидтысты. Хæст куы райдыдта, уымæй йыл гыццыл раздæр сæххæст и æвддæс азы.

Йæ хъæстытæ кæмæн кодта дзыцца, уый ныхас нæ хъуыст. Уый, æвæццæгæн, афтæ хъæрæй нæ дзырдта. Фæлæ бæрæг уыд – йæ хъæстытæ кæмæндæр кодта. Уæдæ йæхицæн кодтаид йæ хъæстытæ?!

– Нырма зæххæй къуыпп нæ дары æмæ уый дæр йæхи фæндтæ тæры, стæй бæстæ ма фесæфа! Йе скъола мын уадзы, зымæг-зымæджы дæргъы гом æмæ стыгъдæй фæцыди, ныр æй хъуамæ ныууадза!

Уый мæ кой кодта дзыцца, æмæ мæ бынаты фæгæмæл дæн – дзæбæх æм байхъусон, кæддæра ма цы зæгъид. Фæлæ мæм ницыуал æрбайхъуыст. Кæимæ дзырдта, уый та йын айста, æвæццæгæн, йæ ныхас. Дзыццайы хыл мæм куы нал хъуысти, уæд та мын ме ’хцаты цин сræхуыста мæ зæрдæ. Мæ армыл ахæцыдтæн. Дзæбæх мæм зындысты æхцатæ – æвзист сæ чи уыди, уый дæр æвзæрстон æмæ сæ æрхуы чи уыд, уый дæр. Цал уыдысты, уый дæр зыдтон æмæ, цас уыдысты, уый дæр. Уæддæр сæм ме ’ннæ къухы амонæн æнгуылдз ныддардтон мæ арммæ æмæ та сæ нымайын райдыдтон. Мæ армы дзыхъхъы схъарм сты – мæ къухы зæрдæ йæ æмбæрста. Æмæ куыннæ суыдаиккой хъарм дæр! Уæртæ сæ кæд ссардтон – сихорафон, æмæ сыл уæдæй нырмæ мæ арм тыхтæй дарын. Дзыпп мын нæ уыд, стæй мын куы уыдаид дзыпп, уæддæр сыл нæ бауæндыдаин дзыппы – уæд та мын ахаудтой! Æмæ сæ мæ къухы дардтон. Куыддæр сæ нымад фæдæн æмæ мæхицæн «дыууадæс» загътон, афтæ мæ хъусты агæпп кодта дзыццайы хъæр:

– Æз æй фæрæуæдгæс кæндзынæн, бауадз мæ! Мæ къухтæм уал æрæфта… Фæлæ кæм уа нырмæ? Уыйæппæт рæуæдтæ! Мацы знаггад сыл æрцæуа!

Рæуæдтæ дзæбæхæй бæргæ æрыскъæрдтон. Артъен сæ нымайгæ дæр бакодта, сæ бынаты сæ куы бакодтам, уæд. Фæлæ мæ куы нал ауадза дзыцца! Рæуæдгæс ныллæуу, æмæ дын куыстбонтæ фыссой, æцæг колхозонтæн куыд фыссынц, афтæ. Уынджы дæр слæуу стыртимæ, колхозы агъуыстмæ дæр бацу семæ. Уæд гыццыл нал уыдаин, уæд стыр уыдаин, æмæ стырæй хуыздæр цы и! Цæмæй стыр уай, уый тыххæй хъуамæ рæуæдгæсæй акуса лæг. Уæртæ Бутæ куыд акуыста, афтæ. Фарон сæрды рæуæдтæ фæхызта, стæй зымæджы фаджыс ласта лæгтæ 'мæ устытимæ. Ныр та, дам, хуым кæндзынæн, гутон, дам, дардзынæн. Ибон мын йæхæдæг дзырдта. Бикъо та, дам мын сæрбосыл хæцæг уыдзæн. Уымæн, дам, йæ бон гутон дарын нал у. Æнæуи Бутæ хистæр у мæнæй. Уый фарон æвдæмтæм цыди, æз та нырма фæндзæмты ахуыр кæнын ацы аз. Фæлæ рæуæдтæ хизынæн æвдæмтæ цæмæн хъæуы!

– Цом-ма, æз Артъены афæрсон – кæм и нырмæ мæ сывæллон? Стæй йын иу-дыууæ дзæбæх ныхасы дæр зæгъон. Уæдæ мæ афарстаид, уый ран ын нæ уыдтæн?! Уынгæ йæ куы кодта – ай сывæллон у нырма, уæд ын æнæхъæн рæгъау кæдæм скодта йæ фыццаг!

Æз фæтарстæн: дзыцца Артъенмæ куы балæбура, скъæты хицаумæ. Уый дæр нæ фæндыд, йæ цæф къах йæ лæдзæгыл ацауындзæгау кодта æмæ бирæ фæлæууыд æнæдзургæ, стæй мæ бафарста:

– Æмæ Сохион цы зæгъы?

– Ницы, – уæлæмæ йæм скастæн æз.

– Уадзы дæ?

– Уадзы.

Асайдтон æй. Дзыцца зонгæ дæр нæ кодта, кæдæм ацыдтæн, уый. Ныр æм куы балæбура, уæд мын, кæй йæ асайдтон, уый схъæр уыдзæн, æмæ уæд мæ цæсты кæронæй дæр нал фендзынæн уыцы рæуæдтæ. Мæхиуыл схæцыдтæн. Мæ зæрдæ цæуыл дардтон, уый – ме 'хцатæ. Акæс-ма, гъа, къухыл уæз кæнынц. Æвзист æмæ æрхуы æхцатæ. Фараст мын дзы æвзист сты, æртæ – æрхуы. Æнæхъæн сом æмæ æвдай æртæ капеччы! Æмæ рæуæдгæс куынæ ацыдаин, уæд мын кæм уыдаиккой?! Дзыццамæ сæ ратдзынæн, æмæ сæ йæ

чырыны нывæрдзæн. Стæй сæ исты балхæндзыстæм. Фæтæген сæ балхæндзыстæм. Иу авджыдзаг сæ рацæудзæн, иу стыр авджыдзаг. Нæ цырагъ дзы байдзаг кæндзыстæм. Иннæ нывæрдзыстæм æмæ-иу ссудздзыстæм нæ цырагъ. Æмæ-иу нæ рудзынгæй æддæмæ кæлдзæн нæ рухс.

Хъæугæрон амбæлдтæн дзыццайыл. Куы мæ ауыдта, уæд сонт лæуд фæкодта.

– Рацу мæм, рацу!

– Æз æхцатæ ссардтон, – хъæрæй йæм дзурын æнæмæтæй. – Цас ссардтон, уый зоныс! Бирæ. Цом-ма нæхимæ, æмæ дын сæ равдисон.

Дзыцца ницыуал сдзырдта. Æвæццæгæн, æхцаты коймæ фæсабыр. Уæддæр æм æввахс цæуын нæ бауæндыдтæн.

Рухс нæм нæ уыди, фæлæ пецы гом дуарæй артдзæстмæ рухс калд æмæ уыцы рухсмæ мæ хистæр хотæ æмæ мæ кæстæр æфсымæр нæ ныллæг фынджы алыварс бадтысты, цыма сын ныртæккæ исчи сæ разы æртæ чъирийы æрæвæрдзæн, уый хуызæн. Æз фынгыл æркалдтон ме ’хцатæ æмæ раст слæууыдтæн. Мæ хотæ æмæ ме ’фсымæр æхцатæм сæ цæстытæ ныццавтой. Дзурын сæ ничи ницы сфæрæзта – æвæццæгæн, фыр дисæй. Дзыцца исдугмæ раст лæууыд, афтæмæй фæкаст æхцатæм, стæй сæм æргуыбыр кодта.

– Кæм сæ ссардтай?

– Уартæ Фæлдыст суадоны был.

– Сайгæ нæ кæныс?

– Ницы кæнын сайгæ. Куыд хъуамæ кæнон сайгæ!

– Кæм хызтай рæуæдтæ?!

– Уæртæ Арсыхуымы.

– Рагъыдзуары бынмæ сæ не суагътай, мыййаг? – Рагъыдзуары коймæ мæ уæнгтæ барызтысты.

– Куыд сæ хъуамæ суагътаин Рагъыдзуары бынмæ!

– Адон хорз æхцатæ не сты, – йе ’нгуылтзæй нывнæлдта æхцатæм, фæйнæрдæм сыл ахæстытæ кодта æмæ та загъта ногæй: – Хорз æхцатæ не сты адон.

Æз иу каст æхцатæм кодтон, иу – дзыццамæ.

– Адон дзуары æхцатæ сты. Дæлæ нæ уыныс – хуынкъ æхцатæ дæр дзы и, цæрдхуынкъ æхцатæ.

Уыцы ныхæстæм мæ сæрыхъуын арц сбадт. Мæ зæнгтæ куы фæта-

сой, уымæй фæтарстæн æмæ, мæ уæрджытыл æрлæууыдтæн, афтæмæй кастæн æхцатæм. Дыууæ дзы хуынчъытæ уыд æцæг. Дыууæ дæр – фынддæсгай капеччытæ. Сæ кæрæттыл цы тæлыгонд и, уый тæккæ рæбынты, тæбыны хал кæм аласай, ахæм тымбыл хуынчъытæ. Мæхæдæг дæр сæ цæмæйдæр тарстæн. Фæлтау куы аппæрстаин уыцы дыууæ æхцайы. Фæлæ сæ куыд аппæрстаин! Исчи ма æхца æппары! Ныр, хуынчъытæ уыдысты, уый тыххæй æхцатæ нал уыдысты?!

Дзыцца раст алæууыд.

– Аба-ба-бау! Мæ хæдзары сæ нæ ныууадздзынæн. Фæхъыза нæм Рагъыдзуар! Уый хъуаг ма стæм.

Æз скуыдтон – ме ’хцатæ! Абондæргъы уыдоны цинæй цы фæуыдаин, уый нæ зыдтон. Мæ армы дзыхъхъы сæ фæхастон. Сæхимидæг ма хид дæр систы уыцы хъармы. Æмæ, дам сæ нæ ныууадздзынæн мæ хæдзары:

– Тъизгæ – нæ! – схъæр мыл кодта дзыцца. – Кæцы къухы сæ æрхастай, уыцы къухмæ сæ сис æмæ цæугæ мæ фæдыл.

Æз ноджы хъæрдæрæй скуыдтон.

– Бонмæ куы фæкæуай, уæддæр ацы æхцатæн ам ныууадзæн нæй. Цæмæн мæ хъæуы, æмæ мæм дзуар фæхъыза? Æмæ мын далæ бæлццæттæ куы и: сæ риутæ знаджы нæмыгмæ куы дарынц!

– Рагъыдзуарæй сæ нæ рахастон. Фæлдыст суадоны был сæ ссардтон! – загътон та кæугæ-кæуын, – æз дзуармæ уæндгæ дæр куынæ кæнын.

– Ды сæ нæ рахастай – æндæр чидæр сæ рахаста. Стæй куы фæтарсти дзуарæй, уæд сæ уым аппæрста, Фæлдыст суадоны был, цæмæй сæ уым ссара исчи, æмæ йæхæдæг фервæза дзуары фыдæхæй. Уымæн сæ аппæрста, гъе. Мауал мæ дзурын кæн, фæлæ сæ сис æмæ цом.

– Омæ ацы талынджы куыд фæцæудзыстæм ардыгæй уартæ Фæлдыст суадонмæ?! Райсом сæ ахæсдзынæн мæхæдæг рухсæй.

– Нæ сæ уадзын мæ хæдзары, нæ. Уыдон æнæхъæн æхсæв ам куы фæуой, уæд, сæ фыдбылыз ам зайы, уый зоныс!?

Кæугæ-кæуын иугай истон æхцатæ мæ арммæ. Уæддæр мæ нæма уырныдта, ахæсдзыстæм сæ, æмæ мах нал уыдзысты, уый. Фæлæ сæ кæд дзуарæй рахаста æцæг исчи, кæд сæ барæй аппæрста уым, уыцы хъуыды ме уæнгты ахызт, æмæ мæ ныхыл хиды æртæхтæ абадт. Уæдæ кæцæй хъуамæ æрцыдаид уыйбæрц æхца Фæлдыст суадоны былмæ!

Мæ хотæ æмæ ме ’фсымæр, цыма улæфгæ дæр нал кодтой, уыйау ныссабыр сты, афтæмæй нæ фæстæ кастысты.

Мæ рахиз къухæй æхцатыл хæцыдтæн, мæ галиу къух мын дзыцца иваэзта размæ, афтæмæй цыдтæн йæ фæдыл. Талынджы-иу мæ къах куы дурыл скъуырдтон, куы – сыджыты къуыбарыл, фæлæ мын дзыцца фидар хæцыди мæ къухыл æмæ мын кæлынæй тас нæ уыди.

Æппынæрæджиау бахæццæ стæм.

– Кæцы ран уыдысты? – суадоны был куы ’рлæууыдыстæм, уæд мæ бафарста дзыцца.

– Мæнæ ам, – ацамыдтон мæ къæхты бынмæ æмæ схæкъуырцц кодтон, мæ кæуын мæ хъæлæсы бадт æмæ мæ дзурæн нæ уыди.

– Æрæвæр сæ.

Æз сæ æрæвæрдтон æмæ та скуыдтон.

– Рагъыдзуар, мад-фыды гæдзæ нын бакæ, мæ уд дæ къахы бынты фæхъхъау фæуа! – скуывта дзыцца, æмæ фæстæмæ рараст стæм.

Райсом куыддæр сыстадтæн, афтæ дзыцца хæдзары фæмидæг, мæ къухыл мын фæхæцыд æмæ мæ æнæдзургæйæ аскъæфта йæ фæдыл. Мæ фыдыфсымæрты хæдзары мæ бамидæг кодта.

Тыбо мæ фыдæй бирæ кæстæр уыд – стыр æмæ тыхджын, фæлæ йæ иу цæст сахъат уыд, æмæ йæ хæстмæ уый тыххæй нæ кодтой.

Уый бæсты йæ партизантæм айстой, хæстмæ чи нæ куымдта, хæстæй чи ралыгъд, уыдоны фæдыл чи зылд, уыцы партизантæм. Уæддæр-иу æнкъард уыд, мæстыгъуыз. Ныр сæ рудзынджы раз лæууыд æнахуыр схъæлæй æмæ рудзынгæй æддæмæ каст. Махмæ дæр уадидæгæн нæ раздæхт. Афтæ лæугæйæ радаргъ кодта йе стыр къух фæстæмæ. Мæ хъус мын дзы рацахста æмæ мын æй ахъаззаг сивæзта, уый фæстæ мæм разылд.

– Ды дæхи цæмæн нæмын кæныс?! – хъæрæй нæ дзырдта, фæлæ мæ иннæрдæм хызти йæ ныхас. – Ахæм митæ дын бакæндзынæн, æмæ дæ колхозы рæуæдтæ нæ, фæлæ уæхи рæуæдтæ дæр ферох уыдзысты. Рæуæдгæс – нæ уæдæ!

Æз бамбæрстон: хуысгæ ма куы кодтон, уæд сæм ауади дзыцца æмæ йын рахабæрттæ кодта.

– Уæдæ ма тæккæ райсом де скъолайы ма балæууис!..

Уыцы ныхæсты фæстæ дзыццамæ иу каст ракодта, стæй та фæстæмæ азылд рудзынгмæ, афтæмæй загъта:

– Дæ файнустæн зæгъ, æмæ йын йæ пысултæм æркæса. Кæд йæ къæхтыл ницы и, уæд ын дыууæ дзабыры арæтауæд истæмæй. Уæлхæдзары ма æрчъиаг и. Æз гъеныр цæуын æмæ æртæ боны ам нæ уыдзынæн.

Уынгмæ куы рахызтыстæм, уæд мæм Бекызæ йæхи æрбайста. Ме ’мбал уыди Бекызæ. Скъоламæ дæр иумæ цыдыстæм. Мæнæй гыццыл бæрзонддæр æмæ гыццыл тæнтъихæгдæр. Дзыцца куы аразæй, уæд мын мæ дысмæ бавнæлдта.

– Иу цыдæр дын зæгъон?

– Гъо, – Тыбойы ныхæстæй мæ ме уæнгтыл схæцæн нæма уыд. Дзурын дæр дзæбæх нæ фæрæзтон. Бекызæ мын мæ ныхас нæ фехъуыста, æвæццæгæн. Нæуæгæй та мæ бафарста:

– Зæгъон дын иу цыдæр?

– Гъо, – бадзырдтон та йæм æз дæр.

Уый мæм æрбакаст, æвæццæгæн æм диссаг зынд – цыбæл куыд нæ кæнын, куыд нæ йæ фæрсын уыцы цæмæйдæр? Исдуг мын æй цыма зæгъынмæ дæр нал хъавыд. Стæй мæм тынг æввахс æрбацыди. Йе ’рфгуытæ бæрзонд сивæзта йæ ныхыл æмæ мæм мынæг хъæлæсæй æрбадзырдта:

– Æз æхцатæ ссардтон.

– Кæм?! – мæ хъæр фæцыди мæнæн – уыцы æхцатæ ма ссара, дзуары æхцатæ, уый дæр. Уæдæ æндæр цæй æхца и ам? Цы хъуамæ ссара?

– Кæм мæ фæндыд, уым! – бустæ мыл кодта Бекызæ, æгæр хъæрæй йæ кæй афарстон, уый тыххæй. Уæдæ мын æй уый сусæгæй дзырдта, æз мæ хъæлæсы дзаг ныхъхъæр кодтон.

Уыцы рæстæджы Тыбо сæхицæй рацыд. Йæ дæларм – уæйлаг нымæт, йе уæхскыл – æрттивагхъæдджын топп. Æз æм кæсынтыл фæдæн. Топп æм никуы уыд, нымæт дæр ыл никуы федтон, уæд сæ кæцæй æрхаста ныр?! Сæ фисыны сæ дзыгъуыр бæх ифтыгъдæй лæууыд. Тыбо нымæт саргъы фæстæ абаста, бæхыл абадт, æрзылдта йæ æмæ куыройы донмæ фæуырдыг кодта.

Сæ хæдзар тæккæ былыл уыди Тыботæн. Дæле-иу куы дымдта, быдыры ’рдыгæй, уæд-иу сын сæ дуар мидæмæ тыдта.

Былмæ бацыдыстæм æмæ, Тыбо быдыры цапуадæй куыд фæцæйуади, уымæ кастыстæм. Куы адард и, уæд та мын мæ дысмæ бавнæлдта Бекызæ.

– Равдисон дын ме ’хцатæ? Фæнды дæ?

– Фæнды.

– Уæдæ кæс, – йе ’нгуылдзтыл ахæцыд, æмæ уæртæ й’ армы-

тъæпæны – ме ’хцатæ. Знон куыд схид сты мæ армы дзыхъхъы, афтæ та схид сты ныр дæр.

– Кæм сæ ссардтай, уый дын зæгъон? – дзурын Бекызæмæ.

– Кæм? – йæ цæсты уæлтъыфæлттæ стыбар-тыбур кодтой.

– Фæлдыст суадоны был.

Бекызæ йæ цæуынæй фæлæууыд, йæ алыварс аракæс-бакæс кодта.

– Цæмæй йæ зоныс?

– Зонын æй æмæ уымæй.

– Нæннæ!

– Æз сæ дæуæй раздæр ссардтон, фæлæ дзуары æхцатæ сты, æмæ сæ фæстæмæ ахастам дзыццаимæ.

– Кæд сæ ссардтай?

– Знон.

– Æз та сæ абон ссардтон. Нæ сæгътæ хизынмæ аскъæрдтон æмæ. Æмæ сæ хæсгæ та кæд акодтат фæстæмæ?

– Дысон талынджы.

– Цæмæ сæ ахастат?! – стыхст Бекызæ.

– Уæдæ нæм куы фæхъызыдаид дзуар? Дзуар куыд хъызы, уый зоныс? Дзуар куы фæхъыза, уæд куырм кæны, кæмæ фæхъыза, уый.

– Кæцы дзуар? – йæ цæстытæ ирдæй баззадысты Бекызæйæн.

– Рагъыдзуар, æндæр кæцы дзуар.

Тынг мæ фæндыди, Бекызæ дæр фæстæмæ куы ахастаид æхцатæ, уый. Дзуар æм фæхъыздзæн, уымæй йын уыйас нæ тарстæн, фæлæ йæм хæлæг кодтон. Уæдæ æхцатæ мæн уыдысты, фыццаг сæ æз ссардтон, ныр сын уый схицау и!

– Уæхимæ сæ бахастай, уæ хæдзармæ?

Уый йæ сæр батылдта. Дзурын не сфæрæзта, æвæццæгæн.

– Ма сæ бахæсс, куыддæр сæ бахæссай, афтæ уæм фæхъыздзæн дзуар.

– Æмæ дын чи загъта, дзуары æхцатæ сты, уый?

– Чи, чи, дзыцца.

– Æмæ йæ цæмæй базыдта?

– Цæмæй, цæ, деддæ дзы дыууæ хуынчъытæ нæу, æмæ гъæуымæй, гъе! Æнæуи æхца хуынкъ нæ вæййы, хуынкъ дзуары æхцатæ вæййынц.

Бекызæ йæ арм айтынг кодта æмæ æхцатæм æнкъардæй каст.

– Гъомæ Фæлдыст суадоны был цы ми кодтой, кæд Рагъыдзуары æхцатæ сты, уæд?!

– Цы, цы, чидæр сæ рахаста, стæй, куы фæтарсти, уæд сæ уым аппæрста, ома суадонмæ адæм цæудзысты æмæ сæ исчи сиса, æмæ мæнмæ ма фæхъыза дзуар, фæлæ – уымæ.

– Алæ, ницы сæ ахæсдзынæн фæстæмæ, – æхцатыл йæ арм атыхта Бекызæ. – Уæртæ сæ чи рахаста, уымæ фæхъызæд дзуар, кæд хъызы, уæд. Мæнмæ йæ ницы хъуыддаг и, æз сæ аргæ скодтон.

– Мæн тыххæй сæ æппындæр ма ахæсс. Фæлæ дзуар афтæ нæ кæсы, нæ, – чи сæ рахæссы, уымæ нæ хъызы, нæ, кæмæ вæййынц, уымæ хъызы.

– Чи дын загъта, уымæ хъызы, уый?

– Ничи мын загъта, фæлæ йæ мæхæдæг зонын.

– Цæмæй йæ зоныс?

– Зонын æй æмæ – уымæй.

Бекызæ та йæ арм айтынг кодта æмæ та æхцатæм кæсын байдыдта.

– Дæуæн цал уыдысты, знон сæ куы ссардтай, уæд?

– Дыууадæс.

– Мæнæн дæр – дыууадæс. Фараст мын дзы æвзист сты, æртæ та – æрхуы. Æмæ сæ гъеныр исты куы балхæнон, уæддæр ма мæнмæ фæхъыздзæни дзуар?

– Дæумæ фæхъыздзæн, уæдæ йедмæ фæхъыздзæн!

– Гъомæ ма мæнмæ цæмæн хъыздзæн, æхца мæнмæ куынæуал уыдзысты, уæд! – скæуынмæ бирæ нал хъуыди Бекызæйы.

– Æхцатæ дæумæ нал уыдзысты, фæлæ сæ, цы балхæнай, уый дæр нал уыдзæни дæумæ?! Сайынмæ мын хъавы дзуары!

Бекызæ дзуццæджы æрбадт, йæ армæй зæхмæ æрæппæрста æхцатæ æмæ сæм зæхмæ æдзынæг каст.

– Уæд та куыд бакæнæм, уый зоныс? Хуынкъ æхцатæ ахæссæм æмæ сæ суадоны был ныууадзæм, иннæтæй далæ комператы истытæ балхæнæм нæхицæн. Афтæ дæр дæ нæ фæнды? – бынæй мæм уæлæмæ скасти Бекызæ, йæ цæстыты цыдæр ныфс абад-абад кæны, æвæццæгæн æм афтæ зыны – сразы уыдзынæн йемæ.

– Нæ цæуын комператмæ! – фесхъиудтон æз. – Стæй куыд бакуырм уон æмæ мæ къухæй куыд ракæ-бакæ кæной, нæ?! Æндæр дæ ницы хъæуы! – уым фæуагътон Бекызæйы æмæ нæхимæ цæуыныл фæдæн. Куыддæр бахæццæ дæн, афтæ мæ кæстæр хо Дона пецы сæрæй фæныкдоны цугун райста æмæ йæ фæсдуар æрæвæрдта.

– Дæ пысултæ ралас æмæ дын сæ баудайон, дзыцца загъта.

– Æмæ стæй гомæй бадон?!

– Бадгæ цæмæн кæныс? Хуысгæ скæн.

– О, хуысгæ! Цыма ардыгæй изæрмæ хуыссын æнцон у!

– Уæдæ уыцы чъизи пысулты ацæудзынæ райсом скъоламæ?

– Ахсæв мын сæ ныхсдзынæ.

– Æмæ дын куы нал ссур уой, уæд та?

– Ссур уыдзысты.

– Леза дын дзабыртæ барæтыдта. Афтæ рæсугъд сты, афтæ! Сæ фындзтæ æмæ сæ зæвæттыл сатæгсау æрттиваг сæрæктæ. Дзыцца та дын æрчъиаг лæгуын кæны уæфстæн, – æппæлыди мын Дона.

Фæлæ мæн уыдæтты мæт нæ уыд. Мæнæн мæ зæрдæ уыди Арсыхуымы. Мæ цæстытыл уади – цъæх-цъæхид обауыл бадын æмæ, мæ бынмæ лæнчы рæуæдтæ куыд хизынц, уымæ кæсын. Ныр ныууадз рæуæдты, зымæджы фаджыс ма лас, уалдзæджы хуым кæнынмæ ма ацу, афтæмæй кæд хъуамæ сыстыр уа лæг!

– Добызæ! – фехъуыст мæм Бекызæйы хъæр, æмæ фæпырх сты мæ хъуыдытæ. Уæззаугай йæм ацыдтæн, цыма ме ’ккой исты хастон, уый хуызæн.

– Цы кæныс?

Бекызæ йæ арм айтынг кодта, æхцатæм та ныккасти. Арф ныууæфыди.

– Цом-ма мемæ.

– Кæдæм?

– Фæлдыст суадонмæ.

– Хæссыс сæ?! – мæ цин æмбæхсыныл архайдтон, фæлæ йæ цыма нæ фæрæзтон æмбæхсын, афтæ мæм касти.

– Хæссын.

– Уæдæ цом.

Цыдыстæм, æмæ нын ницы æнтысти. Дысон дзыццаимæ уайтагъд бахæццæ стæм. Ныр цыма уæргътæ хастам. Стæй, куы бахæццæ стæм, уæд Бекызæ ærлæууыд суадоны был, йæ армыл ахæцыд æмæ касти æхцатæм. Æз та Бекызæмæ кастæн – кæд æрæвæрдзæн æхцатæ! Уый сæм касти æмæ касти.

– Мах сæ дысон кæм æрæвæрдтам, уый зоныс? – дзурын æм æз. – Мæнæ ацы тæккæ ран, ай, – ærдзуццæг кодтон суадоны раз æмæ мæ къух, дысон æхцатæ кæм æрæвæрдтам, уырдæм ныддардтон.

Уæд æрдзуццæг кодта Бекызæ дæр æмæ æрæвæрдта æхцатæ, æз мæ къух кæдæм ныддардтон, уым.

Гыццыл ма абадтыстæм дзуццæджы, стæй сыстадыстæм æмæ суадоны сæр фæхæрд кодтам, хъуымбылæгтæ тонгæ. Дзæвгар ауæлиау стæм, уым сбадтыстæм æмæ хъуымбылæгтæ хордтам. Иу ныхас дæр нæ никæмæй хауди. Æнкъардæй бадтыстæм, æнкъардæй хордтам. Уалынмæ, суадоны дæлбыл цы фæз уыд, уырдæм æрбауад колхозы хуымгæс Тъырбу. Йæ бæх гуыбынджын уыд тынг, хытъын, дугъ ын нæ кодта. Гыццыл-иу ын куы базмæлыд, уæд-иу йæ гуыбыны лыхъ-лыхъ ссыди. Тъырбу бæхæй æрхызти æмæ суадоны был фæтъæпæн. Цы зонын ма нын æй хъуыд – æхцатæ ауыдта æмæ сыл йæхи ныццавта. Уый фæстæ суадоныл ныддæлгом æмæ дзы дзæвгар фæнуæзта. Стæй раст слæууыд, йæхиуыл дзуæрттæ бафтыдта, йæ бæхыл сбадт æмæ йæ хъæуы ’рдæм аскъæрдта.

Мах йæ фæстæ кæсгæйæ баззадыстæм.

– Гъеныр Тъырбуйы гуыбыныл бахæц, уыйæппæт æхца антъыхта ’мæ! – кæуынхъæлæсæй схъæр кодта Бекызæ. – Гъеныр уымæ куыд нæ фæхъыздзæн дзуар!

– Цæмæннæ йæм фæхъыздзæн? Афтæ йæм фæхъыздзæн, афтæ! Дзуарæн уæлдай нæу, – цыма дзуары хъуыддæгтæ мæн хуызæн ничи зыдта, уыйау загътон æз.

Гыццыл ма абадтыстæм æмæ ауыдтон колхозы рæуæдты – суадоны бынты хизгæ æрбацæйцыдысты. Сæ фæстæ – Артъен йæхæдæг, йе ставд лæдзæгыл-иу тынг æрæнцади, йæ цæф къахыл йæ уæз куыд нæ уагътаид, афтæ.

Æз слæууыдтæн, афтæмæй æнкъардæй кастæн рæуæдтæм дæр, Артъенмæ дæр.

Хъæумæ цыдыстæм æнæдзургæйæ. Нæ рацыдмæ, хъæуы астæу цы цæнд и, уым дуртыл бадтысты зæронд лæгтæ иу цалдæрæй. Сæ разы сæны авгимæ хæлиу лæууыди Тъырбу æмæ сын сыкъайæ дардта. Тъырбуйæ гыццыл æддæдæр гуырдзиаг сæнуæйгæнæг лалым йæ уæрагыл ракъул кодта æмæ дзы иу даргъ авгмæ сæн уагъта. Йæ бæх Тъырбуйы хытъын бæхы фарсмæ лæууыди дурты цæнды кæрон.

Лæгтæ бахъæлдзæг сты, сæ тавицы ныхас цыд.

– Æри-ма, Митъо, – дзуры хъæрæй Тъырбу, æвæццæгæн, сæнуæйгæнæг иронау æмбæрста. – Уыцы авджы аргъ дын фыст у. Ацы авгæн

дæр та дын бафиддзынæн, – уым йæ дзыпмæ нывнæлдта, лыстæг æхцатæ дзы систа, цалдæр дзы анымадта æмæ сæ гуырдзиаджы къухы фæсагъта.

– Ме ’хцатæ! – схæкъуырцц кодта Бекызæ. – Фæлтау дын æй куы нæ загътаин.

– Стæй куы бакуырм уыдаис, уæд та!

– Уæдæ ныр Тъырбу бакуырм уыдзæн? Куыннæ, бакуырм уыдзæн Тъырбу!

– Æмæ йæ цæмæй зоныс, нæ бакуырм уыдзæни, уый?! – загътон æз, æмæ ма уыцы уысм ацахста мæ хъуыды: – Æмæ сæ Тъырбу сæн нæ дары уæртæ лæгтæн? Æмæ йын кувгæ нæ кæнынц лæгтæ! Æмæ ды дæр сæн бадардтаис лæгтæн дзуары æхцатæй?! Куыд нæ, бадардтаис. Æмæ уымæн нæ бакуырм уыдзæни, гъе! – дзырдтон æз, цыма, лæг цæмæй куырм кæны æмæ цæмæй нæ куырм кæны, уый мæ хуызæн ничи зыдта, ахæм хъæлæсы уагæй.

Бекызæ йе ’нгуылдзтыл ахæцыд æмæ йæ афтид арммæ æнкъардæй касти.

«РУХС ХЪÆУЫ ЦАРДЫ, РУХС!»

Кад æмæ радимæ æмбæлы йæ 90 азы юбилейыл Ирыстоны адæмон фыссæг Хуыгаты Сергей. Æмбæлы, йæ ног уацмыстыл кусгæйæ, æмæ йæ уымæй стырдæр амонд нæ хъæуы. Æрæджы рухс федтой йæ дыууæ чиныджы, æмдзæвгæты æмæ тæлмацты æмбырдгонд «Хонгæ цагъд» та ныр рацæудзæн йæ аив дзырдæн ын аргъгæнджыты размæ.

Кæй кой уыдзæн йæ мысинæгты та? Цы йæ тыхсын кæны йе 'мдугонты зондахасты? Цы у рухс æмæ куыд ахады литературæйыл? Уацмысы уырнинаг фæлгонцтæ аразынæн цы хъæуы? Ацы æмæ æндæр фарстатæн дзуапп агурдзыстæм нæ буц хистæримæ иумæ.

– Сергей, зæрдиаг юбилейон арфæтæ журнал «Мах дуг»-ы куспжыты номæй! Мæнмæ гæсгæ, нæ фæрæдидзынæн, куыд фыссæг æмæ рауагъдад «Ир»-ы редактор, нæ фысджытæй бирæтимæ кæй æмбæлыдтæ, æрмæст уый тыххæй дæр дæ амонджын адæймаг куы схонон, уæд. Ныр, нæ литературæйы классикыл нымад чи у, уыдонæй арæхдæр кæй æрымысыс?

– Арфæйаг ут! Мæ зæрдæйы, фыццагдæр, баззадысты Дзадтиаты Тотырбег æмæ Плиты Грисимæ фембæлдтытæ. Уый тыххæй ныффыстон мысинæгтæ, фæлæ ма сыл хъæуы бакусын, æмæ уый фæстæ мыхуыр кæнынмæ бæздзысты. Мæнæ мæ роман фыст фæвæййын, æмæ уæд уыдоны рад дæр æрцæудзæн…

– Иугæр нæ ныхас уайтагъд сфæлдыстадон куыстмæ рахызт, уæдма зæгъ, дæ чингуытæй искæцы дæ зæрдæмæ, мыййаг, хæстæгдæр у?

– Мæ ног, ныр ма мыхуыргонд чи не 'рцыд, уыцы роман æмæ «Нарты Фарнæг». Мæ иннæ уацаутæй мæм уый бындурондæр кæсы. Мæ фырт Ирлан æй уырыссаг æвзагмæ тæлмац кæны.

– Куыд сæвзæрд фыд æмæ фырты сфæлдыстадон цæдис та? Ныридæгæн ма ахуыргонд æмæ фыссæг Хуыгаты Сергейы фырт Ирлан уырыссагмæ раивта, «Нарты Фарнæджы» мотивтыл цы драмæ ныффыстай, уый дæр…

– Йæхи хъæппæрис уыд. Æз ма йын, фæлтау дæхи уацмыстæ фыссыны куыст кæн, зæгъгæ дæр дзырдтон. Уый размæ ма мын мæ цалдæр радзырды дæр ратæлмац кодта. Драмæ та ныффыстон, нæ театртæн кæй бабæздзæн, уый ныфсæй.

– Нарты кадджыты хъайтартæй литературæйы «хионхæстæгæн» Нарты Фарнæджы цæмæн равзæрстай?

– Уый æрмæст дыууæ кадæджы фæзыны, фæлæ мæ стыр дисы бафтыдта. Не ‘мдугон лæг у! Зонды къуыбар, адæмы иумæйаг æвзаг агурыныл, хæлар ахастытыл æфтыдта. Дзырд уыд йæ хотых, тохмæ, лæбурынмæ нæ сидт, кæд хъаруйæ æххæстæй хайджын æцæг нæртон лæг уыд, уæддæр. Рухс бахæссын – уый нымадта сæйрагдæрыл. Уæдæ йæ ном дæр цы рæсугъд æмæ мидисджын у, уый та!

– Фыссæджы фæндагыл та кæмæ кæнæ цæмæ гæсгæ ацыдтæ?

– Мæ хистæр æфсымæр Ислам (Исахъ) хæсты размæ ахуыр кодта Чъребайы педагогон техникумы, фыста æмдзæвгæтæ. Куыддæр æй фæци, афтæ йæ хæстмæ акодтой. Йæ цонг ныппырх, афтæмæй уайтагъд сыздæхт. Дзугаты Георгиимæ, иннæ фысджытимæ зонгæ уыд. Гъемæ Георгийы чиныг «Хуры тын» нæхимæ æрбахаста. Иу-фондз азы мыл цыд, афтæ бакастæн фыццаг хатт ирон æмдзæвгæтæ уыцы чиныджы. Ныр дæр ма дзы бирæтæ хъуыды кæнын зæрдывæрдæй. Уæдæ-иу мæ хистæртæ скъоламæ сæ уроктæ куы ахуыр кодтой, уæддæр сæм хъуыстон, æмæ та-иу æмдзæвгæтæ бахъуыды кодтон. Исламæй йæхицæй дæр хорз фыссæг рауадаид, фæлæ хæсты æмæ фæсхæсты рæстæг кусын хъуыд. Разамонæджы бынаты йæ баурæдтой. Хæст нæма фæци, афтæ нæ райгуырæн Хуссар Ирыстоны Хуыгаты хъæуæй Цæгатмæ ралыгъдыстæм, æмæ та ам дæр фæллойгæнджыты раздзæуæг уыд. Сфæлдыстадмæ йæ нал равдæлд, фæлæ цæрæнбонты кæсгæ бирæ кодта. Махæн, йæ кæстæртæн, хъæрæй каст «Евгений Онегин». Æвæццæгæн æй фæндыд, цæмæй уырыссагау базонæм, уый.

Уыцы уырыссаг æвзаг мын, æргом зæгъгæйæ, мæ туг бануæзта *(худы)*. Нæ хъæуы, хохрæбын, иу уырыссаг дæр никæд уыд. Хъуыстон æрмæст, иу дзырд æнхъæл кæмæн уыдтæн, уыцы «зачем ты». Лæппутæ йæ кæцæй райстой, уый абоны онг дæр нæ зонын.

Ам, Цæгат Ирыстоны, Тарскæйы хъæуы куы ‘рцардыстæм, уæд дзы уырыссаг скъола уыд хъазахъхъæгтæн. Æппындæр ницы æмбæрстон ахуыргæнджыты ныхæстæн. Иу æмбал мын уыд Багатæй, æмæ-иу мын газеты кæрæттыл (гæххæтт кадавар уыд) цыбырæй сæ ныхæстæ афыста. Æз-иу сæ пецы арты рухсмæ сахуыр кодтон, сæ мидисæн ницы æмбаргæйæ. Мæ фыдæбон ма фесæфа, зæгъгæ мын-иу ахуыргæнджытæ рæстæмбис бæрæггæнæнтæ æвæрдтой. Педагогон институты ахуыр кæнгæйæ дæр уырыссаг æвзаг зæрдæйы фæндиаг нæ зыдтон…

– Æмæ уый руаджы ирон æвзагмæ фылдæр æргом аздæхтай…

– О, цы ‘рцæуы, уый – хорзмæ *(худы)*.

– Дæ ногдæр чингуытæй иу «Гъе, уый дын Хепа» у дзæвгар баххæстгонд бирæ азты размæ рацæуæг сатирикон радзырдты æмбырдгонд. Царды хъæндзинæдтæ æвдисынæн «ног ахорæнтæ» самал кодтай?

– Чиныг фыццаг хатт куы рацыд, уæд æй уайтагъд алхæдтой. Агуырдтой ма йæ уый фæстæ суанг Канадæйы дæр. Фæлæ замана – иу чиныг дæр мæм нал баззад. Бавдæлдтæн, æмæ йæ библиотекæйæ райстон, арвыстон æй. Уый фæстæ ма Дзасохты Музафермæ иу чиныг разынд, æмæ «чингуыты галуанæй» хæсджынæй нæ баззадтæн.

Гъемæ дын мæм куыстмæ, рауагъдад «Ир»-мæ, æрбацыд нæ республикæйы ныртæккæйы культурæйы министры хæдивæг Хъуыссæты Зæлинæ. Загъта мын, Мæскуыйы ирæтты организацийы кæй фæнды чиныг мын рауадзын. Уæд «Хепа»-йыл бакуыстон. Хъыгагæн, бæлвырд аххосæгтæм гæсгæ хъуыддаг нал сырæзт, фæлæ уый фæстæ чиныг уæддæр рухс федта. Цы ахорæнтæ ссардтон, уыдонæн та чиныгкæсæг аргъгæнæг уæд.

– Литературæмæ дæ фæндаг куы райдыдта, уæдæй нырмæ де ‘мдугон адæймаг хорзырдæм аивта æви æвзæрырдæм?

– Раздæр, адæймаг адæймаг цæмæй у, уымæй æххæстдæр уыдыстæм. Дзæуджыхъæуы Сомихаг уынджы студентæй фатеры цардтæн фидæны фыссæг Бицъоты Грис æмæ Бирæгъты дыууæ æфсымæримæ. Кæрæдзийыл тынг æнувыд уыдыстæм. Фæтæгенæй пецыл-иу хъæрмхуыпп фыхтам, къæбæр дæр æнæ кæрæдзи нæ хордтам. Чи ма бафæраздзæн абон афтæ?! Ныры студенттæй бирæтæ цыма цардæй хъазгæ кæнынц – алцыдæр сын цæттæйæ ис, æмæ сæхиуыл кусынмæ нæ тырнынц…

– Æвзæр адæймагæн хорз фыссæг уæвæн ис?

– Мæнмæ гæсгæ, нæ. Ахудыны, искæй фæдæлдзиныг кæныны охыл истытæ афыссын æвзæр адæймагæн йæ бон у, фæлæ стыр, ахадгæ уацмыс снывæнда, уый мæ нæ уырны.

– Зæгъæм, ис дын цыфæнды фыссæгимæ дæр фембæлыны гæнæн. Кæй равзарис æмæ йемæ цæуыл аныхас кæнис?

– Чеховы. Уый æнахуыр диссаджы фыссæг у, иннæтæй хицæн кæны. Зындгонд литературæиртасæг, Литературон институты мæ ахуыргæнæг Виктор Шкловский афтæ дзырдта: «Чехов, дуар байгом æмæ хæйрæг æрбахызт, зæгъгæ, куы ныффысса, уæд ыл æууæндын.

Ныры фысджытæ, дуар байгом æмæ адæймаг æрбахызт, зæгъгæ, куы ныффыссой, уæд сыл нæ бауудæнддзынæн». Уæд ыл 90 азмæ хæстæг цыд, æмæ дзырдтой, дунейы литературæйы бакæсыны аккаг чингуытæ иууылдæр кæй бакаст! Ахæм æмæ ахæм чиныг бакæсыны амонд уæм кæй кæсы, уый тыххæй уæм хæлæг кæнын, зæгъгæ дæр-иу нын бакодта.

Чеховæн та, дам, йæ рæуджытæ сахъат уыдысты, æмæ кæмдæр уазæгуаты æхсæв-бонмæ тынг хуыфыд. Райсомæй йæ фæйнæфарс сыхæгтæм бацыд æмæ сæ хатыртæ фæкуырдта, кæд, зæгъгæ, мæн тыххæй, мыййаг, æгъуыссæг фестут. Уый цавæр диссаджы лæг уыдаид! Царды хъуамæ афтæ уа – дæ алыварс чи ис, уыдоны æмбарын, аргъ кæнын сын хъæуы. Гъемæ ацы хорз адæймаджы уацмыстæ кæсынæй не ‘фсæдын. Æрмæст йæ уацау «Степь» дæр кæуылты у!

Бирæ цæмæйдæрты йæ фæфæрсин… «Вот надумаю сюжет», – фыста журналты редактортæй кæмæдæр. Гъемæ мын радзурид, йæ сюжеттæ куыд арæзта, уый. Кæнæ куыд фидауынц йæ хъайтартыл сæ нæмттæ! Уымæй бирæ аразгæ у – адæймагæн райдайæны дæ уацмысы хъайтар йæ зæрдæмæ куынæ бацæуа, уæд æй нал бакæсдзæн. Мæ уацаутæй иуы архайæг лæджы ном фараст хатты баивтон, цалынмæ сфидыдта, уæдмæ.

– Ирон фысджытæй та зæрдæйæ-зæрдæмæ ныхас кæимæ адарддæр кæнис?

– Нæ ныхасы райдайæны скодтон Плиты Грисы кой. Стих самайынмæ уый хуызæн дæсны бирæ нæ уыд нæ литературæйы: «Æмæ ныссабыр хæцæн мигъы. / Ныссабыр, нытталынг рох ингæнау раст. / Æрмæст ма сындз бæласы хихыл / Фæцæуы тарст сынты цъæхахст». Диссаджы ныв! Хихыл, сыгъд къалиуыл. Йæ дыууæ томæн ын редактор уыдтæн, æмæ мын уыдæттыл кусын удыбæстæ уыд. Фæлæ йе ‘мдзæвгæтæй йæ драмæтæ хуыздæр сты, æмæ йын æй иуафон загътон. Уый мын афтæ: «Энерги мæм нал ис, энерги! Æмæ æмдзæвгæйæн та энерги хъæуы!»

Уæвгæ та йæ «Чермен»-æн æмбал нæй! Уынгты адæм, Ирон театрæй цæугæйæ, уыцы уацмысæй скъуыддзæгтæ дзырдтой. Кæрæй-кæронмæ йæ æнæ чиныгмæ кæсгæйæ чи зыдта, ахæмтæ дæр уыд.

Хорз лæг æмæ фыссæг уыд Дзадтиаты Тотырбег дæр. Мæскуыйы Литературон институты куы ахуыр кодтам, уæд нын уым ахуыргæнæг кæрты лекци каст нываивадæй. Æмæ дын уæртæ Тотырбег æрбацæуы. Ахуыргæнæгæй хатыр ракуырдтон æмæ йæм бауадтæн. Тынг мыл бацин кодта: «Мæ номæй дæхи ракур, æмæ цом искуы абадæм». Хæсты

фæстæ институты бæрнон бынаты куыста, æмæ йæ ахуыргæнджытæ иууылдæр зыдтой, аргъ ын кодтой. Раздæр та дзы фæскомцæдисы организатор уыд, æмæ фæсивæдмæ фæсидт финнтимæ хæстмæ ацæуынмæ. Уым фæцæф, æмæ йæ марды ‘фсон æфсымæрон ингæны баныгæдтой. Фæлæ – хицауадæй бардзырд: «Комиссар уыд, æмæ йын хицæн ингæн хъæуы». Ракъахтой йæ, æмæ æгас разынд. Гъе, ахæм диссаджы цау… Гъемæ цалынмæ иумæ лæууыдыстæм, уæдмæ дын мæм уæртæ мæ хуссайраг хæлæрттæ Абайты Мæирбег æмæ Дзæгъойты Ростик æрбацæуынц. Уæд Театралон институты ахуыр кодтой. Мæхæдæг лекци ныууадзын фефсæрмы кодтон, фæлæ уыдоны бафæдзæхстон нæ хорз хистæрыл, æмæ уым хæстæг ресторан «Пекин»-мæ ацыдысты. Ахæм парахатзæрдæ адæймаг уыд Тотырбег.

Куыд арæх æрымысын мæ иннæ хæлар Малиты Васойы та… Бирæ хъæлдзæг хабæрттæ-иу дзырдта. Хъæуы се ‘рвадæлты лæг Мæнци хуыснæг уыд. Иуафон æй хъæуккæгтæй чидæр сæхимæ бахуыдта. Минас кæны, æмæ дын æй сæ зæронд ус фæрсы: «Ныр, Мæнци, ам нæ хойраг хæрыс, хионыл дæ нымайæм, афтæмæй нын нæ фыс адавтай, нæ гогыз нын бахордтай. Уыдæттæ дæм раст кæсынц?» «Фыс нæ зонын, гогыз та мæгъа…» – фæкодта уазæг.

Рауагъдадмæ Васойы сæйраг редакторæй куы бакодтой, уæд мæ фæхуыдта уырдæм. Уæд дзы директор Зæнджиаты Дæкка уыд. Авд æмæ дыууиссæдз азы уым фæкуыстон, уый размæ иуæндæс азы – скъолайы, æхсæз – телеуынынады, дыууæ азы – журнал «Мах дуг»-ы. Гъе ууыл лæг йæ куыст фæци.

– Разы дæ Хуыцауæй дын лæвæрд дæргъвæтин сфæлдыстадон хъысмæтæй?

– Хъыгдардта æмæ мæ ныр дæр хъыгдары, уырыссаг æвзаг кæй нæ зыдтон æмæ дунеон литературæ йæ рæстæгыл зæрдæйы фæндиаг кæй нæ фæкастæн, уый. Уæд фысгæ дæр æндæрхуызон кодтаин. Кæсын æмæ кæсын – уыцы зондыл хæст хъуамæ уа фыссæг æмæ алы адæймаг дæр. Бирæ зонын царды кæй хъуамæ цы бахъыгдара?

Литературæйы та, аив, уырыссагау «художественность» кæй хонынц, уый хъуамæ уа. Хъыгагæн, нæ прозæйæн арæх нæ фæфаг кæны. Хъуыдыйæдтæ раст арæзт, мидис дæр – афтæ, фæлæ дзы цыдæр æрттывд нæ вæййы. Адæймагмæ чи бахъара, дарддæр кæсынмæ йæ чи разæнгард кæна, уыцы æрттывд…

– Сергей, куыд уыныс ирон литературæйы фидæн?

– Дунейы уавæр ныры хуызæн куы ахæсса, æмæ царды рухс куынæ судза, йæ рæстæджы социализмы рухс куыд ссыгъд, афтæ, уæд хорзмæ æнхъæлмæ кæсæн нæй чысыл национ нæ, фæлæ стыр уырыссаг литературæйæн дæр. Иу политик Фурсенко дзырдта, нæ паддзахады хæс хъуыдыгæнæг, хъуыддаджы адæм нæ, фæлæ æрмæст фæлхасыл чи мæт кæна («потребители»), ахæмты хъомыл кæнын кæй у. Ахæм зондахастимæ ныл уынгæджы бон акæндзæн. Æгайтма хорз цæрæм, алкæмæ дæр хæдтулгæ ис, йæ бон алы хуызы хæринаг хæрын у. Фæлæ царды æндæр ницы ис?! Рухс хъæуы царды, рухс! Йæ рæстæджы чи ссыгъди, литературæ, аивад кæй руаджы «сгуыпп кодтой», бирæ хорз сфæлдыстадон кусджытæ нæм кæй фæрцы фæзынд, уыцы рухс. Æндæра, хæрд-ноздæй дарддæр йæ мæт кæмæн ницæуыл у, ахæм адæймаг цæрæгойтæй цæмæй хицæн кæны? Мæ радзырдтæй иуы хъайтар зæгъы: «Рухс-рухс кæнынц! Цыма сæ уæрмыты дæр зымæгмæ картофы бæсты рухс æвæрынц, сæ къутуты та рухс бакалынц нартхоры бæсты». Не ‘вæрынц, нæ бакалынц, фæлæ уыцы рухс удварны хъæздыгдзинад у, æмæ уымæн дæр къаддæр нысаниуæг нæй! Иу нывгæнæг, дам-иу йæ ахуыргæнинæгты нывтæ ныффалгæрон кодта, рухс уын сæ нæй, зæгъгæ. Адæймаджы царды алы ран дæр рухс хъæуы, æнæ уый цард ницы у. Уыцы рухс хæссæг у чиныг. Хуыздæр адæймаг ницыма æрхъуыды кодта, æмæ йыл нæхи атигъ кодтам…

– Дæ ныхæстæ ирон æвзаджы хъысмæтмæ дæр хауынц?

– Адæм куы уой, уæд æвзаг бынтон нæ фесæфдзæн. Фæлæ рæзгæ дæр, гæнæн ис, æмæ ма кæна. Нæ ирон телеуынынады æмæ мыхуыры оргæнты ахæм æнахъинон тæлмацгонд æвзаг вæййы хатт, æмæ диссаг. Цавæр «хайгай æрсидт» нæм фæзынд? «Æвзаргæ» кæнæ æндæр ахæм исты уыд скæнæн. Кæнæ: «Цæгат Ирыстоны зынаргъ сылгоймæгтæ». Аслам сылгоймæгтæ дæр нæм ис?! Ома, уый зæгъынмæ хъавын, æмæ уырыссаг æвзаджы æххæстæй цы фидауы, уый ироны алы хатт нæ бады! Нал зонæм не ‘взаг, æмæ уый у замана. Бæлвырдæй, нæ мыхуыры фæрæзты алкæм дæр хорз редактортæ куы уаид, уæд сыл ног фæлтæртæ дæр ахуыр кæниккой.

– Ирыстон, не ‘взаг æмæ литературæ дæу хуызæн хистæрты фæндиаг уæнт! Сфæлдыстады тæвагæй хайджын у амæй фæстæмæ дæр, дæ ног уацмыстæ ирон адæмы сæ мадæлон æвзаг уарзынмæ разæнгардгæнæг уæнт!

Ныхас ныффыста ТЪЕХТЫ Тамерлан

ЦОМАРТАТЫ Изæтбег

ЗЫНГХУЫСТ БÆЛЛИЦТÆ

Роман

Æртыккаг чиныг[*]

***

Фаризæ йæ фæнд кæй атардта æмæ уарзондзинад кæй равзæрста, уымæй раст бакодта. Кæддæр-никæд Булатимæ кæрæдзи бамбæрстой æмæ сæ цард баиу кæныныл ныллæууыдысты. Чындзæхсæвы бон дæр сбæрæг кодтой. Къулыл – зылын хаxx! Кæдæй-уæдæй, рагæй кæмæ бæллыдтæн, уыцы рæстæг æрцыди. Ресторанмæ кæй хуыдтон, уыдонæн загътон, æмæ мæнæ нæ иумæйаг чындзæхсæв йæ тæмæны бацыд. Фæндыры зæрдæскъæфæн зæлтæ цæхæркалгæ стыр залы хæлиу кæнынц æмæ зæрдæмæ ænахуыр уæнгроггæнæн æнкъарæнтæ хæссынц. Хуынд адæм махырдыгæй дæр æмæ усгуры ‘рдыгæй дæр къæрццарæзтæй сыгъдæг цæугæдоны ’рттивгæ уылæнтау ресторанмæ гуылф кæнынц. Хъæбыстæ, цинтæ æмæ арфæтæгæнгæйæ, сæ худгæ цæсгæмттыл ахæм хуыз æвдисынц, цыма кæддæр-никæд сæ цард арæзт æрцыди, æмæ сæ зæрдæтæм мин-мин хуры ныккасти.

Дæ хъæбулы чи хъæуы, уымæ йæ куы ’рвитай æмæ йын æртæ чъирийы куы скæнай, уæд ма уымæй хуыздæр цы уа! Фаризæ урс разгæмтты уыцы рæсугъдæй къулы рæбын лæууы, æмæ дзы зæрдæ рухс кæны. Æхсызгон мын у, Булаты æмæ йæ ныййарджыты цæсгæмттæ тынг райдзастхуыз кæй сты, уый. Иугæр сæ чындзы уындæй сæ зæрдæ райы æмæ сæ мидбылты худынц, уæд дзы разы сты. Мæ сиахсы фыд Барту ма рæстæгæй-рæстæгмæ хъæлдзæгæй залы астæумæ дæр рагæпп ласы (мæнæй дзæвгар кæстæр у), йæ цæнгтыл хæрдмæ схæцы æмæ кафын райдайы.

Æхсызгон мын у, мæ чызджы кæй нæ бахъыгдардтон æмæ йын йæ уарзонмæ чындзы ацæуыны бар кæй радтон, уый, фæлæ мæ дисы æфтауы йæ сæрибар ахастæй, йæ ныфсхастдзинадæй. Æз мæхи куы хъуыды кæнын, уæдæй фæстæмæ ныхкъуырдæй фæцардтæн,

* Кæрон. Райдайæн 2022 азы 8–10-æм æмæ 2023 азы 1–4-æм номырты

суанг ма ныр дæр мæ сæрыл схæцын нæ фæразын, йæ мад дæр ænæ ныфсæй, ныгъуылдтытæгænгæйæ цæры, цыма, ænænхъæлæджы искæй хъыджы куы бацæуа, уымæй тæрсы, уыйау. Нæ чызг кæмæй фæци, Хуыцау – йæ зонæг. Фыццаг хатт кæдæм бацæуы, уым дæр хионау ныфсджын ныхас фæкæны, кафгæйæ дæр уыцы сæрыстыр-хуыз вæййы, ам дæр йæхи афтæ дары, цыма йæ ног бинонтæм, чи никуыма ’рцыд, ахæм амонд бахæсдзæн, æмæ йыл æрхъæцмæ дæр нæ хъæцдзысты, цыма йыл мæгуырдзинад æндзæвгæ дæр никуы акæндзæн. Йе стыр æууæнкæй ма мæн дæр фæхайджын кæны æмæ мыл ныфсы базыртæ ныссадзы.

Хистæртæ дæргъæй-дæргъмæ дзаджджын фынгтыл бадынц æмæ иуæй иннæ зæрдæмæхъаргæдæр сидтытæ уадзынц, Хуыцаумæ кувынц, цæмæй дыууæ кæстæры амондджын уой æмæ бирæ азты, кæрæдзи уарзгæйæ, фæцæрой, цæмæй лæппуйы ус курын мауал бахъæуа, чызджы та – мой кæнын, цæмæй сын авд лæппуйы æмæ иу чызг райгуыра, цæмæй сæ Уастырджи йæ рахиз базыры бын дара æмæ сæ раст фæндагыл араза, цæмæй сæ фæрныг хæдзар дзагæй-дзагдæр кæна. Цыбыр дзырдæй, сæ хистæртæй цы куывдтытæ фехъуыстой, уыдон зæрдæрайгæйæ фæлхат кæнынц. Искуы-иу хатт дзы исчи ныззары, æмæ йæм иннæтæ бахъырнынц. Оркестр адæмы дзолгъо-молгъо фæбынæй кæныныл архайы æмæ йæ тых-йæ бонæй алыхуызон цæгъдтытæ кæны. Сылгоймаг-зарæггæнæг дæр хистæртæй дæлдæр нæ лæууы: дыууæ кæстæрæн кувы, зæрдæбын арфæтæ сын кæны. Хистæртæм дæр ма бахæццæ вæййы. Куы нæ иуы номыл азары, куы – иннæйы номыл. Афтæ зыны, цыма æппæт дуне дæр махмæ кæсы æмæ нын нæ циныл цин кæны.

Гъе фæлæ цард иудадзыг бæрæгбон нæу. Алцæмæн дæр ис райдайæн æмæ кæрон. Йæ кæрон æрхæццæ, Светæимæ бирæ кæмæ фæбæллыдыстæм æмæ, ænæнцой æхсæвтæ ’рвитгæйæ, ænæрхъæцæй кæмæ фенхъæлмæ кастыстæм, уыцы чындзæхсæвæн дæр, æмæ та къаты бонтæ кæрæдзи фæдыл куыдфæндыйæ ныххал сты. Нæ зæрдæты цы стыр цин абухта, уый æрвылбоны сагъæстæ баивтой, æмæ нæ риуты сабыргай атади.

Æгъатыр вæййынц æрвылбоны сагъæстæ, уæлдайдæр, чыссæйы куы ницыуал баззайы, бинонты та хæрын æмæ дзаумæттæ дарын куы фæхъæуы, уæд. Амондджын сты, уыцы зындзинæдтæ чи не

’взары, уыдон, фæлæ æз мæ алыварс ахæм адæмы нæ уынын. Сæ иуы кой мын æнæ ракæнгæ нæй. Тынг хорз зæрдæ дарын Сергеймæ. Нымайын æй курдиатджын поэт æмæ æрдхæрæны журналистыл. Радиойы сæйраг редактор куы уыдтæн, уæд æй уыдтон, йæ куыстыл куыд æнувыд уыди, уый. Стырдæр бынæттæм æй хуыдтой, фæлæ сын нæ бакуымдта, бирæ рæстæг радиойыл йæ зæрдæ нæ ивы, адæм ын йæ радиобакастытæм хъусынц тынг æхсызгонæй, мызд та исы хæрз чысыл.

Цалдæр азы размæ йæ чызг чындзы цæуыныл ныллæууыд. Йæ рæбыны ницы уыд, æмæ йæ кредит исын бахъуыд. Рестораны диссаджы чындзæхсæв скодта. Йæ чызг йæ амонд ссардта, фæлæ… йæхæдæг хæсты бын фæци. Мæ акомкоммæ бадти, æмæ мæхи цæстытæй уыдтон, алы бон дæр куыд катай кодта, уый. Ирон æмбисонд афтæ зæгъы: «Дæ сынтæг цас у, дæ къæхтæ дзы уыйас адаргъ кæн, науæд дын басидзысты», фæлæ уыцы æмбисондимæ чызг куынæ разы кæна, уæд та фыдæн цы гæнгæ у? Хъæбул зынаргъ у, æмæ йæ йæ ног бинонты цæсты æфтауын никæй фæнды. Сергей бирæ фæсагъæс кодта, фæлæ ницы амал ардта. Гæнæн ын куы нал уыди, уæд горæты сæрмæ йæ замманай цæхæрадон æд хæдзар ауæй кодта.

Уый иунæг уыди æмæ йæ йæ иу уды-къоппа фæдарынæн бирæ нæ хъуыди, мах та фондз стæм, æмæ уал адæймаджы фæдарынæн бирæ хъæуы. Уымæ цæхæрадон уыди, æмæ дзы йæ хæстæ бафыста, мæнмæ та куыдздон дæр нæй, æмæ, цы ауæй кæнон, уый нæ зонын, стыр кредит та мæ алы мæй дæр фидын хъæуы. Æнæ базыртæй цæргæстимæ тæхыныл мæ уды быцъынæг кæй фескъуынын æмæ кæй фæхæрд вæййын, уый тыххæй никæй аххосджын кæнын. Ныр дæр мæхæдæг дæн аххосджын. Бæрзонд къæлæтджынты чи бады æмæ дзыллæты хъысмæттæ чи лыг кæны, уыдоны культурæ æппындæр кæй ницæмæн хъæуы, уый дæр æмбарын, фæлæ мæ уæддæр иу фарст цух нæ уадзы, мæ сæрымагъзы лыстæг схъисау нынныхсти æмæ мæ тухæнæй мары: цæстфæлдахджытæ æмæ тыхтонагæнджытæ, стыр хицæуттæ æмæ сæ фæсдзæуинтæ фæсарæнтæм миллиардтæ кæцæй хæссынц, уыцы хъæздыг бæстæйы нæ дыууæ Сергейы хуызæн сфæлдыстадон кусджытæ, дысфæлдæхтæй фыдæбон кæнгæйæ, хъуамæ ахæм гæвзыкк уавæрты удхар кæной?

* * *

Цард æнусон нæу. Дон куыд сыгъдæг кæны, æрдз дæр афтæ ног кæны. Æрыгонæй фысджытæм куы бацыдтæн, уæд дзы кæй баййæфтон, уыдон сæхи афтæ сæрыстыræй æмæ хъалхуызæй дардтой, цыма царды рохтæ сæ тыхджын къухтæм райстой æмæ сæ никуыуал суадздзысты, цыма литературæйы къæдзæхтæ афæлдæхтой æмæ адæмы зæрдæты цæргæйæ баззайдзысты. Хицауады ныстуантæ коммæгæс сывæллæттау ænæ сыбырттæй æххæст кодтой æмæ ænæмæтæй цардысты. Хылтæ æмæ хъаугъатæ кæнгæйæ, коммунистон партийы дæлбазыр сæ рæстæг æрвыстой, сæ кæрæдзимæ ма-иу армаццагæй дæр бавнæлдтой. Алчидæр сæ йæхицæн иннæтæй стырдæр лæг ænхъæл уыди æмæ тох кодта арвы бын аккаг бынат æрцахсыныл. Ирон литературæйы сæ нæмттæ кæй нынæрыдысты, ууыл фидарæй æууæндыдысты. Æмæ йыл куыд нæ хъуамæ æууæндыдаиккой? Критиктæ сæ афтæ тынг æппæлыдысты, æмæ сæм æппæт дунейы классиктæ дæр мæлдзыджытæй зындысты, фæлæ сын ирон литературæ фаг нæ уыди. Фæндыди ма сæ уырыссаг æмæ фæсарæйнаг литературæты дæр арф фæд ныууадзын. Сæ уацмыстæ тæлмац кодтой уырыссаг æвзагмæ æмæ сæ Мæскуыйы уагътой ænæ къуылымпыйæ. Парти æмæ хицауады ныхмæ ма дзур, социализмы хъæнтæ æмæ аиппытæ ма агур, æндæр цыфæнды лæмæгъ уацмыстæ дæр фысс, æхсæнтæ донау сæ скъæр æмæ стыр гонорартæ ис.

Сæ рæстæг аивгъуыдта, æмæ се ’ппæт дæр ацыдысты сау зæхмæ. Сæ сæртæ бæрзæндты цы уацмыстæй хастой, уыдон дæр сæ фæдыл ацыдысты. Стыр ныфсимæ уырыссаг æвзагмæ кæй ратæлмац кодтой, уыдон никæй бахъуыдысты, æмæ мæ арæх фæфæнды сæ бафæрсын: «Цæуыл уыди уæ карз тох? Бынæттæ ахсыныл уæ уды быцъынæг цæй тыххæй тыдтат? Цы уавæрмæ æрхаудзыстут, уый куы зыдтаиккат, уæддæр кæрæдзимæ афтæ карзæй лæбурдтаиккат, стæй кæстæрты размæ цæлхдуртæ афтæ тызмæгæй æвæрдтаиккат?»

Сæ фæстæ цы фæлтæр уыди, уый минæвæрттæ дæр сабыргай цæуынц се ’нусон бынатмæ. Мæ ныхмæ стох кæныны тыххæй сæ къухтæм стыр хотыхтæ чи райста, рауагъдадæй мæ чи ратæрын кодта æмæ мын мæ уацмыстæ цъыфимæ чи сызмæста, уыцы авд фыссæгæй дæр фондз амарди. Туг тугæй æхсадæуы, фæзæгъынц, фæлæ æз ахæм зондыл хæст нæ дæн. Се ’ппæтæн дæр сæ хæрам митæ ныббарстон æмæ сын сæ зиантæм бацыдтæн.

– Уходи! Все равно не оставим тебя на работе! – ныр дæр ма мæ хъусты зæлынц æмæ мæ буары иннæрдæм хизынц Сæуджен æмæ Фидары мæстæлгъæд хъæлæстæ. Мæ цард мын ныддызгъуынтæ кодтой, фæлæ сын уæддæр бæрæг кæнын сæ юбилейтæ. Маст хорз зондамонæг нæу. Адæймаг йæхи адæймаг куы хона, уæд хъуамæ йæ масты коммæ ма кæса.

Гисойы прозæ æппындæр мæ зæрдæмæ нæ цыди. Йæ ницытæ æмæ мацытыл фыст тыхарæзт хъуыдыйæдтæ кæсыны бæсты зæххы бын уæлдæфæй кусгæ къуымых дзæбугæй хъæбæр зæхх къахыныл разы уыдтæн. Йе ’мбæлттимæ мæ фæдыл цæмæн зылди, обкоммæ мыл цæмæн ныффыста æмæ мæ мæ куыстæй цæмæн ратæрын кодта, уый зонгæ дæр нæ бакодтон, фæлæ йæм æппындæр нæ фæхæрам дæн. Хæрам нæ, фæлæ ма йын аргъ кæнын дæр райдыдтон, фыссæг дзы кæй нæ рауад, ууыл иннæтæй хъауджыдæр йæ мæлæты размæ кæй басаст æмæ йæ фыссын кæй ныууагъта, уый тыххæй. Йæ райгуырæн хъæуы йын стыр изæр сарæзтон, æмæ дзы феппæлыдтæн. Зианы æмæ юбилейы фыдгойгæнæн нæй.

Хамбийæн хорздзинад йеддæмæ æвзæрæй никуы ницы фæдæн, фæлæ мæм йæ амæлæты бонмæ хæрам зæрдæ фæдардта. Мæ уды рæбинаг æвæрæны йæм мæ хæлар ахаст нæ аивтон æмæ, куы амарди, уæд зианы бон кæрæй-кæронмæ йæ чырыны уæлхъус фæлæууыдтæн. Æз сæ разæй куы амардаин, уæд мæм сæ иу дæр кæй не ’рбацыдаид, ууыл мисхалы бæрц дæр нæ дызæрдыг кæнын. Сæ удыхъæд сын базыдтон æмæ сыл нæ дис кæнын. Дис кæнын æрмæстдæр хуымæтæг адæмыл. Хамбийы фæсивæд куы рацæйхастой, уæд Гæлæу мæ фарсмæ лæууыд æмæ мын мæ цонг бакъуырдта:

– Уæртæ уыцы сылгоймæгтæ цы дзурынц, уый нæ хъусыс?

– Æндæрырдæм кастæн æмæ сæ нæ фехъуыстон.

– Байхъус-ма сæм, байхъус.

Ме ’ргом сæм аздæхтон æмæ дисы бацыдтæн. Сæ иу хъарæггæнæгау уынгæг хъæлæсæй афтæ бакодта:

– Фæхæссынц нын нæ фæстаг легендæйы.

– Тынг раст зæгъыс. Уый нæ фæстаг легендæ уыди æмæ нал и, – цыма йыл стыр бæллæх æрцыди, уыйау ноджы уынгæгдæрæй загъта дыккаг сылгоймаг, æмæ иннæтæ сусæны бæхтау сæ сæртæ батылдтой.

– Хамби ӕрдзы ӕнахуыр фӕзынд уыди. Алы ран дӕр йӕхи ӕвдисын зыдта ӕмӕ йӕхицӕй курдиатджындӕр поэтты йӕ аууон бакодта. Цӕуылфӕнды куы дзырдтаид, уӕддӕр йӕ ныхас адӕмы зӕрдӕмӕ хъардта. Магуса уӕвгӕйӕ, дӕхицӕн ахӕм стыр авторитет скӕн, хицау цы куыстуӕттӕн уай, уыдон ӕнӕиухъуагӕй заууаты бынатмӕ ’ртӕр, ӕмӕ дыл легендӕйы ном сбадӕд – уый бирӕты къухы не ’фты, – бафиппайдта Гӕлӕу.

Æз йемӕ сразы дӕн ӕмӕ нӕ легендӕйы чырынхӕсджыты фӕстӕ йӕ фарсмӕ ӕнӕдзургӕйӕ араст дӕн.

* * *

«Мады зӕрдӕ – риссаг, фыды зӕрдӕ – мӕтгӕнаг», – зӕгъы ирон ӕмбисонд. Искӕй зӕрдӕмӕ ныккӕсын мӕ бон нӕу, ӕмӕ, Светӕйӕн нӕ зонын (уый мӕнӕй бирӕ хиуылхӕстдӕр у ӕмӕ йӕ тыхст уавӕр ӕмбӕхсын фӕразы), фӕлӕ та ӕз мӕхицӕн бынат нал арын. Ӕнхъӕл уыдтӕн, мӕ чызг йӕ уарзонмӕ куы смой кӕна, уӕд дзы сӕнӕмӕт уыдзынӕн. Куыннӕ стӕй. Мӕ сагъӕстӕ дзӕвгар фӕфылдӕр сты. Мӕнмӕ гӕсгӕ, мӕ сывӕллӕтты райгуырдимӕ, сдзӕбӕхгӕнӕн кӕмӕн нӕй, ахӕм низӕй фӕрынчын дӕн, ӕмӕ дзы мӕ амӕлӕты бонмӕ дӕр нал фервӕздзынӕн.

Фаризӕйы чындзӕхсӕвыл афӕдзы ’рдӕг дӕр нӕма рацыд, афтӕмӕй мыл катай бахӕцыд. Мӕ сабибонтӕй фӕстӕмӕ алы хъуыддагӕй дӕр тӕрсын сахуыр дӕн ӕмӕ мӕ ахуыр фехалын нал фӕразын. Стӕй йӕ халгӕ дӕр куыд фӕкӕнон? Лӕг ӕмӕ усӕн зӕнӕг куынӕ рацӕуы, уӕд сӕ уарзондзинад кӕй фесӕфы, ӕмӕ кӕрӕдзийӕ кӕй ахицӕн вӕййынц, уый тыххӕй иу ӕмӕ дыууӕ хатты нӕ фехъуыстон. Мӕ хӕстӕджытӕй ӕмӕ мӕ зонгӕтӕй дӕр цалдӕрӕн уый аххосӕй сӕ цард фехӕлд, ӕмӕ тӕрсын, мӕ чызг дӕр уыдоны хал куы ахӕра, уымӕй. Фаризӕ йӕхицӕн ӕнӕмӕтӕй цӕры ӕмӕ ма мӕнӕн дӕр ныфсытӕ авӕры, ӕз та адӕргӕй мӕхицӕн бынат нӕ арын.

Æппынфӕстаг мӕм цины хабар ӕрбахаста, ӕмӕ мӕ ныр та ӕндӕр сагъӕстӕ ӕвдӕрзын райдыдтой. Арӕндоны дурзӕрдӕ дохтыртӕ сӕ куыдфӕндыйы ахастӕй Светӕйы цы ӕдзӕллаг уавӕрмӕ ӕркодтой, Фаризӕйы дӕр ахӕм уавӕрмӕ куы ’ркӕной, уӕд байсӕфдзӕн. Мӕ

фаззæттыл мын цы низ бафтыдтой, мæ чызджы хъæбулыл дæр мын уыцы низ куы бафтауой, уæд, рынчындæтты рахаубахаугæнгæйæ, йæ цард тыхст æмæ уырыдæй арвитдзæн. Куыд æгъдауæй сæ фервæзын кæнон? Барту дохтыр у æмæ мын рæстæгæй-рæстæгмæ зæрдæтæ аваеры:

– Ма йын тæрс. Арæндæтты мын бирæ зонгæтæ ис, æмæ йæм фæкæсдзысты.

Йæ чындзы æвæгæсæгæй кæй нæ ныууадздзæн, уый мæ зондæй æмбарын, фæлæ мæ зæрдæ мæ зонды коммæ нæ кæсы. Ме ’фсины мын дзæвгар рæстæг токсикоз тухæнæй фæмардта, ныр та мæ чызгыл сагъуыди. Светæ куыд удхар кодта æмæ мыл æгæрон тас куыд æфтыдта, уый мæ иу минут дæр нæ рох кæны. Йæ хъизæмæрттæм кæсгæйæ, мæ зæрдæ йæхи риуы къултыл хоста, ныр та фыр тыхстæй æддæмæ рæмудзы. Хи туг уæддæр адæймагмæ хæстæгдæр у æмæ рисгæ кæны. Мæ бинонтæй мæ Фаризæйæ хуыздæр ничи æмбары, телефонæй мæм æрбадзуры æмæ мæ райдзастхуызæй афæрсы:

– Мæ сызгъæрин папæ, куыд дæ?

– Мæнæн ницы у, фæлæ дæхæдæг куыд дæ, мæ хæдзар? Дæхи куыд хатыс?

– Иттæг хорз! – дзуапп мын ратты ноджы райгонддæрæй æмæ мæ сабыртæ кæнын райдайы: – Мæныл æппындæр ма тыхс, папæ. Дохтыртæ мæ арæх бæрæг кæнынц, æмæ мын куыд дзурынц, уымæ гæсгæ, мæ уавæр тынг зæрдæрайгæ у.

Уæгъд рæстæг ын куы фæвæййы, уæд мæм куыстмæ дæр æрбауайы. Цæмæй йæм мæ зæрдæ ма ’хсайа, уый тыххæй йæхи схъæлдзæг кæны. Цыма мын мæ тыхст уавæр мæ ныфс фаг нæ сæтты, уыйау ма мыл мæ уарзон фыссæджы уацмыс дæр æвзæрыдæм ахады. Мæ цæстыты раз цардæгасæй лæууы, Драйзеры роман «Гений»-ы сæйраг хъайтар Юджины ус аргæ-арын, удхаргæнгæйæ æмæ йæ туджы мæцгæйæ, куыд амард, æмæ йæ ноггуырд сывæллон æнæ мадæй куыд баззад, уыцы æвирхъау ныв…

Æнæбары та мæ Хуыцаумæ кувæг лæг рауад. Æхсæвæй-бонæй йыл мæ чызджы æмæ йæ гуырдзы фæдзæхсын. Рох мæ не сты Уастырджи æмæ Мады Майрæм дæр. Мæхинымæр сæм кувын æмæ кувын. Фаризæйы рынчындоны сæвæрдтой. Хъуамæ æппæтæй тынгдæр йæхиуыл тыхсид, уый та мæныл мæт кæны æмæ мæм телефонæй дзуры:

– Ма мын фæтæрс, папæ. Цæмæй æдзухдæр дохтыртæн сæ цæстыты раз уон, мæ уавæр мын лæмбынæг иртасой æмæ мæ æнæнхъæлæджы цаутæй бахизой, уый тыххæй мæ сæвæрдтой ам.

Нæй, иуæй иннæ æбуалгъдæр нывтæ мæ цæстытыл уайынц æмæ мæ тухæнæй марынц. Æдзухдæр мыл, цæмæй фæтæрсын, уый æрцæуы, æмæ мæхи сабыртæ кæнын: «Ма тыхс, Гæрайы-фырт, алцыдæр хорз уыдзæн. Фаризæ хъомыл, фидар, æнæниз у. Йæ мад дзы бирæ къаддæр æмæ лæмæгъдæр уæвгæйæ, цыппар сывæллоны куы ныййардта æмæ йын куы ницы уыди». Цæй сабыр æмæ цæй цыдæр! Цалдæр боны мæ уд мæ къухты хастон, афтæмæй æнхъæлмæ кастæн. Мæ кабинеты катайгæнгæйæ куыд сагъæс кодтон, афтæ мæм Фаризæйы ’фсин Ларæ телефонæй æрбадзырдта æмæ мæм хæрзæггурæггаг фæци:

– Арфæ дын кæнын. Дæ чызгæн læппу райгуырди!

– Цæринаг уæд! Мад æмæ сывæллон дзæбæх сты?

– О. Æххæст ма Светæмæ дæр бадзурон æмæ уымæн дæр йæ зæрдæ барухс кæнон, – цингæнгæйæ сдзырдта Ларæ æмæ хæтæл æрæвæрдта.

Æрæджиауы хорзæх дæр хорзæх у. Æстайаздзыдæй дада сдæн. Мæ риу мын цы уæззау къæйдур ælхъывта, уый ахаудта, фæлæ мæ къæрцхъус зæрдæ йæ бæттæнтæ æддæмæ дзæгъæлы нæ тыдта: дохтыртæ мæ чызгæн фæтарстысты æмæ йын операци скодтой. Фаризæ та йæхиуыл нæ батыхсти, фæлæ мæныл. Телефонæй мæм æрбадзырдта æмæ та мæ сабыртæ кæнын райдыдта:

– Ма мын тæрс, папæ, æз тынг æнæниз дæн. Сывæллоны мæм æрбахастой æмæ уый дæр дзæбæх у. Тагъд нæ рафысдзысты…

Йæ ныхæстæ мæм нæ бахъардтой. Афтæ мæм кæсы, цыма дыууæйæ дæр тыхст уавæры сты, æмæ йæ мæнæн нæ хъæр кæны. Цалынмæ амæлон, уæдмæ, мæ цотыл мæт кæнгæйæ, не ’рсабыр уыдзынæн.

* * *

«Зæрдæ нал агуры хъазын, / Аргъæуттæй фæцух, / Удхæссæг ын фестад зарын, / Хъыг кæны æдзух», – ацы ныхæстæ нæ разагъды поэт куы ныффыста, уæдæй нырмæ рацыд сæдæ азæй фылдæр. Уыцы рæстæгмæ адæймагæн йæ къухы бирæ стыр хъуыддæгтæ саразын

бафтыд, фæлæ йæ зæрдæ нæ фæрухсдæр. Афтæ мæм кæсы, цыма æнæбон хилджытау кæлæнгонд зиллаччы, кæрæдзи къуырттытæгæнгæйæ, æнæбары змæлæм æмæ дзы раирвæзын нæ фæразæм, цыма нæхимæ куыдфæндыйы цæстæй кæсæм æмæ нæ нæ цард фæхуыздæр кæнын фæндгæ дæр нæ кæны, цыма æнæмбаргæ хиваст хицæутты нæ сæргъы барæй æваræм, цæмæй нæ сæ къæхты бын ссæндой æмæ нæ нæхиуыл схæцын ма уадзой.

Мæнмæ æппæтæй хæстæгдæр у культурæ, æмæ мæ дисы æфтауы, зæххæй сисынмæ дæр чи нæ бæззы, уыцы ницæйæгтæ йыл бирæ азты дæргъы сæ чъизи къæхтæй дыууæрдæм куыд рацу-бацу кæнынц, уый. Йæ адæмы культурæйыл былысчъилтæ чи кæны, уыцы æнæфæнык хъал хицæутты азарæй рауагъдад раууатмæ æрцыди. Æмæ куыд не 'рцыдаид? Æз йемæ фæндзай æхсæз азы баст дæн, æмæ дзы уыцы рæстæг иу адæмымыггаг директор дæр нæ уыди. Æвзæрстой сæ – уырыссагау куыд фæзæгъынц – по остаточному принципу. Æндæр куыстуæттæн-иу чи не сбæззыди, уый дзы-иу сæвæрдтой. Уымæн ирд æвдисæн уыди, сæ иуы тыххæй мын йæ рæстæджы цы дзырдтой, уый. Радиокомитеты куы куыстон, уæд рауагъдæдты, полиграфийы æмæ чингуыты базарады хъуыддæгты фæдыл комитеты сæрдары кабинеты иувæрсты фæцæйцыдтæн. Йæ дуар гом уыди, æмæ мæ сæрдар куы ауыдта, уæд мæм фæдзырдта. Бацыдтæн æм, кæрæдзийæн салам радтам, иучысыл аныхæстæ кодтам, стæй йæ фæлмæнæй, фæлæ уайдзæфгæнæджы хъæлæсæй бафарстон:

– Дæ хорзæхæй, Рутены рауагъдады директорæй куыд сæвæрдтай? Цæстфæлдахæг куы у… Стæй чиныг уадзыны хъуыддагмæ æппындæр куы ницы бар дары…

– Куы дын æй зæгъон, уæд дисæй амæлдзынæ.

– Чидæр ыл хæцы, æвæццæгæн. Æмæ уым диссагæй ницы ис.

– Раст зæгъыс. Хионизм нæ сæйраг низ у – искæй хуарзи бæсти – нæхе гъæла, æмæ йыл дис дæр ничиуал кæны, фæлæ ацы хатт хъуыддаг иннæрдæм рауади.

– Ома?

– Кæй йыл ничи хæцы, уый тыххæй йæ сæвæрдтон директорæй.

– Уый Ирыстоны уыдзæн, чи никуыма 'рцыд, ахæм хъуыддаг…

– Министрты советы сæрдар гуырымыхъхъ лæг у. Галайæн куыд

загъта, уый зоныс? Æз, дам дын дæ зæронд сæр ралыг кæндзынæн æмæ, дам дын дзы мæ фæстаг ныссæрфдзынæн.

– Тынг æнæхсæст у. Афтæ йæм кæсы, цыма Ирыстоны адæм иууылдæр йæ дзабыртæ сæрфынмæ равзæрыдысты, æмæ сыл æрвæсгæ дæр нæ кæны.

– Иубон мæм телефонæй æрдзырдта, салам дæр мын нæ радта, афтæмæй йæ лæггадгæнæгæн бардзырд дæттæгау дæрзæг хъæлæсæй срæцыгъта:

– Мæнæ мын иу фаджысы рагъ ме ’ккойы сæвæрдтой, æмæ мæ дзы ферваезын кæ, йе смаг ам куыд нал кала, афтæ!

– Чи у?

– Рутен!

– Æмæ йæ цы фæкæнон?

– Рауагъдады директоры бынат куы суæгъд и – уым æй фæтъысс!

Уыцы ныхæстæ раджы фехъуыстон, фæлæ мæ нæ рох кæнынц, уымæн æмæ, нæ царды хуызæн, рауагъдады дæр хорзырдæм ницы ивд цæуы. Уый фæстæ та мын æндæр сæрдар æндæр директоры тыххæй мæнæ ацы ныхæстæ мæхицæн загъта: «Хорз, æмæ мын уыцы æдылы сразы ис...»

Ныр дæр дзы уымæй зондджындæр директор нæй. Æвæццæгæн, рауагъдад бынтондæр сæхгæнынмæ хъавынц, паддзахады къæбицмæ æхца кæй нæ хæссы, уый тыххæй, æмæ дзы сæвæрдтой иу бæрзонд мæллæг лæппуйы. Мæ трилогийы дыууæ чиныджы рауадзыны тыххæй йæм Индрис цы æртæсæдæ мины барвыста, уыдон цыдæр фæкодта. Ме ’хцатæ цы фесты, уымæй йæ мæ чингуыты редактор бафарста, æмæ йын йæ фарстæн дзуапп радта:

– Æхца нæй, æмæ дзы нæ рауагъдады кусджытæн мызд бафыстон.

Куы йæм бацæуын, уæд зæрдиагæй ныххуды æмæ, æнæмæт кæлкæлгæнгæйæ, фæзæгъы:

– Дæ къухфыстытæн фесæфынæй ма тæрс. Ацы аз куынæ уа, уæддæр дын сæ иннæ аз кæнæ уыйфæстæ азтæй искæцыйы рауадздзыстæм…

Разæй мæм цы æнхъæлмæ касти, уый цалдæр азы размæ æбуалгъ фыны куы федтаин, уæддæр мæ нæ бауырныдтаид. Зæрондæй мæ тыфтырыкъо æрыгон лæппу хъазæнхъул сараздзæн, уый мæ хъуыдыйы кæрон дæр никуы ’рцыдаид. Мæхи хардзæй мын мæ чингуытæ

кæм нал уадзынц, уым ма мын сæхи хардзæй цы рауадздзысты? Мур дæр ницы. Æмæ цæргæбонты мæ удæй арт уый тыххæй фæцагътон? Уырыссæгтæ дзæгъæлы нæ фæзæгъынц: «От сумы и от тюрьмы не зарекайся».

* * *

Хæст… Хæрз цыбыр дзырд. Цыппар дамгъæйы йеддæмæ дзы нæй, фæлæ æрмæст йæ койæ дæр цæстыты раз слæууынц тасæфтауæг æвирхъау ныв тæ, æмæ сæ зæрдæ ныккæрзы. Зæххыл цыдæриддæр быцæутæ æмæ хъаугъатæ цæуы, уыдонæн у сæ тæккæ æгъатырдæр. Никæуыл ауæрды, никæмæн тæригъæд кæны. Раст уыди ирайнаг литературæйы классик Фирдоуси: хæстытæ æндзарынц паддзæхтæ, утæхсæн та дзы кæнынц адæм. Æрæджы дæр ма иу гимн кæмæн уыди æмæ, коммунизмы бæрзæндтæм тырнгæйæ, иумæ бæллиццаг цард чи арæзта, уыцы республикæтæ се «'нæхæлгæ» цæдисæй фæйнæрдæм фæлыгъдысты, сæ Хуыцау сыл рахатти, æмæ цыфыддæр знæгтау кæрæдзимæ топпы кæсæнæй кæсынц.

Мæ ахуыргæнджытæ мæ скъолайы куыд ахуыр кодтой, уымæ гæсгæ, уырыссæгтæ иууылдæр Киевæй рацыдысты. Сæхи хонгæ дæр кодтой: «Киевская Русь». Сæ иумæйаг авдæн Киев уыди. Цыбыр рæстæгмæ кæрæдзийæ фæхицæн сты, æмæ се 'хсæн æнауæрдон карз тох бацайдагъ и. Зын бауырнæн у, фæлæ æцæгдзинадæй аирвæзæн никæдæм и. Нæ егъау бæстæ куы бацараефтыд и, уæд, не 'хсæн цы быцæутæ 'рцыди, уыдон хуыдтой «конфликттæ», ныр та йæ хонынц «Сæрмагонд æфсæддон операци». Хæстыл цыфæнды фæлмæн ном куы сæвæрай, уæддæр хæст у, æмæ дзы цагъды кæнынц цæрæццаг фæсивæд. Советон Цæдисы адæм æхцатæ бакусыны тыххæй ног тыхджын хотыхтæй рæхджы кæрæдзи цæгъддзысты, зæгъгæ мын исчи куы загътаид, уæд мæхинымæр ахъуыды кодтаин: «Ацы сælхæр бынтондæр фæсонт и, æмæ йæ æррадоны дарын хъæуы». Фæлæ уыцы хæст ныр мæ цæстытæй уынын, йæ уазал комулæфт ма йын мæхиуыл дæр æнкъарын...

Русланы чызджы лæппу дæр барвæндæй ацыд йæ райгуырæн бæстæйы раз йæ хæс бафидынмæ. Йæ мады зæрдæ йæ рагацау æнкъардта, цы бæллæх æм æнхъæлмæ кæсы, уый, æмæ йæ нæ уагъта.

– Ам лæуу, мæ хъæбул. Исты дыл куы ’рцæуа, уæд мыл мæ дуне баталынг уыдзæн, – мæ цуры йын загъта лæгъстæхуызæй, фæлæ йæм лæппу нæ байхъуыста.

– Ницы мыл æрцæудзæн, гыцци. Ногфæзынгæ фашистты сæ бæстæйы ныддæрæн кæндзынæн æмæ дæм фæстæмæ сæрæгасæй æрбаздæхдзынæн. Нæ Президент зондджын лæг у, хæрзгæнæг æмæ не ’ппæтыл дæр зæрдиагæй ауды. Цæмæй фашистты сæ хъоргъы ныххурх кæнæм, æмæ махмæ ма ’рбалæбурой, уый тыххæй нæм тохмæ сиды.

Ацыди, йæ хæс сæххæст кодта æмæ ныр хуыссы йæ сау чырыны. Ацы дунейыл æй ницыуал æндавы, царды хæрзтæй йæ æппындæр ницыуал хъæуы, мад та фыр зæрдæрыстæй æгæлæнтæ кæны. Гыццылæй æхсæв-бонмæ, хуыссæны уæлхъус лæугæйæ, йæ улæфтытæ кæмæн нымадта, æрхъæцмæ дæр кæуыл нæ хъæцыди æмæ йæ уæлныхты кæй хаста, уымæй бавдæлон и, æмæ фыр тыхстæй йæ сæрызонд фæлыгъди. Сылгоймæгтæ йын йæ цæнгтыл хæцынц, фæлæ йæ бауромын нæ фæразынц. Дзедзыройгæнгæ, йæхи æппары йæ фырты ингæнмæ. Кæм и æмæ цы кусы, уый дæр нал æмбары. Йæ рустæ æмæ йæ дзыккутæ нытты дта æмæ нал кæуынæн у, нал дзурынæн. Рæстæгæй-рæстæгмæ ма йæ хъæлæсæй æнæбары фæсус мыртæ схауы, æмæ тæригъæдæй мары. Адæм богъ-богъ кæнынц. Йæ цардæй чи ахицæн и, ууыл тынгдæр кæуынц æви цардæгас мардыл, уый зын равзарæн у.

Æрхуымæй кæсын мæ хæрæфырты мæрдон-фæлурс цæсгоммæ æмæ, цæмæдæр гæсгæ, мæ цæстытыл уайы, æрæджы кæй федтон æмæ йæ æгъатыр хуымæтæгдзинадæй мæ зæрдыл тынг хорз кæй бадардтон, уыцы французаг кинойы æбуалгъ ныв. Знæгтæ кæрæдзи дæрæн кæнынц. Быдыр сармадзанты æмæ топпыты гæрæхтæй зындон фестад. Дыууæрдыгæй дæр мæрдтæ калд бæлæстау зæххыл фæлдæхынц æмæ фæлдæхынц. Сау фæздæг хур бамбæрзта, æмæ бæстæ сау мæйдарау нытталынг. Уыцы рæстæг кæцæйдæр фæзынд иу хæрзарæзт æфсæддон. Иннæ æфсæддон зæххæй йæхи тыхамæлттæй атыдта, йæ разы, цудтытæгæнгæ, цъыфæйдзæгтæй слæууыд æмæ йæм аххосджыны хъæлæсæй дзуры:

– Генерал, в моем полку ни одного живого солдата не осталось... Все погибли...

– Ничего, бабы опять нарожают, – йæ къух ыл æнæмæтхуызæй ауыгъта инæлар æмæ хæсты цæхæрæй лидзæг фæци. «Искæй мæрдтыл æнцон дзурæн у. Йæхи фырт дзы куы фæмард уыдаид, уæд дæр ын афтæ загътаид, цымæ?» – киномæ кæсгæйæ, хъуыды кодтон мæхинымæр.

Æдзухдæр мæ дисы æфтауы, хуымæтæг адæм сæ фыдгæнæг раздзæуджытыл куыд тынг æууæндынц æмæ сæ бардзырдæй сæрсæфæнмæ куыд æнцонæй цæуынц, уый... Уымæй тынгдæр та дис кæнын, цард сæ æппындæр куыд ницæуыл ахуыр кæны, ууыл... Социализмы фæндагыл ацæуын æмæ дæ бæстæйы адæмæн бæллиццаг цард саразын дæ бон уæд, æмæ фашизм равзар, де 'фсымæртимæ дæ кæрæдзи уарзгæйæ цæрынæй бар уæд æмæ, æппындæр кæй нæ хъæуыс, уыцы æцæгæлон адæмимæ сæмдзæхдон у æмæ цагъайрагау сæ коммæ кæс, сæ хæцæнгæрзтæ сын туджы аргъæй ælхæн æмæ дзы де 'фсымæрты мар... Царды æнæфыст закъæттæн ницы зонын, фæлæ мæ фидарæй уырны иу хъуыддаг: фашизм гуыры капитализмæй, æмæ сæ дыууæ дæр сты сафинаг.

* * *

Мæ ингæнмæ куыд хæстæгдæр кæнын, афтæ ме 'взонджы бонты нывтæ мæ цæстытыл арæхæй-арæхдæр уайынц. Иутæ дзы рæстæджы фæлмы аныгъуылдысты, æмæ сæ кой, сæ хъæр дæр никæцæйуал райхъуыст, иннæтæ мæм нырма ирдæй зынынц. Дыууæ цауы дзы мæ зæрдыл уæлдай тынгдæр лæууынц. Фыццаг мыл нæ хæхты 'рцыди, дыккаг та – нæ бæстæйы сæйраг горæты. Мæ азты рындзæй фæлгæсгæйæ, куыд хъуыды кæнын, уымæ гæсгæ мæ ме Сфæлдисæг уыдонæй фæдзæхсгæ кодта.

Фыццагæй – ме сфæлдыстады...

… Æвзыгъд лæппу ма куы уыдтæн æмæ 'ппындæр куы ницæмæй тарстæн, уæд мæм бæрзонд къæдзæхы сæрæй цыдæр ферттывта. Хуры тынтæ дзы хъазыдысты, йæ диссаджы тæмæн мæ цыбæл кодта æмæ мæ йæхимæ æнахуыр тыхæй ælвæста. «Сызгъæрин у, æнæмæнг сызгъæрин у! Æнæ схизгæ йæм нæй!» – уыцы хъуыды мæ йæ уæлныхты иста æмæ мæ сабыр кæнын нæ уагъта. «Æгæр хивæнд ма у, уыцы бæрзæндæй куы рахауай, уæд зæфцы фыдæй фесæфдзынæ», – урæдта мæ мæ мидхъæлæс, фæлæ йæм нæ байхъуыстон:

«Нæ рахаудзынæн». «Дæ разæй ма йæ бирæтæ федтой, фæлæ йæм сæ ныфс нæ бахастой». «Уыдон тæппуд уыдысты, æз та ныфсхаст дæн», – мæхицæн загътон æнæ дызæрдыгæй æмæ йæм араст дæн. Цæхгæр къардиуыл ссæдз метры бæрц куы схызтæн, уæд бастадтæн, фæлæ фæстæмæ нал раздæхтæн.

«Кæнæ – цæргæ, кæнæ – мæлгæ!» – скарстон мæхинымæр æмæ та мæ ных хæрдмæ сарæзтон. Иучысыл сбырын, мæ уарзонæн хъæбысгæнæгау къæймæ мæхи нылхъивын æмæ мæ фæллад суадзын. Цæй фæлладуагъд æмæ цæй цыдæр. Мæ буары рыст зына-нæзына фенцайы, æмæ та уæлæмæ сæвналын. Мæ къухтæ, мæ бæгъæввад къæхтæ æмæ мæ гом уæрджытæ цыргъ дуртыл ныххафтон, сæ туг рахъардта æмæ сыл цыма цæхх ныччындæуыд, уыйау дудынц, фæлæ уæддæр мæ фæнд нæ ивын. Кæрдæджы къудзитыл куы андзæвын, уæд сын сæ алыварс къæйдуртæ зыдæй асгарын, фæлæ сæм нал феххæссын, фæлмæн мæр мæ куы фæсайа, уымæй стæрсын, æмæ мæ зæрдæмæ катай бахъуызы. Цы уа, уый уæд, зæгъгæ дзы мæ ныхбынтæй чысыл дзыхъхъытæ скъахын, ме ’нгуылдзтæ дзы афсæрын æмæ та мæ бынатæй фенкъуысын. Мæ цæнгтæ мæ коммæ нал кæсынц, мæ зæнгты хъару басасти æмæ ризынц, уæддæр хилын æмæ хилын. Цардæй мæлæты ’хсæн удхар кæнын, фæлæ мæ ныфс сæттын нæ уадзын. Цыфæнды зындзинæдтæ æвзаргæйæ дæр хъуамæ къæдзæхы сæрмæ схизон, æмæ дзы цы æрттивы, уый фенон. Ехх, сызгъæрин куы разынид! Мæхиуыл фæхæцин æмæ мæ мæгуыры хъиутæ нал хæрин.

Мæ тых-мæ бонæй мæ бæллицмæ тындзын, мæ цыппæртыл бырын, æмæ мæ риумæ цыдæр цин бырсы. Рæстæгæй-рæстæгмæ уыцы цин æрбайсæфы, æмæ йын æгæрон тас йæ бынат æрцахсы. Мæ размæ исты цæлхдур куы фæвæййы, уæд мæ ныфс бынтондæр асæтты, æмæ фæсмоны арты судзын райдайын. «Цæй сызгъæрин дæ хъæуы? Мæгуырæй райгуырдтæ æмæ дæ бынаты æнцад бад. Æнæ базыртæй цæргæстимæ кæдæм тæхыс?» – уайдзæфтæ кæнын мæхицæн, фæлæ уæддæр хæрдмæ хилын. Æппынфæстаг мæ хъизæмайраг балцы нысанмæ схæццæ дæн æмæ дзы мæхи уæлгоммæ аппæрстон. Зæххы сатæг мæ хидæйдзаг фæлмæст буары аза-бæласы сойау куыд хъары, уый æхсызгонæй æнкъарын. Ме уæнгтæ цыма здыйæ конд сты, уыйау ныууæззау сты, æмæ сæ сисын нал фæразын, фæлæ мыл

цымыдис уæлахиз кæны. Мæхиуыл тыхамæлттæй схæцыдтæн æмæ рабадтæн, мæ къæхтæ тыхистгæнгæйæ, къардиуы былмæ бацыдтæн æмæ ærвдзæфау фæдæн. Сызгъæрин æнхъæлæй мæ бæттæнтæ кæмæ тыдтон, уый хуымæтæджы авг разынди…

Уый раджы уыди, тынг раджы, фæлæ ма ныр дæр мæ зæрдыл лæууы æмæ мæ ærхæндæг хъуыдытыл æфтауы: «Кæд мын литературæ дæр сызгъæрины бæсты хуымæтæджы авг уыди æмæ мæ йæ фæдыл йæ мæнг ærттывдæй сайдта? Уæдæ мæ цард иууылдæр, афтид дунемæ тырнгæйæ, арвыстон? Фæлтау къардиуæй куы рахаудаин. Уал азы хуыцæутты æлгъыст Сизифау зыбыты дзæгъæлы фæфыдæбон кæ, уымæй ма æгъатырдæр хъысмæт цы уа!

* * *

Дыккагæй та – мæ царды…

…Мæ уазал афтид уаты æнкъардæй бадтæн æмæ, кæдæм ацæуон, ууыл тæрхæттæ кодтон. Чиныг рафæлдæхтон, фæлæ мæм кæсын нæ цыди, æмæ джихæндзыгæй æбæрæг ранмæ кастæн. Къæлидорæй мæм адæмы уынæр æрбайхъуысти, æмæ мæ дуар æрбайгом и. Къæсæрæй, æфсæрмытæгæнгæ, æрбахызти æвддæс-æстдæсаздзыд хæрзаив чызг, æмæ мæ фæллад уæнгты цыдæр хъарм уылæн анхъæвзта, мæ тугдадзинты зырзыргæнгæ ацыди, æмæ æнахуыр рæсугъд бæстæйы фестадтæн. Мæ зæрдæ бæлоны бумбулийæ фæфæлмæндæр и, æмæ мæ æрфæндыди, дунейы чи никуы æрцыд, ахæм хорздзинæдтæ саразын æмæ мæ уазæджы истæмæй дисы бафтауын, цæмæй мыл йæ цæст æрæвæра, æмæ йæ мæнæй йæ къах макæдæмуал ахæсса. Æнæнхъæлæджы æрбафтæгау дуары цур къæмдзæстыгæй лæууыди æмæ-иу хатыркурæджы цæстæй куы мæнмæ æрбакасти, куы, чи йæ æрбакодта, уыдонмæ. Мæнæй уыди зына-нæзына ныллæгдæр. Йæ тымбыл зæрдæисгæ цæсгом – урс-урсид, æрмæст йæ рустæ уазалæй фæсырхбын сты, æмæ афтæ зынди, цыма дзы туг æмæ æхсыр иумæ хъазыдысты. Йæ дзыккутæ æмæ йе ’рфгуытæ – сатæгсау. Йæ худ æмæ йæ палтойы ’фцæггот – сыбираг урс сæлавыры цармæй конд. Йæ фæлмæн цæстæнгасæй уыйбæрц тавиц ивылди, цыма адæймагыл æрхъæцмæ дæр нæ хъæцы æмæ йæ йæхимидæг йæ хъæбысы рæвдауы. Цæмæндæр мын мæ зæрдыл ærлæууын кодта ирон фыр-

нымд чындзыты, æмæ мæм афтæ фæкасти, цыма йæ ме ’мбал Витя æмæ йе суинаг цардæмбал Дашæ мæнæн æрбакодтой. Уæвгæ йын цæй суинаг цардæмбал уыди? Цалдæр хатты йæм æрбацыди æмæ дзы иуæхсæв ралыгъди, мæ уаты фæмидæг и æмæ дæгъæл гуыдыры фæзылдта, йæ дзаумæттæ феппæрста æмæ мæ фарсмæ хъæццулы бын абырыди. Æз мæ чиныг иуварс æрæвæрдтон æмæ йæм цымыдисæй бакастæн. Витя мæ дуар тымбыл къухæй ныххоста æмæ йæм æртхъирæнгæнæджы хъæлæсæй æрбадзырдта:

– Дашæ, ма мæ мæсты кæн, æддæмæ рацу!

– Ауай уырдыгæй: ницæмæн мæ хъæуыс! – йæ былтæ йыл акъуырдта чызг æмæ мæм йæ риутæ æрбалхъывта. Йæ буары адджын тæфæй бамбæрстон, йæхи мæнмæ кæй бацæттæ кодта. Мæ хуыссæны рабадтæн. Уый мын лæгъстæ кæнынмæ фæци:

– Æз дæ бирæ уарзын, Ирбег, æмæ мæ дæ гуымиры æрдхорды цæсты ма бафтау. Ардæм дæу тыххæй æрбацæуын, æндæр æй афонмæ ныууагътаин. Загъд дæр барæй ракъахтон. Дæумæ æрбалидзынæн æфсон агуырдтон…

– Ирбег, дуар байгом кæн æмæ йæ рарвит! – Витяйæн йæ хъæлæс дзæвгар фæныллæгдæр и, йе ’ртхъирæн мыртæ дæр фæлæмæгъдæр сты, фæлæ уæддæр не ’мдзæрæны хъалагъуры батыхсын кодта, æмæ мæм йæ хъуыр-хъуыр æрбайхъуысти:

– Лæппутæ, адæм уæлтых куысты фæстæ фæллад сты, æмæ сæ фынæй кæнын бауадзут! Уымæй уæлдай дæм æфсарм ма уæд!

Мæ рæстдзинад бамбарын кæныны охыл мæ дзых схæлиу кодтон, фæлæ мын æй Дашæ йæ дзыхæй ахгæдта æмæ мын зыдæй батæ кæныныл схæцыди. Дыууæ арты ’хсæн бахаудтæн, ноджы ма мыл зæронд усы зæрдæ дæр фæхудти, æмæ, ме ’нахъинон уаваræй куыд фервæзон, ууыл тæрхæттæ кодтон.

– Де ’нæрхъуыды мийæ мæ мæ хæлары раз цы бынаты сæвæрдтай, уый æмбарыс? – уайдзæфгæнæгау сабыræй бафарстон ме ’нæхуынд уазæджы æмæ йыл мæхи атигъ кæнынмæ хъавыдтæн, фæлæ йæ фидар къухтæй ферваезын мæ бон нæ баци, хъаруйы фæрцы архайын та мæ зæрдæ нæ бакуымдта.

– Не ’мбарын, уымæн æмæ дын хæларæн нæ бæззы. Уый ныртæккæ дæ бынаты куы уаид, уæд цинæй амæлид. Дæ сæрыстырдзинадыл дын нытту кæнид æмæ дыл былысчъилæй фæхудид, ды та йын йæ

намыс хъахъхъæныс, – тæргайхуызæй загъта чызг æмæ æнæрхъæцæй æнхъæлмæ касти, ме ’ргом æм кæд аздахдзынæн, уымæ. Мæ хуызæн хиуылхæст нæлгоймагыл никуы сæмбæлди, æвæццæгæн, æмæ йæ ахсæв мæ уаты кæй нæ ныууадздзынæн, ууыл кæронмæ не ’ууæндыди. Йæ цъæх цæстытæй мæм худти, фæлæ сæ мидкатай нæ сæфти.

– Раст мæ нæ бамбæрстай. Æз Витяйы намыс нæ хъахъхъæнын, фæлæ мæхи ’фсарм. Райсом мын хъуамæ мæ чъизи ми мæ цæстмæ ма бадара, æмæ мæ цæсгом ма фæсырх уа.

– Чъизи ми… æфсарм… сырх цæсгом… Уый хуырым гал у æмæ ахæм хабæрттæн ницы æмбары.

– Æз та цы уыдзынæн, уымæй дæлдæр куы æрхауон, уæд?

Мæ цæхгæр фарстæн мæ фæндыди æргом дзуапп райсын æмæ нæ ныхас ууыл ахицæн кæнын, фæлæ мæм Дашæ нæ хъуыста.

– Мæнæй афтæ, дæ зæрдæмæ цæуын, æмæ фæрæдыдтæн, – загъта фæсмонгæнæджы хъæлæсæй æмæ фæстаг фæлварæнтæ кодта мæ фæнд аивыны тыххæй. Мæ къухтæ мын-иу куы йæ риутыл авæрдта, куы мын сæ-иу йæ цармыдзаг буарыл дæлæмæ ’рхаста.

Куы мæм фæхæрам уа, уымæй тарстæн æмæ йын йæ бур дзыккутæ рæвдыдтон, йæ цæнгтæ йын сæрфтон æмæ йæ сабыртæ кодтон:

– Нæ фæрæдыдтæ. Мæ зæрдæмæ æцæгдæр цæуыс.

– Уæдæ мæ уыцы æнæхсæсты хъæбысмæ цæмæн æппарыс? Куы дæ æрцахсон, уымæй тæрсыс? Ма тæрс. Нæ рæстæг иумæ æхсызгонæй арвитæм, æндæр мæ дæуæй ницы хъæуы. Куы мæ схъыг уай, уæд мæхæдæг ацæудзынæн.

Нæ ныхас кæрæдзиуыл кæй нæ бадти, уый мын хъыг уыди, æмæ дзы мæхимидæг тыхстæн. Уымæн та йæ зæрдæ æндæр сагъæстæ æвдæрзтой. Дæхицæн бæллиццаг æнхъæлæй иу лæппуйæ иннæмæ ралидз, æмæ сæ дыууæйы ’хсæн къæмдзæстыгæй баззай. Чызгæн ма йæ хиуарзондзинад уымæй тынгдæр цы бафхæра? Цæмæй йыл Витя йæ сæт ма фækала æмæ дзы æнæрвæссонхуызæй ма спайда кæна, уый тыххæй цæуылфæнды дæр разы уыди æмæ йæхиуыл нæ ауæрста. Куыд йæ бон уыди, афтæ мæ зæрдæ балхæныныл архайдта.

– Мæнмæ кæй æрбацыдтæ, уый æхсæвгæс зоны, æмæ дзы худинаг у, – йе ’фсармыл сахадыны тыххæй дæлдонгæнæгау лæбурын фæстаг хъæмпыхалмæ, фæлæ чызг нæ сæтты.

– Уый зæронд гадздза у æмæ йæ лыстæны ныссæйæд! Ærыгонæй фылдæр чи фæродтæм цæуы, уыдон та нын æгъдауæвæрджытæ свæййынц!

– Сабырдæр дзур, науæд дæ фехъусдзæн æмæ дæ феддæдуар кæндзæн.

– Ды мыл кæй не 'рвæссыс, уымæй мын зындæр уыдзæн йæ тард? – хъæрзæгау мæ бафарста æмæ йæхиуыл афтæ зынæй схæцыди, цыма йе уæхсчытыл уæззау уаргъ систа, æмæ та дывыдон арты бахаудтæн. Гъер мæхицæй зæды къалиу цы аразын? Цæмæн мыл хъуамæ фæхуда Витяйы зæрдæ? Йæ уарзоны йын тыхæй байстон? Нагъ. Уæдæ дзы цы 'фсæрмы кæнын?

«Хиуыл хæцынæй хуыздæр ницы ис, Ирбег. Адæймаг йæхиуыл куы фæтых уа, уæд уымæй стырдæр уæлахиз нæй», – мæ хъустыл ауади Аминæты сабыр хъæлæс. Мæ къух Дашæйы фæсонтæм байвæзтон, фæлæ йæ уайтагъд фæстæмæ аскъæфтон.

– Хуыцауæй дæ бауырнæд, ærвæссын дыл, фæлæ Витяйыл гадзрахатæй рацæуын мæ бон нæу. Мæскуыйы мæм уымæй хуыздæр зæрдæ ничи дары, – загътон ын мæхи растгæнæгау.

– Æз та?.. – бафарста мæ тæргайхуызæй æмæ зивæггæнгæ йæ дзаумæттæ кæнын райдыдта.

Фæсмон æмæ мын тæригъæд мæ зæрдæ уацары райстой. Ærфæндыд мæ йæ хъуырыл атыхсын æмæ дзы хатыр ракурын, фæлæ мын мæ лæмæгъдзинад раст куынæ бамбара æмæ та мын йæхи ногæй хъарын куы райдайа, уымæй фæтарстæн æмæ мæхиуыл ныххæцыдтæн. Цалынмæ тыргъмæ нæ ахызт, æмæ мæм дзæвгар рæстæджы фæстæ ме 'рдхорды дуары хъæр не 'рбайхъуыст, уæдмæ не 'рсабыр дæн.

Уыцы ныв мæ цæстыты раз цалдæр уысмы йеддæмæ нæ бафæстиат. Мæ фæлгæнæны арвæрттывдау февзæрд æмæ цæсты фæныкъуылдмæ 'рбайсæфт, фæлæ мæ сæрымагъзæй нæ фæхицæн. Кæд дæ йæ хъуырыл атыхсын афтæ тынг нæ фæндыд, мыййаг, æмæ Витяйы фæстæ 'фсонæн бамбæхстæ? Дæ зæрдæйы рæбинаг хал дын куы фæцагайдтаид, уæд йемæ дæхи æндæрхуызон дардтаис. Уæдæ ма, мæнæ дæ уатмæ кæй æрбахуыдтой, уыцы æхсинæг йæ уарзон уаид æмæ дæм дзы æхсæвыцæстæй æрбалидзид, цымæ йæм уый дæр фæстæмæ афтæ æнцонæй арвитис? Куыннæ, куыннæ. Де 'фсармыл

хъуыды дæр нал акæнис. Ды æнæ уарзгæйæ дæ хиуылхæст æмæ уæззаузонд, рæсугъд сылгоймаджы куы ауыныс, уæд та сойыфыхæй рогдæр свæййыс. Гъер кæд сылваз нæ дæ, уæд æм дæ мидбылты цы худыс? Афтæмæй йæ зæрдæмæ тынгдæр фæцæуынмæ хъавыс? Æви, Дашæйы кæй нæ барæвдыдтай, æмæ дыл рæдыд кæй не 'рцыди, ууыл цин кæныс? Се 'хсæн цы бирæ быдыртæ ис! Хуыцау алы хъуыддаг дæр рæстырдæм аразы...

– Сур фæдæ æви де 'взаг аныхъуырдтай? – мæ хъуыдытæ мын фæсырдта Дашæ. Йæ тымбыл дзаг цæсгомыл ахæм хуыз æвдыста, цыма мæм æрмæстдæр хæлары зæрдæ дардта, цыма æндæрæхсæв мæ уатмæ æрмæстдæр Витяйы мæстæй марыны тыххæй æрбацыд æмæ мæ цуры йæ туфлитæ дæр нæ раласта. Витяимæ та цыма рагæй цæры, æмæ се 'хсæн зулдзыхы ныхас дæр никуы рауад, уыйау ыл хионы бустæ кæны:

– Ай мæнæ рæсугъд чызгыл йæ цæст æрæвæрдта æмæ йæ алыварс æппындæр никæйуал уыны, къуырмагаркау йæ мид-зарæгæй дарддæр ницыуал хъусы, фæлæ дæуыл та цы 'рцыди? Дæ дзых цы ныххуыдтай? Байгом æй кæн æмæ исты зæгъ. Ам лæууæм æви дæумæ цæуæм?

Йæ хъæлæсы уагыл бæрæг уыди, мæнмæ баззайын æй кæй фæндыди, уый, стæй Витя дзуапп дæттынмæ мæ разæй куы фæуа, чызджы куы акæной, æмæ йæ куы нал фенон, уымæй старстæн æмæ талф-тулфæй сдзырдтон:

– Кæдæм ма цæут? Уæхи 'рфистæг кæнут æмæ цай бацымæм. Æз дæр кæд сымах фæрцы истæй хъæстæ фæуаин.

– Куы дæ, зæгъын, бахъыгдарæм, æмæ дæ чиныг æнæ кастæй куы баззайа… – сусæг ælхыскъ мæ фæкодта Дашæ.

– Ам цæргæйæ куы баззайат, уæддæр мæ ницы бахъыгдардзыстут.

– Нæ дыууæ Витя дæр?

Йæ гæдывад худтæй йæ цæсгом барухс и, æмæ æз дæр бахудыны охыл мæ был фесчъил кодтон.

– Фыркъа ног дуармæ куы ныджджих уа, уый каст æм цы кæныс? Базонгæ ут. Йæ ном хуыйны… Уæвгæ йæ йæхæдæг зæгъæд… Уæд та дæ йæ удхæссæг уыны æмæ йæ демæ зонгæ кæнын нæ фæнды…

Чызг йæ мидбылты бахудти, æмæ йæ цæсгомæй хуртæ æмæ мæйтæ скасти. Æппæтæй тынгдæр мæ æрфæндыди йæ урс къухыл андзæвын æмæ мæ зæрдæмæ ныфсы æртах бауадзын. Афтæ мæм

фæкасти, цыма нæ уыцы бавнæлд кæрæдзимæ фæхæстæгдæр кæндзæн. Хорз фадат мын фæци, æмæ йæм бауадтæн, йæ къух хъарм кæныны æфсон ын æй мæ армытъæпæнты ’хсæн акодтон æмæ йын мæхи разæнгардæй бацамыдтон:

– Мæ ном хуыйны Ирбег.

– Мæнæн та – Ланæ.

– Лань, – сфæзмыдтон æй, тавицгæнгæйæ. – Дæ ном дыл диссаджы дзæбæх фидауы. Хъуазы хуызæн æвæлмас кæй уыдзынæ, уый дæ номæвæрæг кæцæй базыдта?

– Кæлæнгæнæг уыди, – мæ зæрдæлхæнæн ныхасы уаг мын дарддæр ахæццæ кодта чызг, цыма, æмзæл зарæг заргæйæ, иумæйаг æвзаг ссардтам, уыйау, æмæ йæ рæвдауæг сау цæстытæ æнахуыр рæсугъд æрттывд фæкодтой.

– Мæ хуызæн дзæбæх ирон лæппуйыл куы сæмбæлай, уæд æм хъуамæ цы зæрдæ дарай, уый тыххæй дын ницы загъта?

Чызг Дашæмæ аивæй бакасти, цæмæй йыл мæ къæйных фарстæй мацы къæм абада æмæ йæ цæсты ма бафта, уый тыххæй, æвæццæгæн, æмæ йæ сæр «нæ», зæгъгæ, батылдта, стæй йæ къух æвæндонæй айста. Уыцы мæлгъæвзаг змæлдæй мын мæ зæрдæйы чысыл ныфс бауагъта, æмæ та цыдæр хъарм уылæн мæ буарыл ахæлиу и. Мæ зæнгты рызт ацыди, æмæ ме уæнгты фæллад æрбайсæфти. Раздæрау та мæ ’рфæндыди уæлæрвты тæхын. Ахæм уавæры-иу уыдтæн, мæ цин-иу мæ риуы куы нал цыди, уæд. Мæ цин та-иу мæ риуы нал цыди æрмæстдæр рæсугъд сылгоймаджы фенгæйæ, уымæн æмæ мæ Хуыцау дæр уый уыди, мæ дин дæр.

– Цæй æнæмбаргæ дæ, цæй? Уазæджы йæ фæсдуар уыйбæрц чи дары? Мидæмæ йæ æрбахон, йæ дзаумæттæ раласынмæ йæм фæкæс æмæ йæ стъолы фарсмæ æрбадын кæ. Сывæллонау дын алцыдæр амонын хъæуы. Уæвгæ, сылгоймаджы таласхъуаг зæрдæ балхæныны фаг хъару кæмæ нæй, уыцы æнæфенд кавказагæй цы домын? – йæ монцтæй дзаг буары дойны йын кæй не суагътон, уый та мын мæ цæстмæ бадардта Дашæ, æмæ уазæгæн ме ’хсызгондзинад равдисыны тыххæй мæ хъæлæсыдзаг ныххудтæн, стæй йын йæ ныстуан æххæст кæнынмæ фæдæн.

Зæрдæ йæхимæ кæй райсы, уымæн йæ дарæс дæр мæлæты адджын свæййы. Йæ палтойы цæппæртæ мингай палтоты цæппæртæй æп-

пындæр ницæмæй хицæн кодтой, фæлæ мæныл иннæтæй хъауджыдæр афтæ тынг ахадыдтой, цыма табугонд уыдысты, æмæ сæ куы рафтауон, уæд зæххон дзæнæтмæ бахаудзынæн. Мæ тых-мæ бонæй сыл архайдтон, фæлæ йæ хъарм комулæфт мæ цæсгомыл æндзæвыди, мæ хъуыдытæ мын йæхимæ здæхта, æмæ мæ къухтæ мæ коммæ нæ кастысты. Мæнмæ гæсгæ, цæппæрты хицау дæр мæнæй æдыхстдæр нæ уыди. Æгæр хæстæг лæуд æм фæдæн, фыр æфсæрмæй йæхицæн бынат нæ ардта, æмæ цалдæр æгънæгыл нæ бон нæ цыди. Æрæджиау сæ рафтыдтам. Ланæ йæ палто феппæрста, урс хъуырбæттæн ын йæ дысы атъыста æмæ уæнгрогæй Дашæмæ бауади. Æз, палто мæ риумæ 'лхъивгæйæ, шифанеры дуар байтыгътон æмæ сæццæйæ аззадтæн. Рагъæныл мæ дынджыр зæронд макъинтош ауыгъдæй лæууыди, æмæ мæм æнæуынондзинад æвзæрын кодта йæ лæваргæнæг – мæ фыдыфсымæрмæ, мæ цагъайраг куыстмæ, мæ мæгуырдзинадмæ. Ланæмæ мæм цы рæсугъд æнкъарæнтæ фæзынд, уыдон куыд тæссонд уыдысты, уый æмбæрстон, йе 'взонг зæрдæйæ мæ цыфæнды тынг куы бауарза, уæддæр нæ ахастдзинæдтæн фидæн кæй нæ уыдзæн, ууыл гуырысхо нæ кодтон æмæ тыхстæн. Афтæ мæм касти, цыма мæ ницæйаг цардæн йæ цæсгом мæнæ ацы пъолсæрфæн хæррæгъ у, фæлæ, цæмæдæр гæсгæ, хæссы йе 'рымысæджы мыггаг – Макинтош. Кæм и, уым дæлдæр ныххауæд мæ тæригъædæй! Цыма йæ мæ фыддæрагæн æрхъуыды кодта, цæмæй йæ резинæ плащæй мæн ингæнмæ батæра. Уæвгæ, æз æнæбон кæй дæн, мæ фыдыфсымæр та – бынты-быны чъынды, æмæ мæм дзы йæ бирæ хъарм палтоты 'хсæнæй ацы тæнæг зæронд хæррæгъ йеддæмæ кæй ницы рантысти, уым шотландиаг химик цы азымджын у? Уый йæ къæвдайы рæстæг дарынæн сарæзта, Азæмæт та мын æй зымæгæн йæ тæккæ хъызты дарынмæ радта. Цыма мæ мæстæй мардта, уыйау алырдыгæй æрзæбултæ и æмæ мыл йæ лæбырд хуыдыхæлдтытæй худти.

Мæ уæлæ-иу æй куы скодтон, уæд мын-иу лæппуты 'лхысчъытæй фервæзæн нал уыди. Ноджы-иу кæрæдзимæ ахæм хъæлæсы уагæй дзырдтой, цыма-иу сæ рæзты æлгъаг уаллон фæцæйбырыди, æмæ ма йыл-иу æрмæстдæр къахæй ныллæууын хъуыди.

– Кæсут-ма йæм, кæсут, цы тынг аив у!

– Æмæ йæ хæрзконд уæнгтыл куыд дзæбæх бады, уый та, раст ын æй цыма йæхиуыл бахуыдтой!

– Онегин у, Онегин. Пушкин æй куы фенид, уæд зæгъид: «Как денди лондонский одет».

– Ахæм диссаджы плащ кæм бахуыйын кодта, цымæ?

– Парижы хуыздæр салоны, æндæр кæм.

– Нæ, мæ хæлар, нæ. Глазгойæ йæ ’рбаласта.

– Ахæм плащтæ хуыйынц æрмæстдæр Мадагаскары. Æз дæр дзы Антананаривуйы сæйраг дуканийы мæхицæн иу балхæнынмæ хъавыдтæн, фæлæ мын æхца не сфаг и, æмæ ныр Ирбегмæ хæлæг кæнын.

Макъинтошмæ кæсгæйæ та уыцы ныхæстæ мæ хъусты азæлыдысты, æмæ мæ ’рфæндыди мæ къæхты бын æй ныссæндын æмæ дзы ме ’ппæт мæстытæ дæр райсын, мæ райгуырæн бонæй фæстæмæ мæ уæлæ хуызæнæн дараес кæй нæма уыди, уый тыххæй. Нæ, мæхи ма Ланæйы цæсты цы бафтауон, æндæр рассæнд-бассæндæй ницы рамбулдзынæн. Хорз æмæ Дашæмæ атындзыдта. Мæ цуры ма иучысыл куы афæстиат уыдаид, уæд æй федтаид, æмæ йæ зæрдæ схастаид. Йæхи палто цы дзæбæх тæф кæны! Мæнæн та йæ цыма исчи бырæттæй фелвæста. Ахæм дыууæ дзаумайæн иумæ æвæрæн куыд ис? «Сæ хицæуттæн та иумæ уæвæн ис?» – фелхыскъ мæ кодта мæ мидхъæлæс, æмæ мæ зæрдæ бауазал и. Макъинтош рагъæнæй æрæппæрстон æмæ йæ мæ къахæй рæбынмæ бассыдтон, йæ бынаты йын Ланæйы палто сауыгътон, æмæ тасæфтауæг хъуыды мæ сæрымагъзы электрон тыхау атахти: «Ацы чызгмæ бæллыс, фæлæ дæ иуафон де ’нæуынон плащау, былысчъилтæгæнгæ, бырæттæм куы аппара, уæд та? Æниу рагацау мæхи цы тæрсын кæнын, цымæ? Ныpма никуы – бæхы хуыррытт, никуы – ехсы къæрцц. Уæд та мыл нæ барвæссыд». Дуар ахгæдтон æмæ уазджытæм азылдтæн. Дашæ хæринæгтæ æмæ ностытæ йæ сау сæрак хызынæй стъолмæ куыд иста, уый бафиппайдтон æмæ ныфсæрмы дæн.

– Витя, кæд дæ зæрды исты уыди, уæд мын æй рагацау мæ хъусы бацагътаис, æмæ æз уе ’рбацыдмæ фынг æрцæттæ кодтаин. Гъер мæ сылгоймæгты раз цы бынаты сæвæрдтай? – бустæхуызæй фелхыскъ кодтон ме ’мбалы.

– Æз мæ сæрæн ницы зонын. Дашæ у амидингæнæг, – æбæрæг дзуапп мын радта Витя æмæ йæ фидæрттæарæзт уæхсчытыл схæцыди, ам цы цæуы, уымæн æз дæр дæуæй уæлдай ницы æмбарын, зæгъгæ.

– Æппындæр-ма мацæуыл тыхсут. Уæ рад дæр æрцæудзæн, – æмбæхст æртхъирæнимæ загъта Дашæ æмæ Витямæ йе ’ргом аздæхта. – Цæут-ма, Ланæимæ тæбæгътæ æмæ агуывзæтæ радавут.

– Уырдæм куы ацæуиккам, уæд хуыздæр нæ уаид? – хъавгæ йæ бафарста Витя, æмæ йæм Дашæ цæхгæр фæзылди:

– Тамакойы хъæхъхъаг тæфæй йæм бацæуæн куынæ ис, уæд æм æрыгон чызджы куыд хоныс?

– Цæй, о, æз афтæ æнæуи загътон, – йæ фындзы бын багуым-гуым кодта Витя æмæ Ланæйы разæй тыргъмæ ахызти. Куыддæр фæаууон сты, афтæ мæм Дашæ æрбакасти æмæ, йæ алы ныхас дæр тæразыл баргæйæ, дзурын райдыдта:

– Ланæйы дæумæ ’рбахуыдтон. Æмбисонды хæрзæгъдау чызг у. Киномæ ацæуын дæр никуы никæимæ бакуымдта, фæлæ йыл ацы хатт цыдæр зæд атахти. Нæ хабар ын куы рафæзмыдтон, уæд фыр дисæй йæ цæстытæ ныхъхъоппæг сты, æмæ мын афтæ: «Йæ ницæйаг хæлары зæрдæхудтæй тæрсгæйæ, дæу хуызæн цыбæлгæнæн сылгоймагмæ чи нæ бавнæлдта, уый кæнæ зæд у, кæнæ рынчын». Рынчыны каст, зæгъын, нæ кæны. Уæдæ, дам-ма йæ мемæ базонгæ кæн. Уыцы ныхæстæ та мæн бафтыдтой дисы. Ланæйы дзыхæй кæй схаудтой, уый дæр мæ зынæй бауырныдта. Мæ хуызæн ронбæгъд æнхъæл ын ма фæу. Тынг хиуылхæст у. Иу уæлдай ныхас дæр дзы нæ фехъусдзынæ, фæлæ мæм афтæ кæсы, цыма ды йæ зæрдæмæ фæцыдтæ.

– Æгæр рæсугъд у, æмæ йæ мæхиуыл бабæттын куынæ бафæразон.

– Сæрхъæн! Адæм рæсугъдтæм бæллынц, ды та сæ лидзгæ кæныс!

– Лидзгæ сæ нæ кæнын, фæлæ – тæрсгæ.

– Ма сæ тæрс. Ды сын куыд æнхъæл дæ, афтæ тæссаг не сты. Бæстон ахъуыды кæн æмæ дæ цард сараз. Дунетыл куы фæзилай, уæддæр Ланæйы хуызæн æппæтæй æххæст чызгыл нал сæмбæлдзынæ. Бакастæй куыд рæсугъд у, йæ миддуне дæр афтæ рæсугъд у, æмæ исты æгуыдзæг къупырийы хай куы фæуа, уæд зæфцы фыдæй фесæфынæн æвгъау у.

– Фæлæуу-ма, фæлæуу. Ууыл тыхсыс æви мæныл? – йæ уæзбын ныхас ын фæрогдæр кæнынмæ хъавыдтæн æз, фæлæ уымæн йæ равг мисхалы бæрц дæр нæ аивта.

– Уæ дыууæйыл дæр, – дзуапп мын радта хистæр хойы хъæлæсæй,

æмæ йыл баууæндыдтæн, фæлæ ма йæ уæддæр къахæгау бафарстон фæлварыны хуызы:

– Цæмæн?

– Уымæн æмæ мæ удæн адджын стут. Мæхæдæг ницы амонд уынын, фæлæ кæд сымах амондæн исты фæахъаз уаин.

Ланæ Витяйы разæй æрбахызт, Дашæйæн фынгтæ æвæрынмæ феххуыс кодта, æмæ мæм афтæ фæкаст, цыма мæ хæдзары æфсин у æмæ ардыгæй нал ацæудзæн. Фыццаг сидты фæстæ мæ цавæрдæр æбæрæг тых хæрдмæ систа æмæ мæ йæ уæлныхты рахæсс-бахæсс кæнын райдыдта. Фыр уарзтæй фæрасыг дæн, æмæ мæ сæр зылди. Кæд фыр уарзтæй нæ уыди, фæлæ хус сæнæй уыди? Нæ, фыр уарзтæй уыди, уымæн æмæ сæн иу агуывзæ йеддæмæ нæ бануæзтон. Ланæ мæ фарсмæ бадти æмæ мæ йæ буары хъармæй тавта. Рæстæгæй-рæстæгмæ-иу агуывзæ йæ дзыхмæ схаста, сæнæй-иу сахуыста æмæ та-иу æй фæстæмæ йæ бынаты æрæвæрдта. Дашæ йын нуазын кодта, фæлæ уый нæ куымдта. Йæ къухмæ йын аивæй æвнæлдтон, æмæ йæхи ницыхуызон кодта, уайдзæфгæнæджы цæстæй мæм нæ касти. «Кæд мын мæ бандзæвды нысан дзæбæх не 'мбары æмæ йæ мидбылты уымæн худы?» – фарстон мæхи. «Нæ, æмбары йæ: ахæм сывæллон нал у. Æхсызгон ын кæй у, уый йыл хорз зыны. Суанг ма мын æй Дашæйы цæстытæ дæр дзурынц». Чысыл фæуæндондæр дæн, æмæ йæ фæлмæн æнгуылдзтæ мæ дæрзæг армы февзæрдысты. Мæ уырзтæ-иу йе 'нгуылдзты 'хсæн иучысыл афæстиат сты, стæй та-иу сæхимидæг базмæлыдысты. Кæцæйдæр мæм хъуысти кæйдæр цырынгæнæн хъæлæс: «Дæу у, Ирбег. Дардмæ кæй агуырдтай, уый дæм йæхи къахæй æрбацыд, æмæ йыл фидар хæц».

Æгæрон бузныг уыдтæн Витя æмæ Дашæйæ, ахæм бæрæгбон мын кæй сарæзтой, уый тыххæй. Дун-дунетыл мæм мæ уазджытæй хæстæгдæр ничиуал уыди, æмæ мæ 'рфæндыди се 'ртæйы дæр мæ хъæбысы æрбатухын. Зынаргъ адæймагыл куы сæмбæлын, уæд ын æмбойны ацæуынæй фæтæрсын æмæ мæ цины ад æххæстæй нæ банкъарын. Минуттæ кæрæдзи фæдыл куыд згъордтой, афтæ тынгæй-тынгдæр тарстæн, Ланæйæ куы фæхицæн уон, уымæй æмæ йыл фидар хæцыдтæн. Искуы-иу хатт-иу йæ къух айста, исты комдзаг-иу йæ дзыхмæ схаста æмæ та-иу æй фæстæмæ æруагъта, цыма мын-иу афтæ зæгъынмæ хъавыди: «Дæу тыххæй йæ нæ айс-

тон. Хæц ыл, кæд дæ фæнды, уæд». Æз ыл-иу мæ арм æрæвæрдтон æмæ та-иу цалдæр уысмы фæсабыр дæн. Сывæллоны митæ кодтон, фæлæ мæхиуыл фæуæлахиз уæвын мæ бон нæ уыди. Ноджы Ланæ йæ гыццыл сызгъæрин сахатмæ тыхстхуызæй æркæс-æркæс кодта æмæ мыл катай æфтыдта.

– Лæппутæ, махæн цæуын афон у, – хъыгзæрдæйæ загъта Дашæ æмæ фынг æфснайынмæ февнæлдта.

– Мæ бар æй уадз. Æз ма ам хуыздæр цы кусын?

Мæ ныхасмæ йæ бурбын æрфгуытыл, дисгæнгæйæ, схæцыди, йæхи мæм хæстæг æрбайста æмæ мæ саст хъæлæсæй бафарста:

– Сæхимæ йæ нæ кæныс?

– Кæд æй нæ фæнды, уæд та? Мæхи йын тыххæй куыд хъарон?

– Куырм дæ æви дæхицæй æдылы аразыс?

Йе ’ууæнк мæ риуы ахъардта, æмæ мæ зæрдæ барухс и.

– Æз – ныртæккæ! – сдзырдтон талф-тулфæй æмæ палто агурæг къæлидормæ асæррæтт ластон. Мæ зонгæтыл азылдтæн, фæлæ дзы иу дæр йæ уаты нæ разынд, æмæ адæргæй мæ хид мæ къæхты бынæй акалд. Палто куынæ ссарон, уæд цы кæндзынæн? Ланæйæн хæрзбон зæгъдзынæн, æндæр цы? Нæ, нæ! Уый бæсты… Цы уый бæсты? Ацы хъызты уынгмæ афтид пинджачы ацæудзынæ? Дæ рæуджытæ куы фæсахъат уой, æмæ ма Ланæйы æдде иннæ чызджытæй дæр куы фенæхай уай, уæд та? Нæ, нæ! Фæлтау… Цы фæлтау? Ахæм дзæбæх чызгæй хъуамæ иу ницæйаг палтойы тыххæй фæхицæн уай? Уæд та мæ макъинтош скæнин? Дæхæдæг дæр кæуыл не ’рвæссыс, уыцы хæррæгъ? Хæрзарæзт чызг дæ æлгъгæнгæйæ куыд алидза, афтæ? Уæдæ мын цы гæнгæ у, цы?! Мæгуыр лæппу дæ æмæ дæ кæрддзæмы ’нцад бад. Дæ уарзон фыссæджы ныхæстæ дын цал æмæ цал хатты рафæзмыдтон: зæххыл бырынмæ чи райгуыра, уымæн уæлæрвты тæхæн нæй. Дæлдзæх фæуæд мæгуырдзинад! Дæлдзæх фæуæд мæ фæлдурæджджын бæстæ, цагъайраджы куыстæн æнæбары капеччытæ чи фиды!

Афтид къæлидоры цавддурау лæууыдтæн æмæ сагъæстæ кодтон. Мæ зæрдæ йæ куыстæй куы банцадаид, уæд мын Ланæмæ бацæуынæй æнцондæр уыдаид. Æнæнхъæлæджы мын кæй садджын кодта, уыцы агъуысты мæм æнхъæлмæ куы кæсы, уæд ын цы зæгъдзынæн? Палто не ссардтон, æмæ дæхæдæг ацу, зæгъгæ? Мæ мæгуырдзинады

ædde ма ægад dær fæуон? Нæ, фегад уævыны бæсты мыл йæ зærdæ фæхудæд. Мæ амонд цъырыхснæг кæсагæй уælдай нæу, æмæ та ацы хатт dær мæ къухтæй ацъыгъгъуытт ласта. Кædæй-уædæй мæ уд ænцой æмæ рævдыд бавзærста. Æмæ та хъуамæ мæ афтид уаты дудгæ бонтæ 'рвитон. Зærdæсастæй, уæззау къахdзæфтæгæнгæ, араст dæн. Куыddær дуары хæцænмæ бавнælдтон, афтæ уынгæй фæныкхуыз фæззыгон палтойы мæнæй чысыл бæрзонddær бурхил лæппулæг ærбахызт, мæхи йæм баппærстон æмæ йæм лæгъстæхуызæй ærхатыдтон:

– Владимир Ильич, де 'мномænæхъæн зæххы къорийы мæгуырты бахъарм кæнынмæ куы тырныдта, уæд ды иу бæгънæг кусæджы dæ роны нæ бакæндзынæ?

– Уагær dæ цы хъæуы мæнæй? Ахæм ныхæсты фæстæ дын мæ фæстаг хæдон dær нæ бавгъау кæндзынæн, – йæ рæсыдхуыз цæстытæй бахудти Валодя æмæ мæм йе 'ргъævст къух ærбалæвærдта.

– Dæ хæдон фæрнæй dар, фæлæ мæм dæ палто цыбыр рæстæгмæ аваер. Мæ зærды иу чызгимæ фембæлын ис, æмæ мæ макъинтошæй æфсæрмы кæнын…

– Табуафси. Æгайтма dæ хъæуы, – разæнгардæй сdзырdта Валодя æмæ цæугæ-цæуын йæ палто феппærста. Æз дзы мæхи 'рбатыхтон, æмæ, чысыл раздær зærdæбынæй кæй ælгъыстон, уыцы фæлдыст бæстæ ærдхæræны дуне фестади æмæ иууылдær мæхи баци.

* * *

Кæннод ын цы зæгъон, кæд мæ хуызæн æгуыдзæг сæмпærчъийæн ærдхæræны дуне нæй. Мæ дымгæдзагъдænæфыдærхъис цæсгомылænænхъælæджы зælдаг хуры тын куы андзævыд, уæд мæм афтæ фæкаст, цыма ме 'нæзылд уазал хатænмæ рухс æмæ хъармы бардуаг ærбацыд æмæ мæ мæ дарddæры фыдæвзарæнтæй бахизынмæ хъавыд. Мæ уæззау хъуыдытæ мæ сæрæй фæлыгъдысты æмæ мæхиуыл уæнгрогæй схæцыдтæн. Зærватыччы æххормаг лæппын ма йæ мады æфсон æцæгælон маргъмæ батилы йæ лæмæгъ базыртæ афтæ цырынæй. Фыр цин æмæ фыр цыбælæй йæ уды быцъынæг сцæйхауы, фæлæ уайтагъд йæ бон базоны æмæ ныхкъуырdæй йæ бынаты ærныгъуылы. Æваræз уævгæйæ, мæ зærды нæ тызмæг

царды æнæфыст закъætты сæрты ахизын уыди, æмæ мæ сæ фыдæх басыгъта. Зымæгон хуры фæлурс чъилмæ мæхи батавынмæ хъавыдтæн æмæ зæрдæрисгæйæ ноджы 'ргъæвстдæрæй баззадтæн…

Ме 'нæуынон хъазайраг куыст мæм ædзухдæр æнæфсис тугдзых сырдау аныхъуырынæввонгæй æнхъæлмæ касти. Мæхи дзы-иу мæстæлгъæдæй атыдтон æмæ та йæм-иу фæстæмæ сæргуыбыр, уæнтæхъилæй æрбаздæхтæн. Мæ чъизи дæрзæг кусæн дарæс дæр мын уымæй адджындæр нæ уыди. Мæ уæлæ-иу æй куы скодтон, уæд мæм-иу афтæ касти, цыма-иу мæ хъуыдытæ æмæ ме 'нкъарæнтæ дæр уый хуызæн чъизи æмæ дæрзæг систы. Мæхиуыл-иу нал æрвæссыдтæн æмæ-иу адæмы размæ рацæуын нал уæндыдтæн, былысчъилтæ мыл куы кæной, уымæй тæрсгæйæ. Мæ бирæ æнахъинон сагъæстыл ма бафтыди Ланæ дæр, æмæ мæ зынтæ фæфылдæр сты…

Дынджыр къæдзбел-иу мæ рæсыд уæрджыты æххуысæй змæст бетоны афсæрстон, мæ тых-мæ бонæй йыл-иу схæцыдтæн æмæ-иу æй нарæг хуынкъæй коллектормæ ныккалдтон. Чъыбылайæ мæм-иу йæ æмыр тъæпп сыхъуысти, æмæ та-иу бетонмæ мæхи багуыбыр кодтон. Ælхыскъгæнаг цъенгæ мын мæ фындзы фæрстæ кæрæдзиуыл ныхæста, мæ буары иннæрдæм хызти, мæ хидæйдзаг синтыл-иу куы сæмбæлди, уæд-иу срыстысты, æмæ-иу æваст фестъæлфыдтæн. Мæ зæнгтæ æрдæгсалд хуылыдз къодæхтæ фестадысты æмæ ницыуал æмбæрстой, мæ цæнгтæ та лæмæгъæй-лæмæгъдæр кодтой. Фæндыди мæ бел аппарын, коллектормæ ныххизын æмæ хъармы мæ фæллад суадзын, фæлæ мын иу минут дæр æрлæууыны амал нæ уыди. Уыцы хъызт уæлдæфы бетон куы ныхъхъæбæр уыдаид, уæд фесæфтаид, æмæ масты хай бауыдаин. Уæвгæ, мастæй уыйбæрц нæ тарстæн. Мæ буары рыст мын мæ зæрдæйы катай куы фæбынæй кодтаид, æмæ мæ мидхъуырдухæнæй иучысыл куы фервæзтаин, уымæ бæллыдтæн æмæ мæхиуыл нæ ауæрстон, фæлæ уды рисыл ницавæр тых уæлахиз кæны. Мæ разы лæууыди Ланæйы сурæт æмæ мыл былысчъилæй худти.

– Хорз дæ куы фæхъазыдтæн! Ныр æцæгдæр афтæ фенхъæлдтай, æмæ дæ зæрдиагæй бауарзтон? Ахæм хъуыддагæн уæвæн куыд ис? Мæ хуызæн рæсугъд чызг дæуæн куыд хъуамæ бакома? Мæ сæрызонд фæцыд? Ædылы дæ, ædылы æмæ ædзухдæр састы бынаты уыдзынæ, уымæн æмæ, дæ бон цас у, уымæй уæлдæр æвналыс.

Æппындæр айдæнмæ нæ кæсыс æмæ дæхи нæ уыныс, дæ уынд æмæ дæ уавæрæй хатдзæгтæ нæ кæныс æмæ иу рæдыд иннæйы фæдыл уадзыс. Нæ ахуырæн дæ, нæ – кусынæн, нæ – хæдзар самал кæнынæн. Æгæр-мæгуыр дын палто дæр нæй. Удыкъæртты хуызæн мæлхъимæ курæггаг дзаумайы тезгъо кæн – уымæй ма æгаддæр цы уа! Дæхицæн иу бынат ссарын нæ фæразыс æмæ ма мæн дæр цъыфдзастмæ дæ фæдыл ласыс. Нæ, мæ хур, нæ! Ницы дын дзы рауайдзæн! – мæ хъустæ мын хостой йæ мæстæймаræн ныхæстæ.

Мæхицæн сабыræй куы цардтæн æмæ куы никæмæй ницы агуырдтон, уæд мæм æй Дашæ цæмæн æрбакодта? Йæ маст райсынмæ? Æмæ йын уыйбæрц æвзæрдзинад цы сарæзтон? Витямæ йæ кæй арвыстон, уый йын йæ зæрдæйы ахæм стыр маст бауагъта? Кæд о, уæд йæ фыдвæнд йæ къухы бафтыд, æмæ цинæй мæлæд. Æз дзы æгæрон бузныг фæдæн æмæ йæм хæлары цæстæй акастæн, уый та мын фæстæрдыгæй ме счъилтæ ралыг кодта. Уæвгæ мын афтæ хъуыди. Ноджы фыддæр митæ мын куы бакодтаид, уæддæр раст уыдаид. Сылгоймагыл æууæнк куынæ и, уæд æм хæлиудзыхæй цы хъуыстон, мæхи йæ къæхты бынмæ цæмæн æрæппæрстон? Цы ’рцыди, уый æрцыди, æмæ йын аивæн нал и, фæлæ иу хъуыддаг дзæбæх не ’мбарын. Дашæйæн мæнырдæм зулцæстæй ракæсыны ’фсон уыди, фæлæ мæм Ланæ та цæуыл смæсты и? Мæ зæрдæ йын йæ къухтæм сыгъдæгæй куы радтон, уæд мын æй цъыфы цæмæн сæвдылдта? Ау, йæ митæ иууылдæр сайд уыдысты? Нæ, нæ! Уымæн уæвæн нæй! Йæ зæрды мæ сайын куы уыдаид, уæд йæ сæрыстырдзинады сæрты нæ ахызтаид æмæ мæм мæ тæппуддзинады фæстæ нал æрбацыдаид. Ехх, фæлтау мыл уыцы ’хсæв йæ къух куы ауыгътаид, кæнæ уынджы куы ныссалдаин æмæ цыфæнды тæссаг низæй дæр куы фæрынчын уыдаин. Ænæбайрайгæ фæуæд нæ фæтæджы æмном дæр! Владимир Ильич нæу, фæлæ арахъхъы лалым! Ме ’намондæн æй йæ фыдбылызы къæхтæ кæдæмдæр ахастой æмæ фæсахсæвæрты саубыны расыгæй ласинаг фæци. Иннæ лæппутæ дæр зæххы скъуыды ныххаудтой, æмæ Ланæйы сæхимæ ахæццæ кæнынмæ ænæ палтойæ мæ ныфс нæ бахастон. Мæ ахæстоны иунæгæй куы баззадтæн, уæд ма мæ тæнæг пинджачы йæ фæдыл азгъорын бæргæ фæндыди, фæлæ байрæджы и…

Æхсæвы уазал æнауæрдон хъызтмæ раивта. Йæ размæ мæ уд

сисыны хæс сæвæрдта æмæ мæ æвæстиатæй мæрдтæм батæрынмæ хъавыди. Æнæхъæн машинæйы дзаг бетонæй бирæ нал баззади, фæлæ уыйхыгъд ме ’ргъæвст къухтæ бастадысты æмæ афтид къæдзбел сисын дæр нал фæрæзтой. Мæ синтæ сраст кæныны хъару мæм нал уыди. Тæхуды, салд асфальтыл бафынæй у æмæ мауал райхъал у...

– Рæвдздæр змæл, Ирбег, науæд фынæйæ ныйих уыдзынæ æмæ æнæ усæй баззайдзынæ! Сылгоймæгтæ салд лæгтимæ архайын нæ уарзынц! – сыхъуыст мæм коллекторæй ме ’мкусæджы хъазæн ныхас. Хъаймæты ран мæ иу минут дæр нæ раивта æмæ ма мыл йæ хъал дæр калдта. Йæхи хъæлæсы уагæй йын дзуапп радтаин, фæлæ ме ’фсæртæ кæрæдзиуыл нындæгъдысты, æмæ сæ фæхицæн кæнын мæ бон нал уыди. Мæ уазалмæ ма тас дæр бафтыди, æмæ мæ мидбынаты æндзыгæй зыр-зыр кодтон. Мæлыны къахыл ныллæууыдтæн, уæддæр Ланæйы æндæрг мæ цурæй иуварс нæ цыди. Йæ цæсгомæй мæм рухс калди æмæ мын мæ ныфс сæттын нæ уагъта.

– Кæд дæ зæрдæмæ фæцыди, уæд æй афтæ æнцонæй куыд ауагътай? – кæцæйдæр мæм хъуысти Дашæйы хъæлæс. Ланæйы йын йемæ куы арвыстон, уæд мæм радта уыцы фарст, æмæ мæ нал рох кодта. Æниу мæ куыд хъуамæ ферох уыдаид? Цардмæ мæ уый куы раздæхта.

– Мæнæй кæнгæ куы уаид, уæд æй æз мæхицæй иу минут дæр никæдæм ауадзин.

– Ницы дын æмбарын. Чызджы уарзыс, афтæмæй йемæ цæуын дæ сæрмæ нæ хæссыс.

– Сæхимæ йæ кæй нæ акодтон, уый тыххæй зæгъыс?

– Æмæ дæм уый гыццыл хъуыддаг кæсы? Кæйдæр лæппумæ, æфсæрмытæгæнгæ, æрбацу, йæ цæсты дæхи бафтау æмæ æгадæй фæстæмæ аздæх. Йæ кæуын йæ былалгъмæ схæццæ и, мæгуыр, æмæ йæ бон дзурын дæр нал уыди.

– Йемæ ацæуын мæ тынг фæндыди, фæлæ мæ цыдæр бакъуылымпы кодта.

– Уарзондзинадыл чи фæуæлахиз и, уый цы уыди уагæр?

– Зæгъин дын æй, фæлæ дæ ницæмæн хъæуы.

– Иугæр уыл мæхи сбастон, уæд мæ бæгуыдæр хъæуы.

– Мæ худинаг мын Ланæйæн не схъæр кæндзынæ?

– Гъер цытæ дзурыс? Ахæм къæбæдайæ мæ зоныс?

– Фыццаг æхсæв ме ’мбалы палтойы ацыдтæн йемæ. Дыккаг æхсæв дæр ма йæм бауадтæн, фæлæ арахъдзуан кæдæмдæр адзæгъæл и, æмæ бæгънæгæй баззадтæн, мæ зæронд хæррæгъ равдисын та йæм мæ цæсгом нæ бахъæцыди.

– Уый та афтæ æнхъæлы, нæ йыл æрвæссыс, æмæ йæхи хæры.

– Дзæгъæлы. Рæхджы мæнæй дзæбæхдæр лæппу ссардзæн æмæ йæ хъæбысы ’рсабыр уыдзæн.

– Ланæ ахæм чызг нæу! Цæй тыххæй дæ бауарзта, уый нæ зонын, фæлæ йæ дæу йеддæмæ ничи хъæуы.

– Цыфæнды тынг мæ куы бауарза, уæддæр æй мæ мæгуырдзинадæй лидзын бахъæудзæн, æмæ, мæ фæлгæнæны цы рухс фæлгонц сарæзтон, ууыл къæм абаддзæн. Фæлтау æй мæ риуы сыгъдæгæй хæсдзынæн æмæ йæхи хуызæн рæсугъд æнкъарæнтимæ цæрдзынæн.

– Дæ зæрдæ хорз у, фæлæ дæ сæр сылгоймаджы миддуне бамбарыны фаг нæ кусы.

– Цы дæн, уымæй иууылдæр æргъæвст дæн, æмæ афтæмæй сæр куыд хъуамæ куса?

– Мах та ма дæ цыдæртæ домæм…

Йæ ныхæстæ мысгæйæ мæ фæндыди мæ мидбылты бахудын, фæлæ мæ цæсгомы нуæрттæ фыр уазалæй ныддæвдæг сты æмæ базмæлын дæр нæ куымдтой. Мæ салд къухтæ мæ дæлæрмтты атъысс-атъысс кодтон, фæлæ сæм гуылмызтау æппындæр ницыуал хъардта. Суанг ма къæдзбелы хæцæн дæр нал æнкъардтой. Мæ сæр дзæгъæлтæ кæнын райдыдта, æмæ мæм Ланæ æцæгæй æрбацыд æви мæ цæстытыл ауад, уый нал хатыдтон. Дзырдта мæм ælхынцъæрфыгæй æмæ уайдзæфгæнæджы хъæлæсæй:

– Ирбег, мæн хъæздыг лæппу нæ хъæуы, фæлæ, мæ зæрдæмæ æппæтæй тынгдæр чи фæцæуа æмæ мæ цæрын кæимæ фæнда, ахæм адæймаг.

Йæ чъылдым мæм раздæхта æмæ дуары ’рдæм тæргайхуызæй араст и. Æз æй байфæфтон, мæхимæ йæ фæзылдтон æмæ йæ мæ хъæбысы ’рбакодтон.

– Ма ацу, Ланæ, иунæгæй мæ ма ныууадз!

– Уарзыс мæ?

– О! Бирæ! Тынг бирæ!

– Уæдæ мæ цæмæн æфхæрыс?

– Цæмæй дæ ’фхæрын?

– Де ’нæууæнк ахастæй, де ’нæрхъуыды митæй, кæй ницы аргъ мын кæныс, уымæй. Мæн дæуæй дзæбæхдæр лæппуйы хъæбысы ’рсабыр уæвын куы фæндид, уæд æй Мæскуыйы бирæ агурын нæ бахъæуид...

– Мæ ныхæстæ дын Дашæ рафæзмыдта?

– О. Нæ дæ фæндыд?

– Цæуылнæ. Мæ гæвзыкк уавæр мын куы базонай, уæд ма дæ бахъæудзынæн æви нæ, уый бæрæг кодтон.

– Æмæ мын куы ницы загътаид, уæд та?

– Уæд дæ зынаргъ хæзнайау мæ риуы ахастаин.

– Кæдæм?

– Ме ’нусон дунемæ.

– Æмæ дын уый фаг уыдаид?

– Æз уынджы схъомыл дæн æмæ цардæй бирæ нæ домын. Хурæн æрмæст йæ номæй дæр мæхи хъарм кæнын сахуыр дæн.

– Ахæм æвæлгъау адæймагимæ цæрын цы хъæуы.

Ланæ йæ амонæн æнгуылдзы кæрон йæ русыл аваердта æмæ мæм, хинхудтгæнгæйæ, æрбакасти. Æз æй фыццаг нæ бамбæрстон æмæ фæджих дæн, стæй æхсызгонæй ныххудтæн æмæ йын йæ русыл мæ былтæй бандзæвыдтæн. Чызгæн йæ цæсгом фæтæргайхуыз и, æмæ мæ æнкъардæй бафарста:

– Ау, уымæй фылдæр мæ нæ уарзыс?

– Цас дæ уарзын, уый равдисыны тыххæй мын цасфæнды батæ дæр не сфаг уыдзысты, хъуамæ дæ хæргæ бакæнон.

– Æз разы дæн, – æнахуыр фæлмæн зæрдæйы уагæй загъта Ланæ æмæ мæм йæхи æрбайвæзта, иуцасдæр мæ йæ хъæбысы фæрæвдыдта, стæй ацыд æмæ нал фæзынд. Кæм-иу фæхицæн стæм, уырдæм-иу мæхи байстон, сывæллæтты хъазæн фæзы-иу дзæвгар рæстæг фæлæууыдтæн, стæй-иу мæ фæндаг æвæндонæй дарддæр адардтон. Уынджы-иу йе ’нгæс чызг куы фæзынди, уæд-иу æй мæ цæстытæ нæма ацахстой, афтæмæй-иу мæ зæрдæйы гуыпп-гуыпп ссыди. Иуафон та саухил гуырвидауц хæрзуынд чызг мæ размæ фæци, æмæ къахæй сæрмæ ныррызтæн. Ланæйы зымæгон дарæс ыл куы уыдаид, уæд сæ кæрæдзийæ нæ раиртæстаин, фæлæ мæ йæ дзыккуты æвæрд æмæ йæ урс свитер фæкъуыхцы кодтой. Йæ цæс-

тытæ мæм разылдта, æмæ йын цин æмæ тасæй айдзаг сты. «Кæд мæ Хуыцау нæ фæливы, уæд мæ уарзон у. Уый у, уæдæ чи у, фæлæ афтæ тынг кæмæй тæрсы? Мæнæй æви, йæ фарсмæ цы мыдхуыз сылгоймаг и, уымæй? Цы йын бавæййы, цымæ? Йæ мад уаид, æмæ сæм иумæйагæй ницы ис», – ахъуыды кодтон мæхинымæр. Хæстæг мæм ма ’рбацу, зæгъгæ, мын йæ къухæй ацамыдта, æмæ бæстастæу сагъдауæй баззадтæн.

– Мамæ, цу нæхимæ, æз дуканимæ бауайон, ныртæккæ дæ феййафын, – æрбайхъуыст мæм йæ къуызгæ хъæлæс. «Тынг кæй тæрсы, уый йæ мад куы бафиппайа, уæд… Уæд цы? Мæгъа», – стыхстæн мæхимидæг. Хабæрттæ нæ зыдтон, фæлæ мæм афтæ фæкасти, цыма Ланæ йæ мадæй стъæлфыди.

– Бирæ ма бафæстиат у, – бардзырд ын радта сылгоймаг. Сæ хъæлæстæ хæрз æмхуызон сты, бакастæй та – бынтон æндæрхуызон. Афтæ зынди, цыма мад йæ чызджы сидзæрты хæдзарæй райста. Арвы риуыл чи ’ндзæвыди, уыцы бæстыхайы иувæрсты дарддæр ацыди, æмæ мæм Ланæ йæхи ’рбаппæрста, мæ къухыл мын фæхæцыди æмæ мæ дуканийы чъылдыммæ йæ фæдыл баласта.

– Мамæмæ дæхи ма равдис: амардзæн мæ!

– Афтæ тынг мæм цæуыл смæсты и? Уынгæ дæр мæ куы никуы фækодта.

– Йæ уарзон кавказаг уыди. Йæ ныхæстæм гæсгæ – Нарциссæй рæсугъддæр. Мамæ йæ йæ удæй фылдæр бауарзта, æмæ йæ æнæ уымæй йæ цард дæр нал хъуыди. Йæ ныййарджытæн къуыдипп лæппуйы фæлитой митæ сæ зæрдæмæ нæ цыдысты, æмæ йын лæгъстæ кодтой, йемæ дæхи ма сбæтт, бабын дæ кæндзæн, зæгъгæ. Фæлæ сæм нæ байхъуыста æмæ фенамонд и. Куыддæр æз йæ гуыбыны базмæлыдтæн, афтæ дзы лæппу алыгъди. Мамæ иуцасдæр фæкуыдта, стæй йæхи ’рцауыгъта, фæлæ йæ синаг æгæр лæмæгъ рауади, æмæ хаугæ-хауын йæ сæр бандоны тигъмæ ’рхаста. Уæдæй фæстæмæ рæстæгæй-рæстæгмæ фæсонт вæййы æмæ йæхиуыл хæцын нал фæфæразы, кавказæгтæй та йæ удхæссæг уыны. Иууылдæр, дам, мæнгард куыйтæ сты, махмæ, дам, æрмæстдæр чызджыты халынмæ цæуынц. Дæ кой йын куы скодтон, уæд фыр мæстæй йæ хурхуадындзтæ адымстысты, æмæ мын ард бахордта, йæхи кæй амардзæн, уый тыххæй. Абон куынæ уа, уæддæр, дам дæ райсом

ныууадздзæн, æмæ, дам, мæ хал ахæрдзынæ. Æз, дам дæ фæлтау æппæты æвзæрдæр расыггæнаг уырыссагæн ратдзынæн.

– Йемæ аныхас кæнон? Кæд кæрæдзи бамбариккам.

– Нæ, нæ! Фæлтау мæ дæхи къухтæй амар. Йæ удисæн цъæхахстмæ хъусыны бæсты мæ ницы хъæуы. Ацу æмдзæрæнмæ. Мæхæдæг исты æрхъуыды кæндзынæн.

– Кæд мæ нæ уарзыс, уæд мын æй комкоммæ зæгъ, мæ зæрдæ дыл куыд нæ дарон, афтæ. Æбæрæгæй цæрын тынг зын у. Цалынмæ дын дæхи нæ федтон, уæдмæ алы цæсгомы дæр дæ хуыз агуырдтон æмæ сфæлмæцыдтæн.

– Æз дæуæй фылдæр никæй уарзын. Мæ мадæн куынæ тæригъæд кæнин, уæд абон дæр демæ бацæрин, – æхсидгæйæ сдзырдта Ланæ æмæ мыл йæхи баныхæста, иуцасдæр мын фæбатæ кодта, стæй мæ æнкъардæй бафарста: – Рæвдауынæн дæ хъæуын æви дæ цард саразынæн?

– Дæ мады тас дæ зæрдæмæ дзæгъæлы бауагътай. Кавказæгтæ се ’ппæт дæ фыды хуызæн мæнгард не сты. Æз дæн рæсугъддзинады æмæ уарзондзинады цагъар.

– Стæй мæ цагъар, æз та… æз та … – йæ ныхас æй фæндыди дарддæр ахæццæ кæнын, фæлæ фыр тæссæй йæ бон дзурын нал баци.

– Марш домой! – фæстæрдыгæй нæм æрбайхъуыст йæ мады мæстæлгъæд хъæлæс, æмæ мæ зæрдæ мæ риуæй рацæйтыдта. Уыцы дыууæ дзырды мыл фыдæлгъыстау тых кодтой. Сывæллонæй нæ сыхæгтæм бацыдтæн. Æдзухдæр æххормаг уыдтæн æмæ сæм, зæгъын, кæд исты хъæстæ фæуаин. Ус сæхимæ нæ разынд, æмæ лæджы акомкоммæ тыргъы кæрон ныфссастæй мæхи ’руагътон. Мæ афтид ахсæны рыстæн тыххæйты быхстон æмæ хæринагмæ æнхъæлмæ кастæн. Хæдзары хицау мын кæй ницы ратдзæн, æмæ мæ фæстæмæ æвыдæй нæхимæ ацæуын кæй хъæуы, уый йе знæт цæстæнгасæй æмбæрстон, фæлæ мæ мæ къах æддæмæ нæ хаста: мæ фæстаг ныфсы хал скъуынын мæ нæ фæндыди. Зæрдæ фæлæууынæн мæ хъуыди æрмæстдæр мамæлайы къæбæр. Сабыргай йæ, зæгъын, бацъирдзынæн, æмæ мæ мæ ахсæны рыст иучысыл суадздзæн. Мæ фыдзонд сыхагæн цыма исчи йæ къух аркъауæй нылхъывта, уыйау æй стылдта æмæ йæ хъæлæсы дзаг ныббогъ кодта:

– Марш домой!

Йæ зæронд æрдæглæгуын гæбæр куыдз Марш хуынди, æмæ, мæнæй афтæ, уымæ сиды. Мæ алыварс сдзæгъæлгаст дæн, фæлæ йыл мæ цæст не ’рхæцыди. Куы-иу уынджы астæу чъизи цæугæдоны ныххуыссыди, куы та-иу судзгæ хурæй ныккæнды сатæгмæ нылыгъди, æмæ йæ, марадз, ды базон, йæхи та кæм бамбæхста, уый.

– Марш домой!!! – дыккаг хатт мыл ноджы карздæрæй ныууынæргъыдта лæг, йæ цæстытæ дæр ма мæм тæрсынгæнæны дзагъул фæкодта, æмæ мæ сæр мæ кой сси.

Уыцы дыууæ дзырды Мæскуыйы та æцæгælон сылгоймагæй фехъуыстон. Иннæ дзырдтæй æвзæрдæр нæ уыдысты. Хицæнæй сæ алкæцы дæр мæ хъусты æхсызгонæй зæлыди, фæлæ-иу иумæ цыдæр маргæй фæхъæстæ сты æмæ мын-иу мæ игæртæ скарстой. «Нæхимæ мæ æнæ къæбæрæй ныууагътой, ам та мæ æнæ уарзонæй ныууадзынмæ хъавынц. Нæхимæ дæр мæгуыргуры бынаты уыдтæн, ам дæр мæгуыргуры бынаты дæн. Нæхимæ дæр мæ бартæ ист уыдысты, ам дæр мæ бартæ ист сты. Кæрдзыны къæбæр æмæ уарзон адæймаджы иумæ барæн нæй, фæлæ цы аивта мæ царды? Мур дæр ницы. Æмæ мæ уый тыххæй дыууæ мин километры рацæуын хъуыди? Гъе, уæууæй, гъе, мæгуыр лæг! Кæмфæнды дæр æмæ цыфæнды цардарæзты дæр куыд æгад дæ, куыд! Ныр ацы сылгоймагмæ цæхæркалгæ машинæйы дзыппы дзаг æхцатимæ хæрзарæзтæй куы ’рбацæуин, уæддæр мæ цуры йæ чызгимæ афтæ тызмæгæй дзурид? Нæ, фæлтау йе ’взагыл дæндагæй ныххæцид æмæ, мæ зæрдæхудты бацæуынæй тæрсгæйæ, хъыпп-сыпп скæнын дæр не суæндид. Йæ кавказаг хæзгул дзы æрбайрох уаид, æмæ мын цæстмæ митæ кæнынæй нал æфсæдид, ныр та йæ чызгмæ знаджы цæстæй кæсы. Уæвгæ, йæ маргæйдзаг фаттæ ууыл не ’хсы. Мæ сыхаджы æдзæлгъæд Маршы бынаты мæн æвæры», – хъуыды кодтон мæхинымæр.

– Лæппу, мæ чызгæй дын ницы пайда ис, æмæ йæ иу ран ныууадз! – сдзырдта мæм схуыстæй, æмæ мыл цыма æрвæсгæ дæр нæ кодта, уыйау мæ иувæрсты схъæлæй араст и. Ахæм æдылы хуыз ма-иу мæ дыккаг фыдыусæн уыди, немæ-иу куы фæхыл и, уæд. Кæрæдзи бынæтты сæ авæрдтон, æмæ мæ цæстытыл ауади, Кæлимæтæн йæ чызджы тыххæй куыд лæгъстæ кæнын, уыцы æвирхъау ныв. Исчи мæ топпы дзыхмæ куы æрæвæрдтаид, уæддæр ахæм хъуыддаг нæ бакодтаин, æмæ цæттæ уыдтæн алидзынмæ, фæлæ мæ ме

’нкъарæнтæ нæ ауагътой. Исты æнæууылд ныхас мæ куы схауа æмæ мæ уавæр куы февзæрдæр уа, уымæй мæхи хъахъхъæдтон, фæлæ йын йæ былысчъил æфхæрдæн фæлмæн уайдзæфæй æнæ дзуапп ратгæ дæр мæ бон нæ уыди. Уæдæ алчидæр хъуамæ йæ къæхтæ мæныл сæрфтаид?

– Кæд мын йæ фæдыл зилын æнхъæл дæ, уæд рæдийыс. Дашæйы фæрцы йемæ базонгæ дæн æмæ йæ бауарзтон.

– Уарзондзинады кой мын ма кæн! Уæддæр дыл нæ баууæндздынæн! Махæй дæ цы хъæуы, уый æз хорз зонын!

– Цы мæ хъæуы сымахæй?

– Рæузонд чызг æмæ фатер!

– Ærсабыр у, дæ хорзæхæй. Уыдонæй мæ иу дæр нæ хъæуы. Ацы стыр горæты сæ дыууæ дæр æнцон ссарæн кæй сты, уый ды мæнæй æвзæрдæр нæ зоныс.

– Уæдæ дæ цы хъæуы?

– Уарзондзинад æмæ æууæнк.

– Ærмæст уыдонæй цард саразæн нæй.

– Адæймагæн йæ зæрдæйæ куы цæуой æмæ йыл базыртæ куы садзой, стæй йæ цардæмбалимæ кæрæдзи куы æмбарой, уæд ис.

Мæ ныхæстæ йæ æппындæр кæй не ’ндæвтой, уый бæлвырд зынди йæ тæнæг былты змæлдыл. Де знаг зæххыл куы хуысса æмæ ма йæ къахæй дæр куы цæвай, уыйау мæ рæхуыста йе ’лхысчъытæй:

– Ланæ мын цы дзырдта, уымæ гæсгæ дæ рæбын хæрз афтид у. Де уæлæ цы скæнай, уый дæр дын нæй.

– Раст дын загъта. Æппындæр мæм ницы ис, фæлæ æнцад нæ бадын. Бонæй кусгæ кæнын, изæрæй та – ахуыр, æмæ цалдæр азмæ мæ къахыл слæудзынæн.

– Зæххы бын дæ уыргтæ хойгæйæ?

– Нырма мæ хъарутæ мæхимæ сты, æмæ ма иучысыл бафæраздзынæн. Ланæимæ æз хох дæр акъæртт кæндзынæн, æцæг нæ ды ма бахъыгдар.

– Цæргæ та кæм кæндзыстут?

– Фатер баххуырсдзыстæм.

– Дæ мæгуыр капеччытæй? Æмæ уæд хæргæ та?..

Афтæ мæм касти, цыма йæ сау фæнд, мæ риу хуым кæнгæйæ, кæй æххæст кодта, уымæй стыр æхсызгондзинад иста. Йæ фарстæн ын

цы дзуапп радтаин, уый нæ зыдтон æмæ хъусæй лæууыдтæн. Раст кæй уыди, уый æмбæрстон, фæлæ мæ йæ рæстдзинад райсын нæ фæндыди. Куы йæ райстаин, уæд ме ’ргъæу галуан базгъæлæнтæ уыдаид, æмæ ихы сæрыл бæгънæгæй баззадаин. Сылгоймаг мæм афтæ æдзынæг касти, цыма мæ йæ бырау цæстытæй цæрдхуынкъ фæкæнынмæ хъавыди. Мæ зæрдæ мын зыгъуыммæ рафæлдæхта æмæ йын йæ уидæгтæ рæдывта. Ланæйы мад куынæ уыдаид, уæд ын алывыдтæ акалдтаин æмæ йæ ныхъхъуытты уагътаин, фæлæ мæм дзы, мæстæй мæлгæйæ дæр, мæ уарзоны хъæрмад цыди æмæ мын уый мæ дзыхыл цъутта æвæрдта.

– Мæнæн мæ гыццыл уат мæхи фаг дæр нæу! Кæд дæ зæрдæ уымæ ’хсайы, уæд дзæгъæлы архайыс! Дæхи куы акъæртт кæнай, уæддæр дæ къухы нæ бафтдзæн! – хылкъахæгау мæм дзырдта тызмæгæй. Мæ сæрыстырдзинадыл мын цъыф къахæй рацу-бацу кодта, фæлæ йын æз хъаугъамæ рахизыны фадат нæ лæвæрдтон.

– Йæ фатермæ мæ, хъуырыцъарæй лæгъстæ кæнгæйæ, чи хуыдта, ахæм чызг дæр мын уыди, фæлæ мæ нæ бахъуыди. Мæ зæрдæ мæ риуы арф æвæрд у æмæ хуымæтæг агуыридуртæй ælхæнын нæ комы. Искæй цæстытæм кæсыны бæсты æз тар хъæды сырдты ’хсæн цæрдзынæн.

– Æмæ дын мæ хъал чызг уырдæм акомдзæн?

– Уыцы фарстæн хъуамæ дзуапп йæхæдæг ратта.

– Æмæ ма уæд æз та ам цы кусын? Æстдæс азы йæ мæ комы комдзæгтæй уымæн фæхастон, цæмæй йæ уынджы астæу чындздзон арæзтæй кæйдæр мæгуыр хæтæнхуаджы хъæбысмæ баппарон, цæсты гагуыйау æй уымæн фæхъахъхъæдтон, цæмæй мæ рæсугъд дидинæг демæ хъаймæты фыдæбæттæ æвзара æмæ æмгъуыдæй раздæр баруайа? Æдылы куынæ дæ, уæд æй не ’мбарыс, кæй нæ дын æй ратдзынæн, уый?

– Æмбарын.

– Уæдæ дæ зæрдæ цæуыл дарыс?

– Ланæйы уарзондзинадыл.

– Ахæм мæлгъæвзагæй æвæлтæрд сывæллон-чызджы сæр разилын кæнынæн бирæ нæ хъæуы. Мæн дæр ма дæхимæ æрыхъусын кодтай. Чи зоны, бирæтæй зондджындæр дæ, гæнæн ис, æмæ дын зæрдæ дæр æвзæр нæй, Ланæйы кæй уарзыс æмæ дæ йемæ цæрын

кæй фæнды, ууыл дæр æууæндын, фæлæ мæ уæддæр сиахсæн нæ хъæуыс.

– Исбоны цæстæй мæм кæсыс, æмæ дын уый бар нæ дæтты мемæ бахæстæг уæвынæн, фæлæ цард доны къусæй уæлдай нæу – кæцырдæм фæкъул уыдзæн, уый ничи зоны.

– Цалынмæ дæхицæн чызг райгуыра, æмæ йæ дæ риумæ æрбалхъивай, уæдмæ дæм никæй ныхæстæ бахъардзысты, æмæ нæ рæстæг мауал сафæм, – уазал хъæлæсæй ма загъта сылгоймаг, Ланæимæ мæ цы хал баста, уый мæ зæрдæйæ срæдывта, йæ бынатмæ йын залиаг калмау марг бауагъта æмæ æнæгуырысхойæ сæхимæ араст и. Мæ мидбынаты бандзыг дæн æмæ мæ хъуыдытæ бæлвырд уагыл саразын нæ фæрæзтон. Ме ’нæуынон сылгоймаджы ад мын чи скодта, уыцы фæзæй мæ мæхи атонын кæй хъуыди, уый æмбæрстон, фæлæ мæм мæ къах айсыны хъару нæ уыди. Кæронмæ мæм æрмæстдæр уæд бахъардта, мæ мæгуыр хо йæхи цæмæн амардта, уый. Не ’лгъыст бæстæйы, кæмфæнды цæргæйæ дæр, сыгъдæг удæн цæрыны хъомыс нæй, æмæ дзы цас раздæр фæхицæн уа, уыйас – хуыздæр…

* * *

Мæ цардау афтид уыди мæ уат, афтид æмæ æцæгæлон. Цыбыр рæстæгмæ мæ куыд адард и, уый мæ уды рæбинаг æвæрæнтæй æнкъардтон æмæ йын йе ’нæзæрдæрайгæ хуызмæ ахæм цæстæй кастæн, цыма мæм æппындæр ницы бар дардта, цыма йæ хицау мæ ацыдмæ бæллыди æмæ мæ æвæстиатæй мæхи айсын хъуыди. Уæвгæ мын æй гъамайы лæваræн куы лæвæрдтаид, уæддæр мæ нæ бахъуыдаид. Зæронд шифанеры гом дуарæй мæм цы скъуыдтæ хуыздзыд макъинтош зынди, уый ад мын кодта. Йæ тарбын къултæ мæ алырдыгæй ælхъывтой, æмæ дзы æнæ уæлдæфæй куы фæхуыдуг уон, уымæй тарстæн. Æппæт дуне дæр мын сафтид и æмæ уыцы гыццыл къуымы бацыди. Сæ дыууæйæ дæр мæм ивылди æбæрæгдзинад æмæ мыл æгæрон тас æфтыдта.

Æвиппайды мæм æнахуыр фæлмæн уддзæф кæцæйдæр æрбаивылди, æмæ мæм афтæ фæкасти, цыма мыл рæстæг кæй ныддаргъ и, уым цыдæр æмбæхст нысан и, цыма мæ чидæр бауромдзæн æмæ мын мæ царды цалх иннæрдæм æрзилдзæн. «Чи мæ хъуамæ баурома,

ам иу адæймаджы дæр куынæ хъæуын, уæд? Мæ фыдыфсымæр? Йæ рæсугъд æрыгон ус? Мæ ацыд сын æхсызгон дæр ма уыдзæн», – æнкъард хъуыдытæ Мæскуыйы цæугæдоны æнæзынгæ фæлхъæзæнау змæлыдысты мæ сæры. «Баба с возу – кобыле легче», – ацы уырыссаг æмбисонд мыл æдзухдæр худæг æфтыдта, фæлæ мæм уæд худын нæ цыди, уымæн æмæ мæ цæстыты раз Ланæ лæууыди. Йæ цæсгом ын ахæм ирдæй уыдтон, цыма мæ цуры уыди æмæ мæм комкоммæ касти. Суанг ма йын йæ хъæлæс дæр хъуыстон:

– Ирбег ам и?

– Кæд нæма ацыди, уæд йæ агъуысты уыдзæни.

– Æмæ кæдæм цæуы?

– Ирыстонмæ.

Æмæ, дам, уый фæстæ телепатийыл ма ’ууæнд. Адæймаджы сæрымагъз æнахуыр диссаг у. Чи йæ бамбардзæн кæронмæ? Чызгыл уысмы бæрц ахъуыды кодтон, æмæ мæ разы февзæрди. Цæмæн, цымæ? Мæ тыхст зæрдæйы æмтъеры æнкъарæнтæ сфæйлауынмæ? Йе ’рбацыд ницыуал аивдзæн, æрмæст ма мæ зæронд сагъæстыл ног сагъæстæ бафтаудзæн. Кæй йæ хъæуын, ууыл цас тынгдæр æууæндын, уыйас мын зындæр у йемæ фембæлын, уымæн æмæ мæ йæ зæрдæ къахын нæ фæнды. Къæсæрæй æрбахызт æмæ та фыццагау дуаргæрон æфсæрмдзæстыгæй æрныгъуылд. Йæ тæнæг урс къабайы мæм ахæм уæлдæфонæй зынди, цыма, мæ бынатæй куы фезмæлыдаин, уæд фестъæлфыдаид, урс гæлæбу фестадаид æмæ арвы тыгъдады æрбайсæфтаид.

– Бынтондæр цæуыс æви рæстæгмæ? – бафарста мæ саст хъæлæсæй. Йæ цæстæнгасыл бæрæг уыди, йæ зæрдæ кæй ницæуыл дардта, уый.

– Бынтондæр.

– Æмæ уæд æз та?

Цы дзуапп ын радтаин? Мæ мидбылты бахудыныл архайдтон, фæлæ мын дзы ницы уади.

– Нæ мæ уарзыс, æндæр мæ афтæ æнцонæй нæ уадзис.

– Мæнæн æнæуи дæр мæ зæрдæ фæйнæрдæм тоны, ды та ма мын æй карды фындзæй рæхойыс.

– Кæд мæ иучысыл дæр уарзыс, уæд ам баззай æмæ мемæ цæр.

– Мæ куыст ныууагътон, æмæ мæ æмдзæрæнæй æрвитгæ кæнынц.

Зæхх – мæ гобан, арв – мæ хъæццул. Мæ дзыппы иу капекк дæр нæй. Куыд мæ цæрын кæныс демæ? Кæм? Цæмæй?

– Мамæ йæ цардæй ахицæн и, цыдæр æхцатæ мын ныууагъта, æмæ уал уыдонæй ирвæздзыстæм, стæй исты амæлттæ кæндзыстæм. Мæскуыйы куыст зын ссарæн нæу…

Адæм кæрæдзи никуы бамбардзысты. Алкæмæ дæр йæхи хъуыдытæ ис, æмæ йæм æппæтæй растдæр кæсынц. Бирæ цыдæртæ мæ зæгъын фæндыди, фæлæ сæ дон хиды бынты аластаид, стæй мын рæстæг дæр нал уыди, фæлæ ма уæддæр мæхицæй цыдæр ныхæстæ тыххæйты ралæмæрстон:

– Мæ бон ам баззайын нæу.

– Цингæнгæйæ дæм згъордтон. Æнхъæл уыдтæн, иумæ бацæрдзыстæм, æмæ фæфыдæнхъæл дæн, – уынгæг хъæлæсæй загъта Ланæ, æмæ йæ цæстытæ доны разылдысты.

– Кæд дын дæ зæрдæ фæриссын кодтон, уæд мын ме ’дылы ми ныббар. Æз æнамонддзинад мæ мады гуыбынæй рахастон, æмæ дæхи мемæ ма бæтт.

– Ам лæуу, æмæ дæ æз самонджын кæндзынæн.

– Байræджы и, Ланæ. Мæ фæндæгтæ иууылдæр æхгæд æрцыдысты, æмæ мын фæстæмæ здæхæн нал и.

Чызг мæм йæхи ’рбаппæрста, æмæ йæ гом цæнгтæ мæ бæрзæйыл атыхстысты.

– Æз дæ афтæмæй нæ ауадздзынæн. Дæуæй мæ сывæллон хъæуы, æмæ мын уый уæддæр балæвар кæн, – йæхиуыл йæ къух исæгау мын лæгъстæхуызæй бадзырдта мæ хъусы. Йæ духийы адджын тæф æмæ мын йæ батæ мæ тугыл арт бандзæрстой. Мæхицæй дæр кæй æмбæхстон, уыцы æхсидгæ æнкъарæнтæ мæ риуы сног сты æмæ мæ тухæнæй мардтой. Фæндыди мæ мæ зындзинæдтæ ферох кæнын æмæ уарзондзинады атайын, чызджы мæ хъæбысмæ сисын æмæ йæ, маст, хъыг, хæрамдзинад æмæ фыдæх кæм нæй, адæм кæрæдзи кæм не ’фхæрынц, ахæм æнæлаз дунемæ ахæссын, фæлæ, мæ бæллиц царды æцæгдзинадæй куыд дард у, уый æмбæрстон æмæ мæхиуыл фидар хæцыдтæн. Йæ цæнгтæ йын мæ бæрзæйæ æристон æмæ йын хионы уайдзæфтæ кæнын райдыдтон:

– Дæ хъуымыз дæ былтыл куы нæма бахус и, уæд дæ цæй сывæллон хъæуы нырма?

– Ма мын тærс. Æз фæразон дæн. Схъомыл æй кæндзынæн.

– Æз мæхæдæг, сидзæры фыдбонтæ ’взаргæйæ, фæудхар кодтон, æмæ та мæ хъæбул дæр хъуамæ мæнау зындоны арты басудза? Уый ам, тыхтухæнтæгæнгæйæ, куы цæра, уæд æз Ирыстоны цы хуртæ уындзынæн?

– Хатыр бакæн. Дæ сывæллонимæ мæ иунæгæй ныууадзын дæ зæрдæ кæй нæ бакомдзæн, уый зонын æмæ дæ мæхиуыл уымæн ардауын. Уæдæ дæ куыдæй бауромон?

– Ма мæ уром, Ланæ, ауадз мæ нæхимæ. Нæ уавæр куыд уæззау у, уый кæронмæ не ’мбарыс. Куы йæ бамбарай æмæ дзы куы фервæзай, уæд ма мæ æгæр бузныг дæр фæуыдзынæ.

– Ды мæн тæрсын кæныс, æз та дæуæн тæрсын. Дашæ мын дæ сидзæры хабæрттæ фæдзырдта, æмæ дыл мæ зæрдæ фæрысти. Уыйбæрц хъизæмæрттæ кæм бавзæрстай æмæ лидзгæ кæцæй ракодтай, уырдæм ма цы зæрдæйæ цæуыс? Дæ цард дзы нæ фæрæстмæ уыдзæн, удхарæй амæлдзынæ æмæ ма фæстагмæ дæ рæдыдыл æрфæсмон кæндзынæ, фæлæ йæ дæ бон сраст кæнын нал бауыдзæн…

– Æз ме ’намонд гаккыл сахуыр дæн æмæ дзы нал тæрсын.

– Ацу уæдæ, фæлæ йæ зон, мæнæй дæм хуыздæр чызг не ’рхаудзæн, куы дæм æрхауа, уæддæр дæ мæнæй фылдæр нæ бауарздзæн, – зырзыргæнгæ хъæлæсæй ма загъта Ланæ æмæ, йæ цæссыгтæ згъалгæйæ, феддæдуар и.

– Зонын æй, зонын. Дæуæй хуыздæр чызг мæ хъæугæ дæр нæ кæны, фæлæ мын ам баззайæн нæй. Ænæ Ирыстон мæ иу минуты цард дæр нæ хъæуы. Мæ хоры нæмгуытæ тау суадздзысты æрмæстдæр мæ ныййарæг зæххыл, ам сæ куы байтауон, уæд та хус бауыдзысты, æмæ мæ райгуырд фæмæнг уыдзæн, – йæ фæдыл ма адзырдтон æз, фæлæ мæ ныхæстæ уæлдæфы атадысты…

Уыцы цауыл рацыди фæндзай аст азы, æмæ дис кæнын Ланæйы ныхæстыл. Æвæццæгæн æм дæсныфæрсæджы курдиат уыди, æндæр мын мæ дарддæры цард уал азы размæ афтæ хорз куыд федта?

Ærыгон адæймаг куыд ænæмбаргæ вæййы, куыд! Йæ рæузондæй цы рæдыдтытæ æруадзы, уыдоныл фæсмонгæнгæйæ ма йæ сæр къултыл фæхойы, се сраст кæнынмæ ма йæ былыцъæрттæ фæхæры, фæлæ сæ æгъатыр рæстæг йемæ ахæссы, æмæ сыл йæ бон нал фæцæуы…

Раджы кæддæр бакастæн иу уырыссаг фыссæджы роман. Ав-

тор дзы равдыста, йæ сабибонтæй йæ зæронды бонтæм цы бирæ хъизæмæрттæ бавзæрста, уыдон. Йæ кæрон ын балхынцъ кодта мæнæ ацы ныхæстæй: «Мæ цард ма мын фæстæмæ раздахыны фадат куы уаид, уæд æй йе ’ппæт фыдæвзарæнтимæ дæр ногæй фæцæрыныл сразы уаин». Куыд фыссæг, афтæ æз дæр хъуамæ дунейы конд æмæ цардмæ райгæ цæстæнгас æвдисин æмæ мæ чиныгкæсджыты зæрдæты ныфс бауадзыны тыххæй уыцы ныхæстæ зæгъин, фæлæ мæм рæстдзинад æппæтæй бæрзонддæр æвæрд у, æмæ кæронмæ йæ фарс хæцдзынæн. Уæларвон тыхтæ мын мæ цард сфæлхат кæныны фадат куы раттиккой, уæд дзы иунæг уыцм дæр нал раздахин, уымæн æмæ уый цард нæ уыди. Уый уыди æдылы рæдыдтытæй арæзт удисæн хъиамæт! Рæсугъд бæллицтæй мæм цыдæриддæр уыди, уыдон иууылдæр æппæтсафæг æгъатыр пиллон арты басыгъдысты, кæм мæхи, кæм та фыдзæрдæ адæмы аххосæй. Мæ риуы ма баззад æрмæстдæр сæ хус фæнык, æмæ та уал азы, мамæлайы къæбæр амалгæнгæйæ, ныхкъуырд æмæ æгадхуызæй дæ сыгъд бæллицты хус фæныкмæ тырн… Нæ, уый бæсты мæлæт – хуыздæр!



Годжыцаты Русланы фырт Георги райгуырд Æрыдоны 1981 азы. Хъомыл кодта Сунжæйы ахуыргонд, уæздан бинонты ‘хсæн. Скъолайы фæстæ каст фæцис Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты химикон-технологон факультет. Уыцы иу рæстæг архайдта фæсивæдон театр «Амыран»-ы.

Кæд ныр йæ куыст аивадимæ баст нæу, уæддæр йе ‘нкъарæнтæ æмæ йæ зæрдæйы ахаст райгуырæн бæстæмæ æмæ мадæлон æвзагмæ æргом кæны æмдзæвгæты хуызы. Уæ размæ уын дзы хæссæм иу цалдæр.

ГОДЖЫЦАТЫ Георги

МÆ ЗÆРДÆ – ДЕМÆ БАСТ, ИРЫСТОН!

* * *

Мæ зæрдæ абон циндзинадæй – дзаг,
Цыдæрхуызон мæхимидæг тыхсын.
Æгъгъæд, Мæскуы… Фæцардтæн дзы мæ фаг,
Тæккæ райсом Ирыстонмæ тæхын.

Æз сулæфдзынæн Ирыуæлдæф арф
Æмæ куыд тагъддæр бафтон, – згъоргæ хъæумæ.
Цъæх-цъæхидæй мæм худдзæни йæ арв,
Кæсы мæм уым ныййарæг мад æнхъæлмæ.

Куыд диссаг дæ, мæ райгуырæн, мæ зæхх,
Кæмфæнды куы уон, дзæнæты куы фестон,
Уæддæр мын нарæг – дунейы уæрæх,
Уæддæр мæ зæрдæ – демæ баст, Ирыстон!

* * *

Æз иу сурæт мæ зæрдæйы хæссын
Æмæ йæ алы бон уынын мæ царды
Æмæ йæ алы бон мæ рæнхъыты фыссын, –
Фæзыны мæм æнæахуысгæ арты.

Уый арвнæрыд у, ног уалдзæджы уынæр,
Уый быдыртæн – сæ бæркадджындæр сæртæ.
Нæ удæн у рæсугъд мæйрухс изæр,
Нæ Терчы дон, нæ урс æнусон хæхтæ.

– Цæй сурæт у? – хъынцым фæкæнынц адæм,
– Йæ уидæгтæ дæ арф цæмæн ныссагъта?
Зын зонæн нæу, æрбайхъусут-ма ардæм,
Йæ ном – Ирон æфсарм – мæ фыд мын æй ныууагъта.

* * *

Ды мæнæн – мæ уалдзæг,
Ды мæнæн – мæ сæрд.
Ды мæнæн – мæ фæззæг,
Ды мæнæн – зымæг.

Уалдзыгон хур тавы
Мæн дæ цæстытæй.
Хъуысы мæм дæ ныхас
Суадæтты хъæрæй.

Уæд сæрдыгон изæр
Бал бæласы бын
Мæн дæ уынд рæвдауы,
Айсы мын мæ зын.

Фæззæджы бæркадау
Де сныхас – мæнæн.
Ныр мæ уд нывондæн
Æз дæттын дæуæн.

Зымæг æрдз ныссабыр,
Хъарм хæдзары – уат,
Хъуысы дзы фæндырдзагъд, –
У дæуыл мæ зард.

* * *

Ныхъхъуыста æрдз, ныссабыр и нæ бæстæ,
Æрмæст ма суадон згъоры ‘мæ кæлы.
Нæ хъуысы рог дымгæйы ратæх-батæх фæзтæй,
Кæмдæр æнкъард ирон фæндыр цæгъды.

Изæрдалынг. Æрмæстдæр мæй цырагъау…
Мæнæн уый дард мæ хъуыдытæ хæссы.
Мæ уд цыма ыстæхынæввонг маргъау, –
Кæмдæр æнкъард ирон фæндыр цæгъды.

Æмæ та цыма удвæндаг нытталынг,
Бæрзонд къæдзæх æгомыгæй кæсы.
Зæрдæйы тæгтæй кæцыдæр æрбалыг…
Цæмæ, æнкъард ирон фæндыр цæгъды?

* * *

Кæм дæ, мæ цард,
мæ сæууон стъалы?
Æнæ дæу арвы фæтæн – цъус.
Ды дард куы уай, –
ма уд нæ зары,
Мæ зæрдæ ‘рхæндæг у,
ныхъхъус.

Кæм дæ, мæ хур?
Мæн уый нæ уырны,
Кæй рацыд тохы зæй дæуыл.
Мæ цæст дæ ‘нæхъæн аз
нæ уыны, –
Дæ зæрдæ сивтай кæд мæныл?

Дæ фырты аив
риумæ ‘лвасын.
Цы йын у, цы, мæ бон зæгъын?
Изæр ын а-ло-лай
фæзарын,
Æхсæв та, гъæйда-гъа кæуын.

Кæсын æнхъæлмæ
‘хсæв дæр, бон дæр.
Нæ фæсайдзынæн æз
мæ хæс.
Фæлæ кæд нал дæ
ды уæлæуыл,
Уæд та мæм ды
æнхъæлмæ кæс.

* * *

Нал зарынц мæргътæ,
Тар хъæд ныхъхъус,
Зæрдæ ныссабыр, ныссаст.
Уыдон æмбарынц,
Уыдон æй зонынц,
Хицæн кæй кæны нæ уарзт.

Тар арвыл ратахт
Стъалы мæ сæрмæ.
Уый мæм æрхæндæгæй каст.
Раст цыма зоны,
Раст цыма ‘мбары,
Хицæн кæй кæны нæ уарзт.

Тулдз бæлас нæуыл
Цал азы цард,
Сыфтæртæ – дымгæйæ фаст.
Уый дæр æрæнкъард,
Уый дæр æмбары,
Хицæн кæй кæны нæ уарзт.

Нал нæм ис циндзинад,
Нал нæм ис тых.
Удыл æгъуыссæг фæхæст.
Уый у æрмæстдæр
Дæу тыххæй, мæ хур,
Хицæн кæй кæны нæ уарзт.

* * *

Ды мæ арæзтмæ цы кæсыс?
Фен-ма мын мæ уд.
Дзæгъæлы мæм фау фæхæссыс,
Ома, ды цыдæртæ ‘мбæхсыс,
Нæй дæм мидбылхудт.

Мидбылхудт? О, уый, фæзæгъынц,
Зæрдæйæн – йæ дуар,
Фæлæ арæх тынг фæсайынц,
Хорз лæджы рыгыл нымайынц –
Нæй сын зæд, нæй дзуар.

Раст сæ мидбыл бахудт – хурау,
Цинтæ дзы уынын.
Фæлæ мидæгæй та – дурау,
Тар хъуыдытæ уым – ælхуыйау,
Дуæрттæ – сау зылын.

Дуæрттæн се ‘рхæцæнтæ – чъизи,
Нæй сын бакæнæн.
Исчи мидæмæ куы хиза,
Къæсæртæй, мыййаг, куы ‘рхиза,
Уый та – сæрсæфæн.

Æз гуырысхотæ фæкæнын,
Цавæр у, цавæр?
Уды артыл суг ныппарын,
Зæрдæйыл æз дуар нæ дарын, –
Бахиз ‘мæ дзы цæр.

Ирон æвзаг у, хъуыдыйы æмæ æнкъарæнты тæккæ лыстæгдæр æмæ уæздандæр фæзилæнтæ равдисынмæ чи арæхсы, ахæм æнаипп, рæвдз æмæ коммæгæс хотых.

Абайты Васо

Æцæгæлон æвзагыл адæймаг зонды мæсыг нæ самайдзæн.

Не ‘взаджы руаджы райхъал уыдзæн нæ зонд, æрмæст уый фæрцы æнæ фæрисгæйæ бауыдзыстæм хайджын сæрибары æрхæсгæ хæзнатæй. Размæ нæ ацæудзыстæм, нæ зонд не стыхджын уыдзæн, йæ фисынтæ йын нæхи æвзагыл куынæ самайæм, йæ уидæгтæ йын нæхи æвзагыл куынæ сфидар кæнæм, уæд.

Ирон æвзаджы Къоста сдзурын кодта тыхджын æмæ рæсугъд поэтикон хъæлæсæй.

Тыбылты Алыксандр

Тæхуды, фыдæлты æвзагæй йæ хъуыдытæ чи зоны хъарын, кæмæн цæуынц радæй зæлдагау йæ дзыхæй йæ дзырдтæ, йæ зарын.

Гæдиаты Секъа

Æвзаг у хъуыды æвдисæн, зæрдæйы уаг æргом кæнæн фæрæз.

Нигер

Алы адæмæн дæр тулдз бæласау ис уидæгтæ, зæнг æмæ къалиутæ. Уидæгтæ сты йе ’взаг, зæнг – йе ‘гъдæуттæ, къалиутæ та – йæ царды мидис.

Бæласæн йæ къалиутæ куы ныццæгъдай, фæлæ йæ уидæгтæ фидар куы уой, уæд та йæ зæнг ног къабузтæ рауадздзæн; йæ зæнг ын куы алыг кæнай, фæлæ йæ уидæгтæ цардхъом куы уой, уæд та тау суадздзысты, æмæ йынг зæнг дæр уыдзæн æмæ къалиутæ дæр. Гъе фæлæ йын йæ уидæгтæ куы ныллыг кæнай, æмæ куы бахуыс уой, уæд æрцыд йе сæфт.

Ахæм хъысмæт ис алы адæмæн дæр: йæ абон, йæ фидæн аразгæ сты йæ уидæгтæй – йе ’взаджы цардхъомдзинадæй. Уый æдзухдæр уæ зæрдыл дарут, ирон адæм, кæд уæ уе сæфт нæ фæнды, уæд!

Мадæлон æвзаг мады ад кæны, мады æхсырæй адæймаджы уæнгты ахъары, зæрдæйы æрфытæм ныттæдзы, хуры тынтау ныккæсы йæ къуымтæм æмæ сæ ныррухс кæны. Мадæлон æвзаджы дзырдтæ хъуытаз дзæнгæрæджы зæллангау адæймаджы удыл аудынц, налхъуыт фæрдгуыты халау алыхуызон рæвдауæг æрттывд кæнынц. Адæмон сфæлдыстады йын цыкурайы фæрдыгау æхцондзинад æмæ амонды хос сты, уалдзыгон фæлмæн уарынау зæрдæйы хъарынц.

Цгъойты Хазби

Не ‘взаг рагон æвзаг кæй у, уый алчидæр зоны. Хæххон донау йæхи цæгъдгæ фæцыди йæ дард фæндæгтыл æмæ нæм йæ рæууон улæфт æмæ йæ удрæвдауæг азæлд æрхаста. Æмæ йыл цы арф хъуыды нæй рафæлгъауæн æмæ йыл цы удæнкъарæн нæй равдисæн!

Хуыгаты Сергей

Не ‘взаг – нæ хъæздыгдзинад... Нæ йæ зонæм, стæй æппæты хъыгагдæр та уый у, æмæ йæ хуыздæр æмæ арфдæр зонынмæ тырнгæ дæр нæ кæнæм.

Сланты Къоста

Нæ ирон мадæлон æвзаг у дзырдæй хъæздыг, мидисæй – нывæфтыд, аив, рæсугъд. Ирон цыбыр ныхасы зæгъæн ис аивæй стыр хъуыдытæн.

Айларты Измаил

Æвзаг æмæ адæймагæн ахицæнгæнæн нæй, уымæн æмæ æнæ ‘взаг адæймаг нæ вæййы, йæ хъуыдытæ ‘взагимæ баст сты.

Агънаты Æхсар



ХЪУЫССÆТЫ Зæлинæ,
филологон наукæты
кандидат,
ЦИГСИИ-йы фольклор
æмæ литературæйы
хайады хистæр наукон кусæг

ФЫДÆЛТÆЙ БАЗЗАЙГÆ КЪÆЛИНДАРЫ ÆМÆ БИНОНТЫ ÆГЪДÆУТТÆ НАРТЫ КАДДЖЫТЫ

Ирон Нарты кадджыты сюжетты бындур иртасгæйæ æмæ йæ этнографийы бæрæггæнæнтимæ баргæйæ, рабæрæг вæййынц, сæ уидæгтæ æгъдæуттимæ æнгом баст кæмæн сты, ахæм фæзилæнтæ. Хъайтарон эпосы æмæ æгъдæутты уагæвæрды бастдзинад равзаргæйæ, арфдæр бамбарæн ис ирон адæмы архаикон культурæйы мидис.

Эпикон уацмысты сюжетты хорз зынынц дины æгъдæутты æппæт хуызтимæ æмхуызон миниуджытæ. Уыимæ, кадджыты æрмæст уыцы æгъдæутты фæстиуджытæ не сты, фæлæ ма сæ баззадысты æгъдæуттæ сæхæдæг дæр. Æрмæст, филологон наукæты доктор Борис Путиловы загъдау, «æгъдау эпосы йæ сыгъдæг æмæ æцæг хуызы никæд разыны. Эпикон æмбарынады æмæ эстетикæйы домæнтæм гæсгæ йæ рацарæзтæуы, æмæ нæ эпосы æрмæгмæ гæсгæ æгъдауæн йе ‘цæг этнографион фæлгæт фенын куы бафæнда, уæд хъуамæ фæстæмæ аздæхæм æмæ уыцы рацарæзты уагæвæрдтæ бамбарыныл бацархайæм».

Ахуыргонды хъуыдыйыл æнцойгæнгæйæ нын тынг ахсджиаг у ирон адæмон къæлиндары раст нымад. Зындгонд куыд у, афтæмæй рагон ирон æхсæнады къæлиндары циклы райдайæн, æмæ йемæ Ног азы бон дæр, алыхуызон нымадтой. Иу рæстæг, зæгъæм, уыцы циклы райдайæн уыд Бæлдæрæны бæрæгбон, фæстæдæр – Тутыртæ. Нырыккон къæлиндармæ гæсгæ, Ног аз бæрæггонд цæуы, æнæхъæн дунейы граждайнаг æхсæнад дæр кæй райста, Григорийы уыцы къæлиндары уагæвæрдыл – декабры фæстаг бон, фыццæгæм январы æхсæв. Уыимæ,

Уырыссаг Чырыстон Аргъуан ныууагъта Юлианы къæлиндар, æмæ зæронд нымадмæ гæсгæ Ног азыл сæмбæлæм 13 январы.

Фæлæ цымыдисаг уый у, æмæ ирон этнокультурон традицийы кæй баззадысты афæдзы бæрæгбæтты къæлиндарон циклы рагон нымады «фæдтæ». Цикл, фыццагдæр, баст уыд хуры змæлды æмæ, мæйыл йæ рухс кæцы рæстæг куыд ахады, уыцы иудадзыгон ивддзинæдтимæ. Зæгъæм, афæдзы мæйтæн бæлвырд культурон сусæгнысан кæй ис, уый дызæрдыггаг нæу. Гъемæ декабры мæй хуыйны Цыппурсы мæй. Иугæр афтæ у, уæд афæдзы къæлиндары фыццаг бæрæгбон дæр хъуамæ декабрьмæ хауа.

Нæ бирæ азты дæргъы раиртæстытæ куыд æвдисынц, афтæмæй бæрæгбæтты афæдзы циклы ныртæккæйы нымад цæуы зымæгон Хурхæтæнæй (ома, бæлвырд рæстæгæй, уымæн æмæ ацы фæзынд æдзухдæр вæййы 21 – 23 декабры). Ирон къæлиндарон къуырийы алы бон дæр у адæмæн сæ царды искæцы къабазы ахъазгæнæг Æрвон Пантеоны минæвæрттæй иуы номарæн. Уæлдай кадджындæрыл нымадæуы цыппæрæм, уымæн æмæ уый æппæт æрвон цæрджытæн кадгæнæн бон у. Афтæмæй æртыццæгæй цыппæрæммæ æхсæв ирон бæрæгбæтты къæлиндары у иууыл кадджындæр.

Цыппурс райдайы зымæгон Хурхæтæны фæстæ æртыццæгæй цыппæрæммæ фыццаг æхсæв. Кæд амынд бонты фæстæ арвыл ног мæй фæзыны, уæд Цыппурсы бæрæгбоны фæдыл къуыри, уый дæр та æртыццæгæй цыппæрæммæ æхсæв, бæрæггонд фæцæуы ирон Ног аз. Уыцы рæстæгмæ мæй куынæ сног вæййы, уæд иннæ къуыри сбæрæг кæнынц дыккаг Цыппурс (ома, свæййынц Чысыл æмæ Стыр, славяйнаг «Масленица» æмæ европæйаг «Нард дыццæджы» æнгæс Цæрвтæкъахæны бæрæгбоны хуызæн). Уыл ма къуыри куы рацæуы, уæд, æртыццæгæй цыппæрæммæ æхсæвы, ралæууы Ног аз (Ногбон), æмæ ацы рæстæгæй райдайынц афæдзы циклы ирон къæлиндарон бæрæгбæттæ нымайын. Нымайынц сæ къуыригæйттæй, хуры змæлд æмæ, мæйыл йæ рухс кæцы рæстæг куыд ахады, уый хынцгæйæ.

Афæдзы къæлиндарон цикл нæ бон у 2023 азы дæнцæгыл равдисын. Зымæгон хурхæтæн кæддæриддæр вæййы 21 – 23 декабры. 28 декабры – фыццаг æртыццæг, æмæ цыппæрæммæ æхсæв у Цыппурс. Ног мæй фæзынд 23 декабры, Хурхæтæны фæстæ, æмæ Ног аз æрцыд иннæ къуырийы æртыццæджы æхсæвæй цыппæрæммæ – 4-æй 5-æм январьмæ. Ома, Цыппурс æмæ Ног аз баст не сты бæлвырд бонтæм. Афтæ – ирæт-

ты иннæ къæлиндарон бæрæгбæттæ дæр. Нымайынц сæ хуры змæлды иудадзыгон ивддзинæдтæм æмæ мæйыл сæ ахадын- дзинадмæ гæсгæ.

Кадджыты æмæ æгъдæутты культурæйы абарæн иртасæнты хатдзæгтæм гæсгæ ис скæнæн, эпикон уацмысты этнографийы миниуджытæ куыд бæрæг дарынц, уый æвдисæг рагагъоммæйы систематизаци:

1. Къæлиндармæ гæсгæ æгъдæуттæ.
2. Бинонты æгъдæуттæ.
3. Æрвон цæрджыты пантеон.
4. Кувынæн хæринаг.
5. Фольклоры чысыл жанртæ (кувдтытæ, арфæтæ, зарджытæ æмæ æнд.).
6. Этикеты домæнтæ.
7. Культурон сусæгнысантæ.
8. Эпикон сюжетты сусæгнысанты раргомы тыххæй хицæнæй сахуыр кæнæ сног кæнын кæй хъæуы, уыцы æнæзындгонд кæнæ сæфт æгъдæуттæ.

Ирон Нарты кадджыты цардыуагон миниуджытыл дзурæг у сæ социалон нысаниуæг. Æгъдæуттæ эпосы æмбæхст хуызы парахатгонд сты æмæ амонынц ирæтты этнокультурон традицитæ æххæст кæнынмæ: райгуырд, ном сæвæрын, кары бацæуын, кувын, ус курын кæнæ чындзы цæуын æмæ æнд. Куыд къæлиндарон, афтæ бинонты æгъдæуттæ дæр адæймагимæ баст сты йæ райгуырдæй йæ амæлæтмæ. Номарæн кæндтытæ, филологон наукæты доктор Владимир Проппы хъуыдымæ гæсгæ, базонæн сæ куыд нал уа, афтæ аивынц æмæ ахæм «æмбæхст» хуызы баззайынц хъайтарон эпосы.

Зæгъæм, лæппуйæн йæ райгуырдæй фæстæмæ ирæттæм æххæстгонд цыд бæлвырд æгъдау. Фыццаджыдæр-иу райдыдта ноггуырды æрæхсыны уагæвæрдæй. Абарæн-мифологион метод нын дæтты уыцы æгъдау, «Батрадз йæхи Куырдалæгонмæ куыд байсæрын кодта», зæгъгæ, уыцы эпикон сюжеты феныны гæнæн: *«Уæд дын Батрадз иуахæмы хъуыды кæнын байдыдта: «Ныр куыд дæн, афтæмæй мын искуы тыхгæнæг тых ссардзæн. Цæуон, æмæ уæларв Куырдалæгонæн мæхи байсæрын кæнон». Куырдалæгон Батрадзы куынцгомы баппæрста, куыфгай йыл æвзалы фæкалдта, стæй йыл дойнаг дзæнхъа самадта. Уый фæстæ йыл æртдзыскæнæй ныххæцыд, æмæ йæ денджызмæ ныппæрста. Денджыз сфыхт æмæ байсыст. Арвмæ фæцыд тæфæй».*

Ноггуырды найгæйæ, æгъдау домдта, цæмæй-иу доны ныппæрстаиккой армыдзаг цæхх, æвзалы æмæ исты æфсæйнаг дзаума. Уыйадыл бæлвырд æгъдауы бындурыл, йæ эпикон æмбарынад ын хынцгæйæ, ис архаикон культурæ арфдæр банкъарыны фадат.

Æгъдау æххæстгонд цыд лæппуйы хъайтары бынаты сæвæрыны охыл, табуйаг фыдæлты æмæ Уæларвон аудæг тыхты æргом æм здæхт цæмæй æрцæуа, уымæн. Доныл цæхх кодтой, Батрадз денджызы доны кæй байсæрст, уымæ гæсгæ.

Ацы æгъдауы символикæ нæ аразы Сосланы райгуырды сюжетмæ. Кадæджы иу хуызы Сатана сфæнд кодта Сосланы арты байсæрын. Схаста йæ уæларвон Куырдалæгонмæ, æмæ йæ уый йæ куырдадзы сзынг кодта, стæй йæ донимæ бæлæгъы авæрдта. Зындгонд румынаг ахуыргонд Мирча Элиаде мифологийы ахæм фæзынд хуыдта «кæлæнгæнæн тæвд». Уыцы «тæвд» хъайтарæн лæвæрдта алæмæттаг тых – йæ буар-иу стæвд, афтæмæй йæ сырхзынг нæ сыгъта.

Уыимæ, ноггуырд хъайтартæ Сослан æмæ Батрадзыл байсæрыны фæстæ хъуыд уазал дон æркалын, æмæ уый хорз æвдыст цæуы кадæг «Батрадзы райгуырд»-ы: «Куырдалæгон бавнæлдта Хæмыцы чъылдыммæ, акъæртт æй кодта ‘мæ дзы лæппу райста цæхæр зынгæй. Сатана йæ донмæ фехсын кодта».

Ахæм ныв уынæм Сосланы райгуырды тыххæй кадæджы дæр: «Сатана асаста дуры, ‘мæ йын йæ хуылфæй систа цæхæркалгæ лæппу. Цъитидонмæ йæ бадавта, ‘мæ йæ ирд, уазал доны æрыхсадта. Лæппуйы буар æруазал».

Æппæт уыдæттыл æмбæлæм Номæвæрæны куывды тыххæй кадджыты дæр. Зæгъæм, «Æхсар æмæ Æхсæртæджы райгуырд». «Кар æмæ Кæрæф»-ы та ныхас цæуы Уазалихыбардуаджы фаззæтты райгуырдыл: «Хуыцауы фæндонæй Уазалихыбардуагæн райгуырд дыууæ фаззон лæппуйы. Ныццин кодта Уазалихыбардуаг, фервыста хонджытæ уайтагъд. Æрæмбырд сты адæм, æмæ стыр куывд скодта Уазалихыбардуаг».

Хатдзæг бæрæг у – ирон Нарты кадджыты мифон-эпикон логикæ царды æмбæлæг цаутæ, йæхи куыд хъæуы, афтæ рацаразы.

Абарæм ма уæдæ авдæнбæттæны бæрæгбоны æмæ «Сосланы тыххæй кадæджы» цаутæ. Ноггуырд нарт Сосланы авдæны бæтгæйæ, Сатана нымайы, сывæллоны æхсæнады уæнг суæвынæн цы бахъæудзæн, уыдæттæ: *«Алолай, ме ’нæныййаргæ лæппу, сау болатæй æмæ цъæх болатæй дæ авдæн; хурныгуылæны дын байраг хъомыл кæны; хурыскæсæны*

дын кард арæзтæуы, Уæларв Куырдалæгон дын аразы згъар...» Нарты æрыгæттæ сусæгæй Сатанамæ фæхъуыстой æмæ Ныхасмæ, хистæртæм, фидæны хъайтары райгуырды тыххæй хабаримæ фæцыдысты.

Эпикон текстæ æмæ æгъдæуттæ кæрæдзийыл кæй ахадынц, ууыл дзурынц Тулæнтæ дæр. Сывæллæтты низты бардуаг Алардыйы бонты рæстæгмæ афæдзы дæргъы цы лæппутæ райгуырд, уыдоны-иу сылгоймæгтæ Мады Майрæмы (Мады зæды дзуары) кувæндонмæ схастой. Хъæддых тыхтæй сæ-иу тъæпæн дурыл æрæвæрдтой æмæ сæ-иу æртæ хатты атылдтой, «Сосланы тых дæ бацæуæд!», зæгъгæ, уыцы арфæимæ. Æгъдау ныр дæр рох нæу. Раздæр ма-иу, кувæндонмæ цæугæйæ, сылгоймæгтæ кодтой мæнæ ахæм мидисимæ зарæг: *«Ныллæг дын кувæм, Аларды! Фысты урс дзуджы 'хсæн урс уæрыкк – дæ нывондаг, рухс Аларды! Фæлмæн зæххыл хъæбæрхорæй дын – бæгæны, хурæфсæст зæххыл мæнæуæй дын – уæливыхтæ. Эрзерумы бæмбæг – дæ фæндагыл, Сирийы æвзист дын – лæварæн, уды бæсты урс гал айс».*

Сослан дурæй кæй райгуырд, Нарты кадджыты уыцы хъуыды Уæлладжыры æмæ Хуссар Ирыстоны иуæй-иу цæрæнбынæтты æркодта уымæ, æмæ, цот кæмæн нæ уыд, уыцы сылгоймæгтæ æнæ уæлæдарæсæй ратул-батул кодтой кувæн бынаты тъæпæн дурыл. Адæмы уырныдта, уый сын хъæбулджын суæвынæн кæй фæахъаз уыдзæн.

Къорд кадæджы бæрæг дарынц æндæр æгъдæуттæ дæр. Кæхцгæнæн – афæдзы дæргъы райгуырæг лæппуты номыл бæрæгбон – æмæ кадæг «Къадзиты Сатана æмæ нарты Сатана», Къутугæнæн æмæ «Сосланы райгуырд», «Уырызмæджы мæсыг» (ахсджиаг нысаниуæг сæ ис лæппуты ерыстæн æрдынæй æхсынæй). Этнограф Уарзиаты Вилены хъуыдымæ гæсгæ, æрдынæй æхсыны æгъдауы бындуры ис, фаты цыргъ сау тыхты кæй асуры, уыцы уырнынад. Цыргъаг, куыд фыдбылызы тыхтæй хъахъхъæнæг, афтæ хорз зындгонд у бирæ адæмыхæттытæм, уыимæ, цыргъаджы хъаруимæ баиу вæййы æфсæйнаджы хъару дæр.

Фæлдисыны æгъдауы фæлварæнтæ арæхдæр баст сты фæстæмæ райгас уæвынимæ кæнæ ногæй райгуырынимæ. Дунейы сæвзæрды цаутæ сфæлхат кæныны тырнæнтæ амонынц, зæхмæ кæй æрцæуынц Уæларвон аудæг тыхтæ æд хорзæх тауæг хъомыс. Ирæтты ацы къабазимæ баст æгъдæуттæ раиртасæн ис къæлиндарон бæрæгбон Бæлдæрæны æмæ Нарт Сосланы мæлæты тыххæй кадæджы кæнæ Тутырты уалдзыгон циклы бæрæгбоны æмæ Батрадзы тыххæй кадджыты.

Эпосы фенæн ис чындзæхсæвы æгъдæуттæ дæр. Сæйраг бынат дзы ахсынц усгурæн, йæхицæн цардæмбал агургæйæ, алыхуызон фæлварæнтæ аразыны фæтк æмæ æндæр ахæм фæзилæнтæ.

Къæлиндарон æгъдæуттимæ баст æппæт сюжеттæ дæр хауынц «хуры хъайтар» Сосланы циклмæ. Зæгъæм, Дыгургомы хъæу Нары уæлдай кадджындæрыл нымайынц сæрдыгон Хурхæтæны боны Нарты Сосланы бæрæгбон.

Æгъдау æмæ эпосы бастдзинæдтæ уæлдай ирддæрæй зынынц уалдзыгон циклы къæлиндарон бæрæгбон Касуты. Уæд-иу æрыгон чындзыты донмæ ракодтой, æмæ-иу сын бирæ цот цæмæй фæзына, уымæн куывтой мæнæ ахæм арфæтимæ: «Донычызджыты хорзæх уæ уæд!», «Донбеттыры фæдзæхст ут алы ран дæр!», «Хорз цот уын рацæуæд».

Арфæтæ фылдæр баст уыдысты, чындзытæн цæмæй лæппутæ гуыра, быдыртæ бæркадджын уой, уыдæттимæ.

Мифты дунейы нартæн хæлар-хион ахастытæ уыд æрмæст уæларвон цæрджытимæ нæ, фæлæ ма дæлдон дунейы бардуæгтимæ дæр. Хæстонты номдарад Нарты кадджыты сæвзæрд, Нарты Æхсæртæг Донбеттыры чызг Дзерассæйы куы ракуырдта, уæд. Йæ сывæллæттæ (Уырызмæг, Хæмыц, Сатана) сæ цард фылдæр æрвитынц дæлдон. Эпосы хъайтар Хæмыц ракуырдта донычызг Быценоны. Жорж Дюмезилы хъуыдымæ гæсгæ, уыцы фæзынд Всеволод Миллерæн радта скифаг-ирон абарстытæн фадат. Нартау скифæгтæ дæр равзæрдысты, Таргитай доны бардуаг Борисфены чызджы куы ракуырдта, уæд. Донбеттыртæм цард Уырызмæджы æнæном фырт. Хæмыцы фырт Батрадз дæр хъомыл кодта Донбеттыртæм, йæ мадыл нымад Быценоны хæдзары.

Эпосы йæ бынат ссардта Цæуæггаджы æгъдау дæр. У сывæллоны бонтæй стыр цардмæ рахизыны нысан. Лæппуйыл-иу æртæ азы куы сæххæст, уæд ын цæттæ кодтой нæлгоймаджы бæрæгбоны æппæт дараес, суанг хъæдæй конд хæцæнгарзы онг. Цæуæггаг кæмæн нæма скодтой, уыцы лæппу хъомыл кодта сылгоймæгты (мадæлты) ‘хсæн æмæ, æгъдæуттæм гæсгæ, уыд сылгоймæгты уæларвон бардуæгты бæрны. Нæлгоймæгтæм æй æмхиц кæй кодтой, уый та уыд, сылгоймæгты æхсæнадæй кæй рахицæн, æрдон хуызы лæппуйыл нымад кæй цæудзæн, уымæн æвдисæн. Уый æппæт культурæтæн дæр иумæйаг миниуæг у – хъайтар йæ райгуырдæй йæ фыццаг сгуыхтмæ æхсæнадæн зындгонд нæ уыд, ничи йæ уыдта. Бирæ адæмтæм, уыимæ, скæсæны

славяйнæгтæм дæр, саби раздæр уал нымад нæ цыд нæдæр сылгоймаг, нæдæр нæлгоймагыл.

Амæлыны æмæ ногæй райгас уæвыны космосы концепцитæ эпосы æмвæзадыл æвдисынц рæстæджы рагон арæзт. Рæстæгмæ амæлыны ныв уынæм Батрадзы тыххæй сюжетты. Куыд традицион культурæйы, афтæ эпикон æмбарынады дæр, лæппуйыл æй банымайыны æгъдау кæмæн не скондæуыд, уый хъайтарты æхсæнады уæнг не суыдаид. Кадджытæ «Батрадзы денджызæй куыд расайдтой» æмæ «Батрадзы хъазт Уæнгхор æмæ Ærмхоримæ»-йы се ‘рдзон бирæнысанон мидисмæ гæсгæ уынæм, дунейы архаикон ныв кæмæй арæзтæуы, ахæм къорд миниуæджы:

- фаззæтты райгуырд;
- Нарты Хъазæн фæзы хъæзтытæ;
- Нæртон симд;
- мыдамæстытæ кæнын;
- нымæц «авд» сакралоныл нымайын: авд дуры, авд хъазты;
- кад æмæ сæр сæрмæ хæссыны зондыл лæуд.

Уыимæ, Батрадзы кадджыты бæлвырдæй уынæм Цæуæггаджы æгъдау:

1. Сæр ныддасыны хъуыддаг, куыд социалон уавæр фæивыны кæнæ ногæй райгуырыны æвдисæн (Сатана нарты лæппутæн бацамыдта, Батрадзы сæр куыд ныддасой æмæ йæ уый руаджы денджызæй куыд расайой, уый).

2. Лæппуйы фæндаг нарты знæммæ Иннæ дунейæ (эпосы Иннæ дунейы нысан арæхдæр дон вæййы).


3. Хи знæммæ нæлгоймæгты нозты руаджы фемхиц кæныны æгъдау (Уырызмæг уый тыххæй Батрадзæн ацаходын кодта кувæггагæй – Ронджы нозт æмæ кусæрттагæй).

4. Батрадзмæ фæзындысты нарты æхсæнады æххæст уæнджы æмæ сгуыхтытæм цæттæдзинады æвдисæнтæ – бæх æмæ хæцæнгарз. Эпосы æцæг хæстоныл нымад уæвынæн хæцæнгарз æмæ, уæлдайдæр та, бæх фаг сты.

Социокультурон арæнтæй ахизыны руаджы хъаруджын æмæ хъомысджын суæвыны миниуæг ис куыд ирæтты æгъдауы культурæйы, афтæ сæ хъайтарон эпосы дæр, уыимæ, комкоммæ баст у кадджыты сæйраг архайæгимæ. Мифологи иртасæг Джозеф Кэмпбеллы загъдау, «хъайтар йæ ныфс бахæссы, хорз зонгæ йын цы æхсæнад у, уырдыгæй

ænахуыр дунемæ бацæуынмæ, йæ ныхмæлæууæг тыхтимæ стох кæнынмæ. Фæуæлахиз сыл вæййы, æмæ йæ адæммæ æрбаздæхы хæрзтæ сыл тауыны арæхстдзинадимæ».

«Батрадзы хъæзтыты» кадæджы хъайтар Гуымиры фырттимæ куы ерыс кодта, уæд сæ сæ тыхтæ æнæмæнг бавзарын хъуыд дуртæй хъазты. Æрдынæй æхсын, бæхыл бадын æмæ кафыны æмрæнхъ уый уыд нарты фæсивæды уарзон ирхæфсæн. Дуртæй хъазт – уый хъайтарон нысаниуæгимæ æгъдау у. Ацы ерыстимæ баст рагон архетиптæ бæрæг дарынц хъæзтытæн ифтонггæрзтыл æмæ Куырттаты комы Лæцы хъæуы Нарты ныхасы цур къуырф дурыл. Бынæттон цæрджытæ йæ хонынц «Батрадзы хъазæн дур» кæнæ «Уæйыджы дур». Дуртимæ ерыстæ баззадысты нырыккон ирон æгъдæутты дæр.



«Нæртон симд» Дзанайты А.

Ирæтты рагдунембарынады бындуртæй иу у Нæртон симд. Уый руаджы-иу, зæгъæм, лæппутæ бакъахдзæф кодтой нæлгоймаг-хæстонты рæнхъытæм, æмæ-иу уый се ‘ппæтæн дæр уыд, кæфтытæ æмæ хъæзтытæй чи хъуамæ ахицæн уыдаид, ахæм стыр куывд скæныны нысан. Кафтæн ирон Нарты кадджыты стыр нысаниуæг кæй ис, уымæн æвдисæн – «Батрадзы денджызæй куыд расайдтой», «Батрадзы хъæзтытæ», «Батрадз ус куыд ракуырдта» æмæ ænd.

Нарты симдæн ахсджиаг бынат ис ирæтты адæмон хореографийы дæр. Хицæн кæны йæ дыууæ кæнæ æртæ æмвæзадимæ композицийæ æмæ «Нæртон симды зарæгæй»:

Ærсимут-ма тымбыл симдæй,
О-рæй-дæ, О-рæй-дæ.
Тымбыл симдæй, æнгом симдæй,
О-ри-о-ри, о-ри-о-рæй-дæ.
Уæнгтæй рæуæг, къæхтæй сабыр,
О-рæй-дæ, О-рæй-дæ.
Къæхтæй рæуæг, уæнгтæй сабыр,
О-ри-о-ри, о-ри-о-рæй-дæ.
Махæн нæ хистæр Уырызмæг у,
О-рæй-дæ, О-рæй-дæ.
Махæн нæ кæстæр Ацæмæз у!..
О-ри-о-ри, о-ри-о-рæй-дæ.
Ærсимут-ма тымбыл симдæй,
О-рæй-дæ, О-рæй-дæ.
Тымбыл симдæй, къæрцц-къæрцц симдæй,
О-ри-о-ри, о-ри-о-рæй-дæ.

Термин «Симд»-ы культурон-историон мидис иртасæг ахуыргонд Абайты Васо ахаста индоирайнаг адæмы лексикон фондмæ: «Адæмон кафты номы сты æгъдауы бирæ фæзилæнтæ. Йæ уидæгтæ цæуынц индоевропæйаг культурон дунемæ æмæ сæ рагирайнаг мидисæй здахынц æгъдауыл æнувыд уæвыны хъуыдымæ». Уарзиаты Вилен та фæнысан кодта, æртæ æмвæзадыл «Симд»-ы кæй баззад рагон ирайнаг знæмты æмбарынад космосы тыххæй: уæллаг (уæларв, хуры символ), астæуккаг (зæхх) æмæ дæллаг (дæлдзæхх кæнæ фурд).

Хатдзæджы хуызы ма фæнысангæнæн ис Абайты Васойы ахæм хъуыды: «Адæм эпос кæддæриддæр æвæрдтой аргъæуттæй уæлдæр, уæлдай лæмбынæг цæстæнгас æм дардтой. Уымæн, æмæ эпосы, йе 'гъдæутты æмæ нывты æрхъуыдыгонд цауты фæлмы уыдтой се 'цæг ивгъуыд, се 'цæг цард».

Ирон Нарты кадджыты царды æцæгæй æмбæлæг бæрæгбоны æмæ зианы культурæйы фæзилæнтæ этнографийы зонындзинæдтимæ иумæ эпосы бирæ сусæг хабæрттæ раргом кæнынц. Эпосы традициты æхсæнадон нысаниуæг та, сæйрагдæр, уый мидæг ис, æмæ адæмыхатты химбарынады алыхуызон къæпхæнтæ кæй æвдисы. Æгъдау кадджыты куыд æвдыст у, афтæмæй йæ схонæн ис ирæтты удварны æмæ æхсæнадон царды æнæфæхицæнгæнгæ, сæ социокультурон иудзинадыл сын хорзæрдæм ахадæг тых.

МАМИАТЫ Таймураз,
журнал «Мах дуг»-ы дунеон премийы лауреат

ГУЫРГЪАХЪХЪ ФÆНДÆГТÆ ÆМÆ РÆСУГЪД ФИДÆН

Туалгом иууылдæр зæйуат бынæттæ у, фæлæ дзы Джинатгомы фыдвадатæй ничи æййафы. Зымæгон иннæ кæмтты мит метр куы ныууары, уæд Джинатгомы та – дыууæ хатты фылдæр, уæлдайдæр Зикъарайы æфцæгмæ æввахс. Ахæм уавæрты дæр комы уыд цыппар цæрæг хъæуы: Къомахы – Еналдытæ, Къутæртæ; Мæсыгджыны – Мамиатæ, Гаджитæ; Джинайы æмæ Уачъейы – Гуыбатæ. Джинатгомы фыццаг æрцæрæгыл дæр нымад сты Гуыбатæ. Ком сæрдыгон у рæсугъд æмæ райдзаст, зымæгон та – зæйуат æмæ æнæфæндаг. Фæндаг та, уæлдайдæр хæхбæсты, – сæйраг царддæттæг. Сæрдыгон Джинатгомæй ахизæн ис Дзомагъмæ Дзомагъæфцæгыл; Зругмæ – Æргъигæнæн æмæ Сайбаты æфцæгыл; Хуссар Ирмæ – Зикъарайы æфцæгыл. Ацы æфцæгыл уыдис Джинаты сæйрагдæр кувæндон – Зикъарайы Уастырджи. Куывды йæм цыдысты комы æппæт цæрджытæ æмæ Хуссар Ирыстонæй Чеселты хъæуæй. Иннæ сæйраг кувæндон та ис коммæ бахизæны, Захъадон æмæ Джинатдон кæм баиу сты, уым – астæуæй бæрзонд рындзыл Цъыпы Уастырджи, кæнæ Цъыпыкомы Уастырджи. Фæлæ ныр схъæд йæ бынат, æмæ йæ бынмæ, хъæдрæбынмæ, ‘рхастой. Ацы кувæндон цæмæндæр Фаллагком æмæ Джинатгомæн уыдис иумæйаг. Джинатгом куы федзæрæг 1936 азы, уæддæр æм Фаллагкомы адæм куывды цыдысты æмæ йæм абон дæр цæуынц, нымад цæуы комы зæдыл.

Джинатгомы фыдзымæг, фыдвадæтты тыххæй бирæ хабæрттæ баззад. Иу рагон таурæгъ дзы ахæм ис. Дзомагъæй, зæгъы, иу лæг цыдæр хъуыддаджы фæдыл æрцыд Джинатмæ. Æрфысым кодта йæ зонгæтæм. Зымæгон даргъ æхсæв мит уарын байдыдта, бон дæр нал æнцайы йæ уарынæй. Уазæг сагъæсы бахауд – ныр дыккаг бон мит стыр тъыфылтæй уары, мæгуырыбон мыл акодта, æфцæгмæ ма куыд схиздзынæн, зæгъгæ. Йæ фысым та йæхиуыл сагъæс кæны: хорæй фаг ифтонг куынæ дæн мæ бинонты фаг дæр, уæд ма ацы æнамонд уазæгæн та цы кæндзынæн, цæмæй йæ хæсдзынæн æнæхъæн зымæг. Дыууæйæ дæр-иу уæлхæдзармæ рацыдысты, дыууæйæ дæр сагъæс кодтой, æмæ

Дзомагъæфцæгмæ кастысты. Фысым та-иу, уазæг æй куыд фехъуса, афтæ хъæрæй сдзырдта: «Уæлæ та Дзомагъæфцæгыл чидæр фæцæуы. Уæлæ та чидæр æфцæгыл агæпп кодта». Афтæ йæ уазæгæн дæлгоммæ ныхасæй æмбарын кодта, ænæ цæугæ дын нæй, ома. Уазæгæн дæр йæ бон куынæуал уыд йæ фысыммæ хъусын, уæд райста йæ лæдзæг, йæ дзæкъул æмæ загъта йæ фысымæн: «Æппындæр дзы кæд никуы ничи агæпп кодта, уæддæр дзы мæнæн абон ænæ агæпгæнгæ нæй». Йæ фысымæн хæрзбон загъта æмæ араст йе ‘намонд фæндагыл. Цас суадаид уыцы ногуард миты, Хуыцау йæ зонæг, фæлæ йын йæ мард ссардтой æрмæстдæр уалдзæджы.

Уый – иу лæджы сæфт, фæлæ æгас хъæу кæм фæласта зæй, уый та – ænæхъæн трагеди. 1850 азы Туалгомы фыдзымæг скодта. Къостайы загъдау, «лæджы æмбæрц æруарыд мит». Фондз боны æхсæвæй-бонæй нымæтхуды йас тъыфылтæй фæуарыд. Хæдзæрттæй ма кæмдæрты фæздæджы къуыбылæйттæ фæд-фæдыл, зивæггæнгæ, дымгæ иуæрдæм ахæссы. Хæдзар нæ, сау тæпп дæр дзы нал зынди хъæуæй. Адæмæн сæ кæрæдзимæ нæ, се скъæттæм дæр сæ бон ныццæуын нал уыдис. Уæд иу ænамонд æхсæв мит нал баурæдта йæхи уæз, æфцæгræбын фескъуыд, æмæ митзæй йæ хъæлæсы рахаста Джинаты хъæу. 40 хæдзарæй дур дæр нал баззад, сæ бынæттæй ма сау тъæпæнтæй зындысты. 69 адæймаджы æд фос, æд мулк бацарæфтыд сты. Уый уыди Цæгат Ирыстоны хæхбæсты æппæты стырдæр фыдбылыз.

Фæстæдæр ахуыргонд Константин Попов йæ чиныг «Алагирское ущелье»-йы фысдзæн: «Первые сведения о катастрофических лавинах в этом ущелье нам уже известны из работ В.В. Маркевича (1906 г.). По другим данным, в конце 50-х годов XIX века аул Джинат был снесен лавиной, в результате чего погибло около 40 семей. Лавина прошла ночью, и на том месте, где стоял аул, к утру осталось только большое темное пятно и несколько хозпристроек (Бероев, 1985 г.). Коста Хетагуров ранее также писал, что в 1850 г. лавина уничтожила село из 40 домов, и погибло 69 человек. Потому жители покинули это селение».

Ацы æрдзон фыдбылыз уыйбæрц стыр бæллæх уыдис ирон адæмæн, æмæ йæм ахуыргæндтæ дæр сæ цæстæнгас раздæхтой, йæ аххосæгтæ, йæ фæстиуджытæ йын æвзæрстой. Джинаты хъæуы æрмæстдæр Гуыбатæ цардысты, æмæ иу мыггагыл ахæм стыр бæллæх æрцæуæд, уый Хуыцауы ‘лгъыст у, æвæццæгæн. Адæм фæфæдис сты иннæ хъæутæй,

фæлæ мæрдты сæ сыджытыл сæмбæлын кæныны гæнæн фæци, куы рауалдзæг, уæд.

Мыггаджы хистæртæ бауынаффæ кодтой: сæ цæрæн аивын æдасдæр бынатмæ. Фæлæ кæдæм? Зæххы кадавар къухтæ баста. Уыди ахæм рæстæджытæ, æмæ-иу гал кæм æрхуыссыд, уыцы зæххы гæппæл уыди галæн йæхи аргъ. Уæддæр æрбæрæг кодтой зæйæ æдас бынат Цымимæ ‘ввахс, фæлæ уыдон уыдысты Бигъуылаты зæххытæ, æмæ сæ хæстæг дæр нæ уагътой. Таурæгътæм гæсгæ, Туалгомы уыцы рæстæг хицауиуæг кодта Бигъуыла. Хетæгæн дæр Нары зæххы хай уый радих кодта. Гуыбатæ катай кæнынц: «Фæстæмæ Джинатмæ цæуæн нал ис, ам нæ хæстæг нæ уадзынц». Уæд Нары хистæрты Ныхасмæ фæцыдысты. Бамбарын кодтой сæ тыхст уавæр æмæ сæ бацагуырдтой æххуыс, Бигъуылатæ уе стыр мады ‘рвадæлтæ сты æмæ уæ фефсæрмы уыдзысты, зæгъгæ.

Дыккаг бон Нары дзырддзæугæ хистæртæй æртæйæ фæцыдысты Цымимæ Бигъуылатæм. Уæздан æмæ хъомысджын Бигъуылатæм. Гуыбатæ, зæгъгæ, махæй сты – Хетæгкатæй – æмæ сын баххуыс кæнут, куыд не стыр мады ‘рвадæлтæ. Хуыцауæй æфхæрд байфæфтой, Джинаты сæ зæй фæласта, æмæ ма сæ чи баззад, уыдон уæддæр бахъахъхъæнæм. Бигъуылаты хистæртæ ницыуал уæлдай загътой сæ хæрæфыртты курдиатыл æмæ сын зæххы хай радтой, фæлæ сын Нары хистæртæ бафæдзæхстой: «Хъусут, Гуыбатæ! Мах уæ нæхицæй схуыдтам æмæ банымадтам, æмæ, кæд уæхи Хетæгкатæй хонут, уæд уын Цымийы – бынат». Уæдæй фæстæмæ, Гуыбатæй Цымийы чи æрцард, уыдон сæхи фыссын райдыдтой Хетæгкатæй, уыдонимæ – сæ инæлар Габо, Петроградыл хъуыстгонд дохтыр Андухъапар æмæ ма бирæ æндæртæ. Уый уыди 1851 азы, фæлæ ныр уыцы фыды фырттæй бирæтæ фæстæмæ сæ рагфыдæлыл – Гуыбатыл – сæхи нымайынц æмæ фыссынц. Уæвгæ сын уæд дæр æмæ ныр дæр сæ чызджыты хуыдтой æмæ хонынц Гуыбиантæ.

Гуыбаты ацы къабазы хабæрттæ мын бæлвырдæй фæдзырдта хъæдгæройнаг 94-аздзыд Балаты-Гуыбаты Риммæ. Ацы диссаджы зæрдæхæлар сылгоймаджы зонгæ рагæй кæнын, цы – цæгаты ‘рдыгæй, цы, кæм базæронд, уыцы уарзон Балаты (Тепсырты хæдзары номæй) бинонты. Мах та хæдзары номæй Дзæуыгтæ хонынц абон дæр. Гъемæ Тепсыртæ æмæ Дзæуыгты хæдзарвæндагæн сæ хæлардзинад райдыдта

мæ фыдыфсымæр Григол æмæ Балаты Шамилæй. Ацы дыууæ хистæры уыйбæрц хæларæй фæцардысты, фых хойраг адджынæн фæхордтой, кæрæдзийыл гадзрахатæй никуы рацыдысты, уарзондзинады æмæ хæлардзинады нæмгуытæ уыйбæрц байтыдтой, æмæ ма абон дæр сæ рæсугъд, æнæниз æвзартæ иттæг хорз тыллæг дæттынц. Фæлтæртимæ фидар бастдзинад абон дæр ис. Бинонты æмæ æмгæртты ‘хсæн дæр фидар æмæ рæсугъд ахастдзинæдтæн сæ рохтæ арæхдæр вæййынц сылгоймæгты къухты. Ахæм царды рохтæй рæстмæ чи пайда кодта æмæ кæны, уыдонæй иу у Балаты-Гуыбиан Риммæ.

Абоны онг дæр ма хæдзары змæлдтытæм рæвдз сылгоймаг нæ йæ мысинæгтæй хоны ивгъуыдмæ балцы. Мæ фыдымадæй, зæгъы, куыд хъуыстон, афтæмæй мæ фыдыфыд Къоста æмæ ма йе ‘ртæ ‘фсымæры Сардион (Балаты сиахс), Джиуæрджи (Хъайтмазты сиахс) æмæ Дауыт (Хетæгкаты сиахс) ралыгъдысты Джинатæй Цымимæ. Хæдзаргæнæг мæгуыр у, фæзæгъынц, фæлæ цыппар гуыппырсар æфсымæры æмхуызонæй куы февнæлдтой, уæд сын сæ иумæйаг хæдзар ацаразын тагъд бантыст. Райдианы цардысты бирæгæйттæй иумæ. Цард сын бацайдагъ, бинонтæ Мады Майрæмы æххуысæй фылдæр кодтой, æмæ Хуыцау уарын хорзæн ныууагъта. Къоста дæр хицæн фæздæг суагъта. Цард сæм йæ мидбылты бахудт, Мады Майрæмы арфæтимæ сын ацы рухс дунемæ рантыст дæс фырты æмæ дыууæ чызджы. Лæппутæй ма фæстагмæ цардхъомысæй баззадысты цыппарæй. Сæ куыстхъомдзинады фæрцы ницы хъуаг æййæфтой, фæлæ царды дæр ивддзинæдтæ цыди, æхсæнадон царды уæлдайдæр. Уæдмæ Октябры революцийы цæхæртæ хæхбæстæм дæр схæццæ сты. Адæм бацин кодтой ног цардыуагыл, фæлæ нæ фæиппæрд сты хæлæг кæныны низæй. Чидæртæ Къостайы бинонты æнгомдзинад æмæ хæлардзинадмæ, стæй, ног цардыуагмæ хорз цæстæй кæй ракаст, уыдæттæн нæ ныббыхсыдтой æмæ сыл НКВД-мæ хахуыртæ бахастой. Бинонты хистæр Къоста æмæ йæ фырт Сергей сæ амæттаг баисты æмæ Советон хицауады знæгты номимæ Сыбыры бинаг къæйы хай фесты.

Цасдæр рæстæджы фæстæ Къостайы фехстой, Сергейæн та дæс азы ахæстоны тæрхон рахастой. Дæс азы æнæ иу бон цухæй зын уавæрты арвыста, ныффæрæзта уыцы зындзинæдтæн, сæйрагдæр та – æнæрæстдзинадæн, æмæ та ногæй царды раст уылæнты ленк кæнын байдыдтой æфсымæртæ иумæ. Сæ зындзинæдтæ рох кæнын байдыдтой гыццыл-

гай, фæлæ та сæ сабыр ænæмаст бонтæ бирæ нæ ахастой – Советон Цæдисыл æрвнæрæгау айхъуыст, хæст кæй райдыдта фашистон Германимæ. Хæстхъом фæсивæдимæ Къостайы фырттæ дæр сæ райгуырæн бæстæ хъахъхъæнынмæ фæцыдысты. Сергей æмæ Габойы акодтой уыцы иу бон 1941 азы 1 сентябры. Уæдæй 12 октябрьмæ иумæ фесты, стæй сæ фæхицæнтæ кодтой. Алы куыстытæм къухæй арæхстджын чи уыд, уыдон хицæн вагоны бавгæдтой æмæ сæ кæдæм фæластой, уый абон дæр æбæрæгæй баззад. Хæст куы райдыдта, уæд-иу Сергей йæ мадæн хъазгæйæ ныфсытæ æвæрдта, Асиан, мæнæн ма тæрс, мæн нæ акæндзысты, «къонтыр» дæн, æмæ ахæмты хæстмæ нæ уадзынц, зæгъгæ. Ома, ахæстоны чи уыд, ахæмты «къонтыртæ» хуыдтой, сæ цоты та – «къонтырты» сывæллæттæ. Риммæ, йæ цæссыгтæ тыххæй уромгæйæ, дзуры: «Мах фондзæй нæ фыдымады æвджид баззадыстæм. Æддæмæ ракæсын нал уæндыдыстæм. Иууылдæр нæ мæстæй мардтой, адон «къонтыртæ» сты, зæгъгæ. «Къонтыр» цы у, уый та æмбаргæ дæр нæ кодтам. Исчи-иу нæм сыхæгтæй куы ‘рбахоста, уæд та-иу фыр тæссæй æмбæхсынмæ фестæм. Дзæвгар рæстæджы фæстæ, Габо куы ссыд æмæ дуар куы ‘рбахоста, уæд нæ фыдымадыл нæхи бакалдтам, ныттыхстыстæм ыл, фæлæ, чи у, уый куы базыдтам, уæд ма нæ цинæн кæрон кæм уыд.

Уæд ænахъом сывæллæттæ кæмæн цы ракодтой, сæ фыды сын ænæ исты аххосæй ахæстоны дæс азы фæдардтой, уый сын фаг нæ уыди? Къостайы фырттæ алы рæтты фæтох кодтой знаджы ныхмæ, æмæ ма дзы сæ бинонтыл сæмбæлдысты, кæд цæфтæй, уæддæр удæгасæй Габо, Хазби, Гришæ. Габо цæфтæ кæй баййæфта, уый тыххæй йæ суæгъд кодтой 1943 азы. Хæдзар – æгуыдзæг уавæры, зæронд ус æмæ фондз сидзæры: Риммæ, Руслан, Тимæ, Ирæ, Валентинæ сæ мад Райкæимæ. Йæ цæфтæ ницæмæ даргæйæ, дысвæлдæхтæй бавнæлдта зноны хæстон хæдзары куыстытæм. Йæхицæн дзырд радта: «Мæ æбæрæгæй сæфт æфсымæр Сергейы фондз сидзæрыл æз уыцы ном бадын нæ бауадздзынæн». Æмæ ныл аудыдта».

Фæстæдæр Советон Хицауады бардзырдмæ гæсгæ Туалгомы хæххон адæмы лидзын бахъуыд мæхъхъæлон хъæу Яндыркæмæ, ирон адæм æй хуыдтой Райдзаст. Гуыбаты Габойы бинонтæ дæр æрбынæттон сты Райдзасты. Хохы кадавар æмæ ихсыд зæххимæ абарæн дæр нæ уыд ацы бæркадджын зæхх – дæ дзыппæй дзы ænæнхъæлæджы хоры

нæмыг æрхауд, уæд ын фæмæнгæй ма тæрс. Бинонты куыстхъомтæ Габо æмæ Райкæ сæхиуыл нæ ауæрстой. Райдзасты колхоз йæ тæккæ рæствæндагыл лæуд уыдис. Бирæкъабазджын хæдзарадыл нымад уыд: зæххы куыст, дыргъы куыст, стурвос, фысвосы дзугтæ, фæлæ ма сфæнд кодтой маргъы куыст дæр рапарахат кæнын. Сарæзтой стыр кæркдон, байдзаг æй кодтой маргъæй. Хистæр кæркгæсæй дзы сæвæрдтой Габойы сидзæргæс чындз Райкæйы, æхсæвгæсæй та мæ фыдыфсымæр Григолы. Йæ бæсты-иу фылдæр хатт уыдтæн æз. Ам базонгæ дæн уыцы зæдæнгæс сылгоймаг Райкæимæ. Цы диссаджы парахат зæрдæйы хицау уыд! Цæстуарзон, рæвдауæг. Райсомæй-иу хур йæ был дæр нæма сдардта фæскъуылдымæй, афтæ-иу йæ куыстмæ æрбахæццæ. Дардæй-иу мæм, мидбылхудгæ, хъазæн ныхасæй райдыдта: «Куыд дæ, Таймураз? Мыййаг дын дæ кæрчытæй дысон рувас нæ адавта?» Хи хъæбулау-иу мæ æрбахъæбыс кодта, цыдæр ныфсы ныхæстæ мын кодта, ды æнæхъæн лæг дæ, тыгъд быдыры иунæгæй нæ тæрсыс, зæгъгæ. Æз дæр-иу мæхицæй куыд нæ ныббуц уыдаин…

Алцыдæр афоныл, зæгъгæ-иу фыдæлтæ дзæгъæлы нæ дзырдтой. Габо йæ бинонты цард æмæ уагæй разы уыд, фæлæ йæхицæн дæр хъуыддаг бакæнын афон æрцыд. 1946 азы йæ минæвæрттæ барвыста Джиоты (хæдзары номæй Паретæ) уæздан мыггагмæ, æмæ Тамарæ æркуывта Гуыбаты къонамæ. Разынд Габойæн йæхи хуызæн æгъдауджын, куыстуарзаг, рæдау æфсин æмæ, сæйрагдæр, – сидзæрты хи мадау рæвдауæг. Мады Майрæм ын йæхи дæр барæвдыдта фырыхъулы хуызæн лæппу Валерикæй.

Габо æмæ Тамарæ уыйбæрц æнувыд уыдысты сидзæртыл, æмæ Райдзасты хъæуы цæрджытæй, стæмтæй фæстæмæ, ничи дзырдта, уыдон Габойæн йе ‘фсымæры сты, зæгъгæ. Фылдæр сæ хуыдтой Габойы цот. Царды сæ раст фæндагыл арæзтой, ахуырыл сæ бафтыдтой. Уымæй уæлдай, се ‘ппæтæн дæр бæркадджын чындзæхсæвтæ скодтой. Тимæ æркуывта Гæззаты къонамæ, Ирæ цардæмбалæн равзæрста Хъайтыхъты Хъазыбеджы, Валентинæ æркуывта Калоты уæздан мыггагмæ, хоты иунæг æфсымæр Руслан та уæздан сиахсы лæггад фæкодта Дзапарты мыггагæн. Цыппæрæм хо Риммæ, нæ ныхасы хъайтар та æркуывта Балаты Шамилы къонамæ. Фарн æрбахаста Балаты бирæ бинотæм æмæ сын абон дæр чындзы лæггад кæны, бинонты фарн æмæ кад хъахъхъæны.

Балаты Шамил æмæ йæ цардæмбал Сафетка цардысты Нары (Абанайы). Мады Майрæм сын балæвар кодта æртæ чызджы æмæ фондз лæппуйы. Шамил йæ цардæй ахицæн 1943 азы, æмæ Сафетка аст æнахъом сывæллонимæ, иу иннæмæй къаддæр, кæстæр – дзидзидай, афтæмæй сидзæргæсæй аззад. Йæ уавæрыл фæкуыдта æхсæвæй-бонæй, фæлæ хъарм цæстысыгæй сабиты нæ бафсаддзынæ. Йæ дыстæ бафæлдæхта, йæ хиуæттæ дæр æм ныфсы къух æрбадардтой. Йæ хистæр хъæбулты æххуысæй царды уæззау уылæнты бацыдысты. Уæдмæ, 1944 азы, Нары зылды адæмы мæхъхъæлы бынæттæм æрвитын куы байдыдтой, уæд Сафетка дæр йæ сидзæртимæ Райдзасты æрбынæттон.

Астæ рацыд, æмæ Таймураз йæ минæвæрттæ барвыста йæхи хуызæн сидзæр Гуыбаты Сергейы чызг Риммæмæ. 1948 азы æркуывта уый Балаты къонамæ. Бирæтæ тæригъæдгæнæгау дзырдтой, уый æппæт æнахъом сидзæртæм йæ ныфс куыд бахаста, зæгъгæ. «Æцæгæйдæр, аст сидзæры, иуæй иннæ – къаннæгдæр, уæдæ ‘фсин дæр – низæфхæрд, ‘næфæразгæ. Кæстæр Катяйыл фондз азы дæр næма цыд, уый хистæр Тельмæн та уыцы аз бацыд скъоламæ», – дзуры йæ мысинæгтæ Риммæ. Тельмæны коймæ та йæ кæуын йæ хъуырмæ схæццæ, æмæ сфæрæзта: «Уый мын æгæр раджы ацыд йе ‘цæг дунемæ. Уымæн æндæрхуызон зæрдæ уыди. Уый мын се ’ппæтæй хуыздæр æмæ фылдæр æмбæрста æмæ аргъ кодта мæ бирæ лæггæдтæн. Лæггад та бирæ фæкодтон бинонтæн. Мæ цæгат царды сæ къæхтыл фидардæр лæууыдысты, хъомысджындæр уыдысты, æмæ нæ Габо йæ цæстæнгасæй цух нæ уагъта, йæ хъус næм тынг дардта. Алцæмæй дæр нын хай æрвыста, уæд – бæрæгбоны нывондæй цæгаты хай, уæд – æнæуый алы хойрагæй.

Æз Балатæм куы ‘рцыдтæн чындзы, уæд ма мæ фыдымад цардæгас уыди, кæд йæ сæдæ азæй ахызт, уæддæр, æмæ-иу æй арæх абæрæг кодтон. Фæлæ, йæ хъæбултæн сæ фылдæр мæрдтæм йæ разæй кæй бацыдысты, уыцы уæззау хабар ын йæ цæстысыг бахус кодта. Иубон та сæм суадтæн. Нæ фыдымады сæййæфтон аджы фарсмæ бадгæ. Кæуы æмæ хъарджытæ кæны: «Уæ кувæджы куывдтæ мыл куы ‘рцыдысты мæ бирæ бинонты фарнæй, уæд ма фæстагмæ мæ зæронд сæрыл фыдыусы ælгъыстытæ та цæмæн бафтыдысты – мæ бирæ фидар цæджындзтæй иуы æвджид куы аззадтæн». Бæргæ йæ сабыртæ кодтон, фæлæ рыст зæрдæ ныхæстæм, уайдзæфтæм кæм хъусы…

Æз Балатæм фондз æфсымæры æрæййæфтон. Фæндзæм, дæ фарн



Таймураз æмæ йæ цардæмбал Риммæ

бирæ, – мæ сæрыхицау Таймураз. Фондзы дæр æз арвыстон æфсадмæ, фæндагмæ сын хызынтæ мæхæдæг фæхуыдтон, фæцæттæ сæ кодтон, æмæ мын се ‘ппæт дæр дзæбæх, сæрæгасæй сæмбæлдысты сæ къонайыл. Уымæ гæсгæ мæм нæхимæ, хæдзармæ, иу рæстæджы фæзынд Дзидаханты Гоццийы бинойнаг Зинæ. Ды, зæгъы, дæ фондз бæлццонæн сæ фæндаггаджы хызынтæ дæхæдæг скодтай, æмæ дын дзæбæхæй сæмбæлдысты фæстæмæ. Уæдæ дæ къух, сæйрагдæр та, дæ зæрдæ, хорз сты, æмæ ма уæ хæрæфырты (Гоцци Балаты хæрæфырт уыди) лæппу Таймуразæн дæр скæн фæндагмæ хызын. Скодтон ын, дыккаг бон сын æй мæхæдæг бахастон. Таймураз йæ хæс ахицæн кодта, дзæбæхæй сæмбæлд йæ бинонтыл. Хабар айхъуыст – хъæубæсты Риммæйы хуыд хызынтæ бæлццæттæн ахъаз кæнынц, рæствæндаг фæвæййынц, зæгъгæ». Фæзынди ма йæм ахæм курдиатимæ чидæртæ дæр фæстæдæр. Иууылдæр разыйæ баззадысты. Хистæртæ-иу дзырдтой, алы хъуыддаг дæр сыгъдæг зæрдæрайæ æмæ, сæйрагдæр, зæрдæхъæлдзæгæй куы кæнай, уæд ын йæ фæстиуджытæн æвзæрæй тас нæ уыдзæн, зæгъгæ.

Уæдмæ, 1949 азы, Риммæйыл æрцыд Мады Майрæмы арфæ, фæзынд ын фыццаг хъæбул – лæппу. Ном ыл сæвæрдтой Эльбрус. Цард

сæм йе ‘ргом бæргæ раздæхта, фæлæ 1952 азы Таймуразмæ æфсадмæ фæсидтысты. Колхозоныл нымад уæвгæйæ, ныр уый бынат бинонтæй æндæр исчи хъуамæ æрцахса. Афтæ домдта уæды уавæр. Уымæ гæсгæ Риммæ йæ афæдзæмæдыууæмæйдзыд сывæллоны йе ‘фсины æвджид ныууагъта æмæ бацыд фермæмæ хъугдуцæгæй. Фермæ та уыдис хъæуæй 4 – 5 км дæрддзæфдæр – фæсрагъ æй хуыдтой. Хицауæй дзы куыста Плиты Бури. «Ме ‘фсин йæхæдæг дæр рынчынтæгæнаг уыди, фæлæ мын тынг ныфсытæ æвæрдта: «Ау, аст сывæллоны куы схъомыл кодтон, уæд ацы гыццыл хъæбулы фаг нал суыдзынæн». Кæд уæлæмæ дзургæ ницы кодтон, уæддæр мæ зæрдæ мæ хъæбулимæ уыд æхсæвæй-бонæй, фæлæ мæхиуыл, мæ хъаруйыл мæ зæрдæ дардтон. Немæ цы карджын сылгоймæгтæ уыдис – Къадзты Нинæ, Хетæгкаты Уæлгъа, Хъайтмазты Раисæ, – уыдоныл мæхи сбастон æмæ сæ нал хицæн кодтон. Хи хъæбулау мæ сæхимæ æрбангом кодтой æмæ мæ рæвдыдтой. Хъугдуцæгæй фæкуыстон æртæ азы, уый фæстæ та – хæринаггæнæгæй.

Уæдмæ æфсымæртæ дæр бахъомыл сты, бинонты хъуыддæгтæ бакодтой, цæрæн бынæттæ фæкъуындæг сты. Мæ сæрыхицау Таймураз, куыд хæдзары хистæр нæлгоймаг, йæ кæстæртыл хъуыды кæнгæйæ, бауынаффæ кодта, æмæ мах сыстадыстæм. Нæ цæрæн бынат раивтам хъæуыбынмæ ‘ввахс Гутнайы-фырты уынгмæ. Диссаджы уæздан, хæлар сыхбæстæ разындысты. Нæ алы бæрæгбон дæр æрвыстам иумæ. Ног азы бæрæгбонтæ та нын бынтон диссаг уыдысты – хæдзаронтæгæнгæйæ-иу æнæхъæн сыхыл æрзылдыстæм. Тынг хъæлдзæг æмæ уарзонæй фæцардыстæм нæ сыхбæстимæ, кæд дзы абон мæ фæлтæрæй ничиуал ис, уæддæр сæ арæх æрымысын».

Сафеткайыл йæ астæ дæр сæ уæз æруагътой, йæ низтæ дæр ыл тыхджындæр кæнын байдыдтой, бынтондæр æруатон æмæ рынчындонмæ бахауд. Ам йемæ рынчынгæс баззад Риммæ, цалынмæ нæ фæрæвдздæр, уæдмæ. Рынчын, дам, мæгуыр у, рынчынмæ чи кæсы, уый та – дыууæ мæгуыры. Ныр дæр æрымысы: Сафетка йæ тæккæ тыхстыл куы уыди, уæд-иу ын йæ къухыл ныххæцыд, йæ цæстытæ-иу доны разылдта, хæрдмæ-иу æм скаст цыдæр мæгуырхуызæй æмæ-иу уыцы фæсус хъæлæсæй сдзырдта: «Мæлын мæ ма бауадз, како сындз фестай. Чындзы ад æмæ аудын дæуæй базыдтон». «Како сындз фест» – уый та уыди йе стырдæр æлгъыст æмæ ‘фхæрд ныхас. Арæх-иу дзы пайда кодта ацы дзырдбастæй.

Йе ‘нæниздзинад куы фæфидардæр, уæд æй рафыстой. Хи хæдзары, дам, къултæ дæр æххуыс кæнынц. Сафетка дæр бонæй-бон фидардæр кодта. Фæлæ, дам дæм фыдбылыз куы кæса, уæд дæм рудзынгæй дæр ærбахиздзæн, кæнæ та дæ фæнычы зæй фæласдзæн. Хæдзары фарсмæ цы ærдæгаræзт сара уыд, уым йæ электрон телтæ кæронмæ æвæрд нæма фесты. Зæронд ус уый цæмæй зыдта, ænæнхъæлæджы сæм февнæлдта, æмæ дæ фыдгул дæр уыйау…

Риммæйы йæ хъуыдытæ ахæссынц æрыгоны бонтæм дæр. Абонимæ абаргæйæ, зæгъы, кæд материалон æгъдауæй адæм бирæ мæгуырдæр цардысты, уæддæр сæ удыхъæд, зæрдæйы уаг, хæлардзинад æмæ уарзондзинады бæрцбарæнтæ тынг аивтой. Уды сыгъдæгдзинад ничиуал хаты, æви бынтондæр никæйуал ændавы, уыцы уавæр та хорзмæ никæд æркæндзæн…

Йæ бирæ фыдæбæттæ куы ærхъуыды кæны, уæд арф ныуулæфы æмæ, цыма йæхицæн ныфсытæ февæры, уыйау фæкæны: «Уæвгæ уыцы заманты æнцон цард ничи кодта, фæлæ æз мæ цардæй разы дæн. Æвæццæгæн, афтæ бирæ дæр уымæн цæрын. Мæ диссаджы æнгом æмæ уарзон сыхæй, ме ‘мгæрттæй ничиуал ис. Цы диссаджы хъæлдзæг æмæ æнгом сых уыдыстæм, ныр цыма афтæ æнгом нал сты, æви, æз æддæмæ кæй нал æфтын, уымæ гæсгæ мæм кæд афтæ кæсы. Ме ‘мгæрттæ афардæг сты, æмæ уый дæр нымаинаг у».

Сæйрагдæр ын – бинонтæ. Хъæлдзæг бонтæ йыл акæны, йæ бирæ кæстæртæ куы ærбамбырд вæййынц, уæд. Йæхи хъæбултæ – ærтæ, уыдоны хъæбултæ – аст, хъæбулы хъæбулы хъæбултæ – дæс. Уыдон иууылдæр иу хæдзары сæ нанайы алыварс куы ‘рбамбырд вæййынц, уæд ма уымæй амонджындæр кæм вæййы. «Æвæццæгæн, адоны цæрайæ бирæ цæрын æз дæр», – вæййы йæ хъæлдзæг хъазæн ныхас зæронд нанайæн.

Абоны фæлдурæджджын дуджы нæ кæстæртæн, фылдæр чызджытæн, мæ зæрдæ зæгъы, Балаты – Гуыбаты Риммæйы куы бафæзмиккой уæзданздзинад, æфсарм, быхсын æмæ хатыр кæнын, бинонты æнгомдзинадыл аудын æмæ ма бирæ ændæр хъæугæ миниуджытæй. Дзæгъæлы нæ амоны ирон æмбисонд: «Дыууæ бинойнаджы кæрæдзийыл хъуамæ афтæ ænувыд уой, цæстытæ æмæ къухтæ кæрæдзиуыл куыд ænувыд сты. Цæстытæ куы кæуой, уæд сæ къухтæ сæрфынц, къухтæ куы риссой, уæд та цæстытæ кæуынц».

ДЗУЦЦАТЫ Зæлинæ

СТЪАЛЫДЖЫН ФÆНДАГ

Аргъау

Алы хурныгуылды дæр сырддон ферваэзы æгас боны дзолгъо-молгъойæ æмæ ‘рсабыр вæййы. Уæвгæ дзы цард ма бамынæг уа... Уый нæ, фæлæ æцæг диссæгтæ уæд райдайынц.

Алы изæр дæр райхъуысы Уыджы уасын:

– У-у-у! Уе ’ппæт дæр рацæут æмæ та уын ракæнон аргъау!

Аргъауы коймæ сырддоны къалатиты дуæрттæ байгом вæййынц æмæ маргъæй, сырдæй Уыджы алыварс æрæмбырд вæййынц. Зондджын уыг – аргъæутты дæсны – йæ цæстæнгас ахæссы арвгæрæттыл æмæ нывæндын байдайы алы æмбисонды хабæрттæ.

Ацы изæр дæр та сырдтæ æмæ мæргътæ раивылдысты сæ къалатитæй: Саг сæрбæрзонд æмæ уæздан къахдзæфтæгæнгæ рацæуы, Мælхъ йæ диссаджы хуызтæ æвдисгæ расимы, Дзæбидыр йæ сæрæй хъазгæ расиры. Суанг ма Сæгъ дæр, цыма сæ сыхæгты цъæх цæхæрадонмæ тагъд кæны, тъæбæртт згъордæй Уыджы раз алæууыд.

Иу ныхасæй, сырддоны цæрæгойтæ та Уыджы алыварс æрæмбырд сты æмæ æнхъæлмæ кæсынц ног аргъаумæ.

Теуа дæр йæ гомдуар къалатийæ ракасти, фæндыди йæ аргъаумæ байхъусын, фæлæ та ацы хатт дæр иннæ изæртау йæ ныфс нæ бахаста. Уымæн, æмæ йыл æдзухдæр худгæ кæнынц. Нæ йыл æрвæссынц. Сæ хуыздæр ныхас вæййы: «Æдылы Теуа! Фыдуынд Теуа!»

«Фыдуынд бæргæ нæ уыдтæн! – йæ саджилæг стыр къæхты бынæй ныуулæфыд Теуа. – Мæ райгуырæн Змисджын быдырты куы цардтæн, уæд мæ мæ мад Теуинæ йæ уды гага куы хуыдта... Ехх, фæлæ ацы къалатийы цæргæйæ æмæ райгуырæн быдыртæ мысгæйæ, фыдуынд нæ, фæлæ ма удæгас дæр куыд дæн!..»

Теуа та уыцы цымыдисæй бакасти аргъаумæ хъусджытæм æмæ йæхимидæг фидарæй сфæнд кодта: «Цон æмæ æз дæр ацы хатт байхъусон аргъаумæ. Цы нæ вæййы, – кæд дзы мæ райгуырæн Змисджын быдырты кой уæддæр фехъусин».

Теуа куыддæр сырдты æмæ мæргъты къордмæ бахæццæ, афтæ Уыг йæ дзурынæй фæлæууыд æмæ сабырæй багуым-гуым кодта: «Нæ къорд ма Теуа хъуаг уыди!» Мælхъ та хъихъуастæй афтæ бакодта: «Æз ацы

Теуаимæ иу аргъаумæ нæ хъусын!» – æмæ, гыццыл раздæр симгæ куыд æрбакодта, афтæ та симгæ фæстæмæ йæ бынатмæ араст. Сæгъ дæр, йæ боцъо тилгæ, уыцы æнæрвæссонæй скасти Теуамæ: «Ды та цы ’мбарыс аргъауæн? Цы ’рбасхъæл дæ?» Хъоппæгдзæст Саг йæ къæдзил цæгъдæгау бакодта, Теуамæ бакаст, фæлæ йæхинымæр исты дзырдта æви сынæр цагъта, уымæн Теуа ницы бамбæрста. Æрмæст тынг æнкъардæй загъта:

– Омæ уын мæ фенд кæд афтæ хъыг у, уæд фæстæмæ аздæхдзынæн.

– Аздæх, аздæх! – багуым-гуым та кодта Уыг.

Æмæ, æцæгæйдæр, Теуа аздæхт йæ къалатимæ æмæ æнкъардæй к арвы астæумæ нымдзаст. Арвыл бафиппайдта дæргъæй-дæргъмæ къахвæндаг æмæ йæхинымæр ахъуыды кодта: «Æвæццæгæн, уыцы стъалыджын къахвæндагыл фæцæуынц уæларвон теуатæ! Кæд мæм, мыййаг, бæрзондæй фæкæсынц æмæ мын тæригъæд фæкæнынц, – Теуа та йæ къæхты бынæй ныуулæфыд. – Ехх, æвæдза, тæригъæд цы теуайæн нæ кæнынц, уый тынг мæгуыр теуа у».

Сырдтæ æмæ мæргътыты ’хсæнæй та цыдæр сонт хъæртæ райхъуыст, æмæ Теуайы æнкъард хъуыдыты хал æрбаскъуыд.

– Æз та уын афтæ зæгъын, æмæ Теуа æдылы нæу! Стæй фыдуынд дæр нæу! – загъд кæны Бубупгæнаг цъиу, фæлæ Уыг нæ сæтты:

– У-у-у! Æдылы у! Фыдуынд у!

Бубупгæнаг, сырдтæ æмæ мæргътыл ныхасæй кæй нæ фæуæлахиз уыдзæн, уый куы бамбæрста, уæд ма афтæ бакодта:

– Искæй зæрдæ рæстæй чи риссын кæны, æдылы уый у. Фыдуынд уый у. Теуа та зонджын æмæ рæсугъд у.

Уыцы ныхæстæ Теуа дæр фехъуыста æмæ тынг бадис кодта: «Æдзух мæ ‘фхæргæ куы кæнынц сырдæй, маргъæй се ’ппæт дæр, уæд мæ фарс чи рахæцыд?»

Уыцы рæстæг Теуайы къалатийы тигъыл абадт Бубупгæнаг:

– Теуа, хъуыды дæр ма сæ ма кæн!

Теуа йæ цæстытæй бахудт æмæ афтæ зæгъы:

– Дæ бакаст куыд рæсугъд у, уæртæ цъиу, дæ зæрдæ дæр, æвæццæгæн, афтæ рæсугъд у!

Бубупгæнаг йæ базырты дзыгъуыртыл йæ цæст ахаста æмæ афтæ:

– Нæ зонын, цас рæсугъд дæн, уый, фæлæ абон æгас кæй дæн æмæ дæуимæ ныхас кæй кæнын, уый у дæ хоты æмæ де ’фсымæрты æххуысæй, теуаты фæрцы!

Теуа ацы сæрдыгон изæр ахæм диссаг фехъусдзæн, уый æнхъæл нæ уыди æмæ джихæй баззад. Йæ дыууæ сатæг цæсты сау æрттывд фæкодтой æмæ йæхицæн дзурæгау загъта:

– Æмæ... æмæ цæмæй зоныс... мæ туг-ме стæджы?

Бубупгæнаг йæ мидбынаты цалдæр пæррæсты скодта æмæ дзæбæх-дæр æрбадти къалатийы æфсæн быруйы кæрон.

– Зонын, суанг ма дæ мад, дæ фыд...

Бубупгæнаджы ацы ныхас Теуамæ бынтон диссаг фæкаст:

– Мæ фыд Теуæханы зоныс? Мæ мад Теуинæйы федтай?

– Раст зæгъгæйæ, нæмттæй сæ нæ зонын, фæлæ... мæн теуатæ фервæзын кодтой Змисджын тыгъд быдырты...

Теуайæн æвиппайды йæ цæстытыл ауадысты Змисджын тыгъд бы-дыр- тæ, йæ мад Теуинæйы алыварс-иу куыд цæрдæг разгъор-базгъор кодта, йæ къæхты бынæй-иу ын дымгæ сызгъæрин змис куыд аскъæфта, йæ фыд Теуæхан-иу теуа-дзуджы разæй куыд араст уæзбын, фæлæ фидар къахдзæфтæй. Æмæ нæ тарст нæдæр кæлмытæй, нæдæр арвы дымгæтæй.

– Бузныг, Бубупгæнаг, æгайтма мын мæ зæрдыл æрлæууын кодтай мæ сабибонтæ, – арф ныуулæфгæйæ, загъта Теуа. – Фæлæ цы хуызы бафтыдтæ мæ райгуырæн Змисджын быдыртæм?

– Æз, мæнæ дзæбæх Теуа, алы аз дæр дыууæ хатты фенын дæ рай-гуырæн Змисджын быдыртæ.

Уыцы ныхæстæм та Теуа йæ хъустæ фæгæмæл кодта:

– Дзур, дзур, Бубупгæнаг, æз дæм хъусын!

– Цæвиттон, Теуа, алы фæззæг хъарм бæстæм атæхын, алы уалдзæг хъарм бæстæй раздæхын. Уалдзæджы райдиан фæстæмæ куы здæхтæн, уæд мæ Змисджын тыгъд быдырты сæрмæ уаддымгæ ’рцахста. Арвы цъæх нал зынд сызгъæрин змисы дымгæйæ. Рагацау базыдтон мæ мæлæт æмæ хæрзбон загътон мæ райгуырæн къуыбыртæн. Иузаман мæ дымгæ йæ тæвд базыртæй æрбацавта æмæ ницыуал бамбæрстон...

Теуа, катайгæнгæ, афарста:

– Æмæ дарддæр... дарддæр та цы уыди? Чи дæ фервæзын кодта?

– Дарддæр цы уыди, зæгъыс? – спæррæстытæ та кодта Бубупгæ-наг. – Дарддæр та уый уыди, æмæ уыцы æнæбонхуызæй æрхаудтæн теуаты астæумæ.

– Теуаты астæумæ, загътай?! – цины хъæр фæкодта сырддоны мæгуыр Теуа.

– О, о! Теуаты астæумæ. Мæхи куы æрæмбæрстон, уæд дымгæйæ бамбæхстæн иу теуайы даргъ фисты.

– Æмæ цы хуынди уыцы теуа?

– Йæ ном мæ ферох, фæлæ, æвæдза, тынг рæсугъд уыд.

Теуайы цæстытæ та ферттывтой:

– Уæдæ уый æнæмæнг мæ мад Теуинæ уыдаид! Бубупгæнаг, Теуинæ уыди Змисджын быдырты æппæты рæсугъддæр теуа!

– Раст зæгъыс, Теуа, алкæмæ дæр йæ мад æппæтæй рæсугъддæр кæсы.

– Нæ, нæ, Бубупгæнаг! Мæ мад уыди æппæты рæсугъддæр, æппæты фæлмæндæр, æппæты хъармдæр... Зоныс, Бубупгæнаг, Теуинæ-иу æхснарцъыйы æвдадзы хосы кæрдæг куы ссардта, уæддæр-иу мæнмæ сидти: «Разгъор, Теуырыхъо, мæнæ дын æхснарцъы ссардтон». Уæдæ мын сатæг изæрты цы диссаджы аргъæуттæ кодта уæларвон теуаты тыххæй! Уыдон, дам, гыццылæй сæ мадæлтæй чи фæхицæн, уыцы теуатæ сты. Æмæ, дам, уæларвон стъалыджын фæндæгтыл агурынц сæ мадæлты... Ехх, Бубупгæнаг, æз бирæ амонджын бонтæ арвыстон ивылгæ Змисджын быдырты мæ мады фарсмæ...

Бубупгæнаг цасдæр хъусæй алæууыд, стæй та афарста:

– Æмæ дыл уæддæр цы 'рцыд, Теуырыхъо? Цæмæн фæхицæн дæ дæ мадæй?

Теуа та йæ къæхты бынæй ныуулæфыд æмæ æнкъардæй загъта:


– Иу сæумæрайсом та æхснарцъы агурæг зылдыстæм. Ацы хатт æгæр дард ацыдтæн мæ мадæй. Æнæкæрон тыгъд быдыры цыдæриддæр дымгæтæ уыди, уыдон иууылдæр мæ ныхмæ рацыдысты, сызгъæрин хур æмæ арвы цъæх змисæй нал зындысты. Мæ мады къахвæдтæ нæ, фæлæ-иу мæхи къахвæдтæ дæр уайтагъд змисы бын фесты. Иу ныхасæй, Бубупгæнаг, фæхицæн дæн нæ теуа-дзугæй, мæ мад Теуинæйæ. Цалдæр боны фæстæ мæ ссардтой цавæрдæр фæндаггон адæм æмæ, мæ фысымтæ ивгæ, 'рхæццæ дæн ардæм. Раст зæгъгæйæ, æвзæр цард мын нæй – афоныл мын алыхуызон хæрзад зайæгойтæй мæ раз байдзаг кæнынц. Ех, фæлæ дæ, Бубупгæнаг, бауырнæд, кæйдæр бæстæйы æфсæстæй цæрыны бæсты фæлтау æххормагæй дæр цæр... дæ райгуыран Змисджын быдырты!

Бубупгæнаг тынг фæтæригъæд кодта Теуайæн æмæ æнкъардæй загъта:

– Æмбарын дæ, Теуырыхъо, æз мæхæдæг дæр афтæ фæмысын хурджын хъарм бæстæйы мæ райгуырæн къуыбыртæ. Фæлæ ма тыхс, Теуырыхъо, æз тагъд фæстæмæ тæхдзынæн хъарм бæстæм дæ райгуырæн Змисджын быдырты сæрты. Бацагурдзынæн дæ мад Теуинæйы, дæ фыд Теуæханы æмæ сын фæдзурдзынæн дæ хабæрттæ.

Теуайы зæрдæ Бубупгæнаджы ныхæстæй барухс, æмæ, цингæнгæ, загъта:

– Бузныг, зæрдæхæлар Бубупгæнаг! Зæгъ-иу мæ мад Теуинæйæн, мæ фыд Теуæханæн: уæ фырт Теуырыхъо, зæгъ, æгас у, алы бон дæр уæ мысы. Ноджыдæр-иу зæгъ, мæ хæлар Бубупгæнаг, уæ фырт Теуырыхъо уæм, зæгъ, иу рæсугъд изæр æнæмæнг фæзындзæн уæларвон теуатимæ стъалыджын фæндагыл...



ИРОН ХАБÆРТТÆ

ГÆДЫЙЫ КЪАХ ЦЫБЫР У

Цъамады Цъынгуыр, Дагомы Хнеу, Уыналы Гæбыто уыдысты къæрных æмæ гæды лæгтæ. Се ‘рдхорд Сайæгой дæр сæ фæстæ ницы нырыгъта – уыд фæлтæрдджын куырттатаг къæрных лæг. Мæлæты хорз æмбæрстой кæрæдзийы æвзаг, дæлгоммæ митæ дæр. Се ‘взаг та уыд куы гæдыйы уаст, куы – куыдзы рæйд, куы та – кæрчыты хъуыдатт. Сæ кæрæдзийæ давыныл дæр нæ ауæрстой. Уазæгуаты уæвгæйæ та сæм уыд ахæм миниуæг: алырдæмты нæ кастысты, цæмæй сыл фысымтæ дызæрдыг ма кæной, уый тыххæй.

...Сайæгой сусæгæй фервыста йæ гæбæр æрдхæрдтæм: «Тагъд фæзынут, Дæллагхъæуы сауджынæн дæлхæдзары уæрмы æхца æмбæхст ис, æмæ сæ акой кæнæм». Йæ сидтмæ фæзындысты. Уæрмы цур тæрхæттæ байдыдтой кæрæдзийæн, ды ныххиз, ды ныххиз, зæгъгæ. Ничи куымдта. Тарсти сæ иу дæр æмæ се ‘ннæ дæр, уæрмы йæ куы ныруадзой, уымæй. Уæд Сайæгой ныххызт æмæ сæм уæлæмæ дзуры: «Æртæ голладжы дзы ис». Æрдзырдтой йæм: «Сдæтт сæ».

Дыруæ голладжы сæвгæдта, æмæ сæ бæндæныл хæрдмæ сластой. Йæхæдæг æртыккаг голладжы ныллæсти, йæ ком ын бабаста æмæ сын бамбарын кодта, æртыккаг голладжы дæр сисут, зæгъгæ.

Сластой æртыккаг голлаг дæр. Сæхæдæг уæрмæй схизæн дуарыл уæззау къæй æрфæлдæхтой. Æнхъæлдтой, Сайæгой уым баззади.

Голджытæ се ‘ккæйтты баппæрстой Цъынгуыр, Хнеу æмæ Гæбыто, афтæмæй лидзынц. Хъæугæрон сæ куыйтæ сæ разæй скъуымбил кодтой, Сайæгой йæхицæн старст æмæ ныхъхъæр кодта:

– Æллæх! Куыдз мыл хæцы!

Лæгтæ голджытæ феппæрстой æмæ сæ сæртæ æфснайынмæ фесты.

Сайæгой æхцатæ æрæмбырд кодта, æмæ Дзывгъисмæ ныффардæг.

Гæдыйы къах цыбыр у.

ХÆЙРÆДЖЫ ХАЙ

Уæд, дам дын иухатт хæйрæг йе сконд ноздимæ Уастырджийы фæндагыл йæ размæ рацыд.

– Мæнæ иу диссаджы цыдæр ноздæр æрхъуыды кодтон æмæ-ма

йæ фен, иу дзы бануаз, – ныххатыд æм хæйрæг. Æвæццæгæн дзы Уастырджийы фæрасыг кæнынмæ хъавыд Хуыцауы ‘лгъыст йе та йæ ноз бафæлварын.

Бануæзта Уастырджи нуазæн æмæ йæ зæрдæмæ фæцыд.

– Дзæбæх у, – загъта уый.

– Иу ма, дæ хорзæхæй, – фæцырд хæйрæг æмæ йæм дыккаг нуазæн авæрдта.

Бануæзта Уастырджи дыккаг нуазæн дæр æмæ йе уæнгты ахъардта.

– Хорз у, – загъта уый, – дæ къухтæ фæрнæй фæдар.

«Фыццагæн «дзæбæх у», загъта, дыккагæн – «хорз у», цымæ, æртыккагæн та цы зæгъид?» – ахъуыды кодта дæлимон æмæ йæм æртыккаг нуазæн дæтты.

– Мæ тыхдзырд мын ныббар, Бæрзондылбадæг, дæ хорзæхæй, иу ма... Æртыккаг...

Бануæзта Уастырджи æртыккаг дæр æмæ загъта: «Уæдæ-иу ацы ноздæй æртæ чи бануаза, уый мæн хуызæн уæд, уымæй фылдæр чи бануаза, уый та – дæу хуызæн».

НÆ ХЪÆУЫ ТАУРÆГЪГÆНÆГ

Алы хъæуы дæр уæды заман уыд таурæгъгæнæг. Мах хъæу дæр дзы æнæ хай нæ уыд. Уый уыд Черчесты Сæхмырзæ. Бынтон-бынтон зæронд нæ уыд. Кæд ыл цыдаид дæс æмæ æртиссæдз – фынддæс æмæ æртиссæдз азы, фæлæ фæстагмæ сынтæгæй уæлæмæ нал стад. Мæ мадæн йæ хæрз æрвад уыдис, иу артæй дих, зæгъгæ, кæй фæхонынц, ахæм. Уымæ гæсгæ-иу æз гыццыл лæппуйæ уыдонмæ тынг арæх уыдтæн. Йæ цуры-иу мæ сбадын кодта æмæ мын аргъæуттæ кодта. Аргъæуттæм, таурæгътæм тынг дæсны уыд. Стæй-иу йæхицæн дæр æнцондæр уыд, исчи-иу йæ цуры куы бадт, искæимæ-иу куы ныхас кодта, уæд. Уыдис тынг фæсус, ныхас дæр фæсус æмæ тыхулæфтгæнгæ кодта. Фæсус та фæцис афтæ.

Йæ лæджы кары ма куы уыд, уæд æнафоны Урсдонæй Цъамадмæ æрбацæйцыд уæлгъæуыл. Уыдис мæйрухс изæр. Йæ фæндаг уыд Дагомы доны бæрзонд æрхы былтыл. Цæуы цъæхнæуу фæзы нарæг къахвæндагыл Сæхмырзæ. Дон дæлиау хæл-хæл кæны. Йæ урс æхсæрдзæнтæ мæйрухсмæ дзæбæх зынынц. Цæуы зæрдæрайгæ хъæлдзæгæй æнафоны бæлццон... Ныртæккæ Дагоммæ схæццæ уыдзæн,

стæй – Мадизæн æмæ Цъамад. Цæуы, йæ хъыримаг – йе ‘фцæгыл... Уалынмæ кæсы, æмæ мæнæ æд фæндаг, æд цъæх нæуу æмдзæхгæр бæрзонд былæй доны ‘рдæм фæбырыд... Йæ быны зæхх алæбырд. Лæг фæцудыдта, æрхауд. Зæхх йæ тæхынæй не ‘нцайы. Сцырын аргъауы нымæтау...

Æрчъицыдта Сæхмырзæ дæлиау доны был. Сыстад. Цæф нæу, иу нæу...

– Фæдис! – ныхъхъæр кодта, фæлæ диссаг... Йæ ныхас йæхимæ дæр нал хъуысы.

Уæдæй фæстæмæ Сæхмырзæ фæсусæй баззад...

Куыста. Фыццагау йе уæхсчытыл æнцад хæдзар. Бинонты дардта. Хоры, фосы куыст кодта. Фæлæ йæм йæ хъæлæс нал æрыздæхт. Ныр фæзæронд, æрсади. Хуыссы уаты сынтæджы æмæ мын æдзух таурæгътæ кæны: «Сауи æмæ Будзи», «Æрхуы мæсыджы бадæг», «Залиаг калм» æмæ æндæртæ. Фæлæ йын æппæты тынгдæр мæ зæрдыл бадардтон Даредзанты таурæгътæ: «Даредзанты Амран (Домбай) æмæ Æфсæн уæйыг», «Æртæ æфсымæры – Амран, Бадыри æмæ Мысырби», «Амран æмæ Пакъуындзæ».

Æрæджы, Даредзанты кой кæм ис, иу ахæм рагон чиныг мæ къухмæ æрбахауд. Мæ зæрдыл та ногæй æрлæууыдысты Сæхмырзæйы таурæгътæ Даредзанты тыххæй. Фæстæдæр ма бирæ кæмæйдæрты фехъуыстон уыцы аргъæуттæ, раст-иу сæ цъамадаг Черчесты Сæхмырзæ куыд дзырдта, афтæ...

ЦЪАМАДЫ ЦЪЫНГУЫР

Иуахæмы та Цъынгуыр, Хнеу æмæ Гæбыто сфæнд кодтой се ‘рдхорд Сайæгоймæ Дзывгъисы хъæумæ фæцæуын. Фысымты лæг хæдзары нæ разынд. Сайæгойы бинойнаг уазджытæн хæринаг æрæвæрдта. Уыдон та сæ ахуыр кæм хæлдтой. «Ау, ардыгæй æнæ исты мулк фæкæнгæ куыд ацæуæм?» – сагъæсты бацыдысты сæхинымæр. Фæлæ куыдæй? Æфсины зæрдæ сыл куы фæхуда, уæд сæ хъуыддаг фехæлдзæн.

Фæлæ дын æнæрхъуыды сты, цы?! Уазджытæй иу усмæ фæдзырдта, тæбæгъы-ма нын дон рахæсс, зæгъгæ.

Ус сын тæбæгъы дон куы æрæвæрдта, уæд æм сæ цæстытæ ныццавтой. Доны бынæй разындысты уæлхæдзары ауыгъд дзидзайы фæхсынтæ. Æрдхæрдтæ бацин кодтой. Цалдæр хатты ма сæ зыд

цæстæнгас тæбæгъы сусæг «æвæрæнтыл» азылд, стæй æфсинæн хæрзбон загътой.

Хæдзары хицау изæрырдæм фæзынд сæхимæ. Йе 'фсин ын бамбарын кодта, уыдис, дам нæм æртæ лæджы, сæхи дæ лымæнтæ хуыдтой. Фæлæ диссаг: хæринаг сын æрæвæрдтон, уыдон та ма мæ тæбæгъы дон бацагуырдтой.

Сайæгой уайтагъд хъуыддаг бамбæрста. Йæ зæрдæ фехсайдта Цъынгуыр, Хнеу æмæ Гæбытомæ. Цыдæр хин та æрымысыдысты – доны тæбæгъæй акастысты дзидзайы фæхсынтæм. Ныр сæ хъæуы бахъахъхъæнын. Аивæй дзуры йæ усмæ:

– Тагъддæр фæхсынтæ царæй æрис æмæ сæ бамбæхс æргъиу чырыны. Гуыдыр сыл сæвæр, дæгъæл та арф бафснай.

Ус фæхсынтæ æриста, чырыны сæ бафснайдта. Гуыдыр сыл æркъæпп ласта. Дæгъæл та йæ кæлмæрзæны къабазы бабаста.

Æрталынг. Схуыссыдысты Сайæгой æмæ йæ бинойнаг. Гъа ныр æрфынæй уой, зæгъгæ, афтæ царæй гæдыты уасын æрыхъуыст. Ус æмæ лæг сæхи ныхъхъус кодтой. Фæлæ, марадз зæгъ, кæд «гæдытæ» сæ уасынæй æнцайынц. Куы нал æмæ нал æнцадысты, уæд сæм ус нал фæлæууыд æмæ хъæрæй сræцыгъта:

– Æцитт, уæ бындар фæуат, кæд кæй гæдытæ стут! Байрæджы кодтат. Фæхсынтæ чырыны фидар æфснайд сты. Сæ дæгъæл мæ нывæрзæн сæрбæттæны кæрон баст и. Гъер бонмæ дæр ма банцайут уæ миау-миауæй.

Ус æнæмæтæй æрфынæй. Хæдзар ныссабыр. Уæд Цъынгуыр, Хнеу æмæ Гæбыто сабыргай æрбырыдысты царæй. Дæгъæл райхæлдтой усы сæрбæттæны къабазæй. Чырын бакодтой æмæ дзидзайы фæхсынтæ ахастой.

Бонырдæм Сайæгой куы райхъал, уæд йæ усæн бауайдзæф кодта, цæуыл та æрдиаг кодтай, фæлладæй мæ хуыссын куы нæ уагътай, уæд. Ус ын рахабар кодта. Базыдта та Сайæгой, Цъынгуыр, Хнеу æмæ Гæбыто кæй уыдысты, уый. Хуыцау сын æй ма ныббарæд, зæгъгæ, фæгæпп кодта æмæ сæ сурынтæ байдыдта.

Иу ран сæ ныййæфта. Сæ фæдыл аивæй хъуызыди. Сайæгой хорз зыдта, къæрныхтæ Джелыты зæппадзмæ кæй цæудзысты, уый. «Ам исты хиндзинад æрымысын хъæуы»,– ахъуыды кодта Сайæгой.

Фæндагыл сæ афæлывта – тæссæртты къахвæндагыл зæппадзмæ сæ разæй фæцис. Уæлгоммæ æрхуыссыд. Къæрныхтæ бакастысты

зæппадзмæ æмæ дзы – ног «мард». Лидзынмæ ахъавыдысты, фæлæ сæ Цъынгуыр ныуурæдта.

Рæвдз февнæлдтой – чи арт бандзæрста, чи дон æрбадавта, чи та дзидза аджы ныккалдта. Аг уайтагъд рафыхт. Цалынмæ ныхас кодтой, уæдмæ сой йæ сæрты ахъазыд.

Мæй арвыл йæ фæндаг дардта. Зæппадзы бахизæнæй азылд. Æрталынг мидæгæй. Дзидза куы æрæвгæдтой, уæд Хнеу сойын цырагъ ссыгъта æмæ йæ ног «марды» дзыхы æрсагъта. Хæрынц.

Сайæгой катайы бацыд: бирæгътæ йын йæ роды фыд сæ «лалымты» ауадздзысты. Цы чындæуа? Уæдмæ цырагъы сой йæ былтæм æртагъд, басыгъта йæ, Сайæгой æваст ныхъхъæр кодта:

– Судзын!

Къæрныхтæ куый дур, куый хъæд баисты.

САГКАТЫ ХÆЙРÆГ

Сагкаты лæгтæ уыгæрдæны хос карстой, æмæ сæм иурæстæджы хæйрæг æрбацыд. Хосгæрдджытæ фæтарстысты. Хæйрæг хъæдын цæвæг акодта æмæ, уыдон куыд карстой, уый дæр иуварс æрлæууыд æмæ хосгæрдæгау кодта. Хосдзаутæ æгæр куы старстысты, уæд сæ хистæр зæгъта:

– Тæрсгæ дзы ма кæнæм, фæлæ баздæхæм æмæ йæ æрцахсæм.

– Куыдæй? – бадис кодтой кæстæртæ.

Хистæр сын йæ хъуыды нæ загъта, хæйрæг сын сæ фæнд куы базона, зæгъгæ. Хосæй сын куырисбæттæнтæ скæнын кодта, алкæмæн дзы йæхи къахæй-къухæй фидар сбæттын кодта, сæ цæвджытæ сæ уæрджыты æхсæн куыд ой, афтæмæй. Хæйрæг фæзмæгой кæм нæу! Каст сæм, æмæ уыдон куыд кодтой, уый дæр афтæ кодта. Сагкаты хистæр загъта:

– Ныр куырисбæттæнтæ цæвджытæй лыг кæнгæут цырд...

Сагкаты лæгтæ фæцарæхстысты æмæ алыг кодтой куырисбæттæнтæ. Хæйрæг дæр ацархайдта, фæлæ... Искуыдæрма хъæдын цæвæг куырисбæттæн лыг кæны?.. Афтæмæй Сагкатæ (чи зæгъы – Сечъынатæ) хæйрæг æрцахстой...

Хистæр загъта:

– Тагъд, йæ сæрыхъуын ын сæрдасæндзæф фæкæнут...

Сæрдасæн сæм кæцæй разындаид, фæлæ цæвæг ацыргъ код-

той æмæ уымæй хæйрæджы сæрыхъуын сæрдасæндзæф фæкодтой... Хæйрæг нал архайдта лидзыныл, æрсабыр и æмæ æрцыд семæ хъæумæ. Цæрынтæ райдыдта семæ Сагкатæн (Сечъынатæн) сæ хæйрæг, хæдзары куыстытæ кодта бинонтæн. Сахуыр ыл сты. Йæхæдæг дæр сыл сахуыр.

Иу диссаджы миниуæг æм уыдис... Райсомæй-иу къæртаимæ донмæ куы ацыд, уæд-иу сихæрттæм не ‘рбацыд... Бадтис-иу доны был æмæ-иу дзы искуы-иу хатт хæрз чысыл фелвæста. Дис кодтой Сагкатæ, цæмæн афтæ кæны, дон афтæ цæмæн æвзары, зæгъгæ. Бафарстой йæ. Хæйрæг сын загъта:

– Дон у алцæмæй чъизи, йæ сыгъдæг куы фæзыны, уæд æй фелвасын.

Уыцы дон-иу уыд парахат бинонтæн. Бæркадджын. Йæ къæрта-иу сфаг и æнæхъæн бон.

Хæйрæгæн алы мæйноджы дæр хъуыдис сæрдасæндзæф кæнын, науæд дæлзæхх кодта... Афтæмæй цардысты. Фæлæ иуахæм куы уыдис, уæд хъæуы æнамонд хабар æрцыд. Кæйдæр хæдзар ссыгъд, æмæ адæм иууылдæр уырдæм фæфæдис кодтой. Раст уыцы заман уыдис мæйноджы бон... Хæйрæгæн хъуыди уыцы рæстæг хурныгуылды агъоммæ сæрдасæндзæф фæкæнын, фæлæ йæ цуры ничи фæцис... Сæрдасæндзæф чи фæкодтаид, уый нал уыд, æмæ хурныгуылдимæ хæйрæг ацыд хъæргæнгæ: «Сæрдасæндзæф, сæрдасæндзæф, сæрдасæндзæф»... Стæй фæдæлзæхх...

«ÆГЪГЪА УÆДÆ!»

Уататы Саулох, Хъайттаты Тъох, Уырымты Мишка æмæ Черчесты Садуллæ кæцæйдæр бæхтæ радавтой æхсæвыгон æмæ, Инджынтæй куы фæуæле сты, уæд сæ уым Бурæлыджы хизынмæ суагътой, сæхæдæг Саулæгæты æрбадтысты, сæхиуыл фæстиат кодтой. Раст гъе уыцы рæстæджы та Цъамадæй Субимæ рараст сты сугмæ дыууæ æфсымæры: Дæдыго æмæ Харитъо. Дæдыго иу ран цæмæндæр афæстиат уæлæуæзгомау. Харитъо Саулæгæтмæ ныххæццæ раздæр. Кæсы, æмæ уæртæ Саулæгæты – арт. Уыцы рæстæджы хæйрæгæй арæх тæрсын кодтой... Дзырдтой, æнафоны арт æрмæстдæр уыдон фæкæнынц, зæгъгæ.

Хæйрæджытæ, дам, пысылмон фыст хъамайæ тæрсынц, ахæм Харитъомæ нæ разынд, æмæ тасы бацыд. Йæ зæрдæ ма дардта иу

хъуыддагыл, хæйрæгæн, дам, афтæ куы зæгъай, «булчъы дымæг дæ фæстæ», уæд æрбадæлзæхх вæййы. Лæгтæ йæ фембæрстой, аивæй сæхи милатæ-йедтæй ацахуырстой (сæхицæй «хæйрæджытæ» ацарæзтой) æмæ мæгуыр лæджы фæкафынтæ-йедтæ кодтой. Харитъо ахæм нард-уатæй кафыд æмæ-иу фæхъæр ласта: «Æгъгъа уæдæ!»

Уæд иурæстæджы йе ‘фсымæры уæрдоны хъæр æрбайхъуыст æмæ йæм кафгæ-кафын ныхъхъæр кæныныл архайдта, фæлæ нал арæхст æмæ «Йа Дæдыго»-йы бæсты хъæр кодта «Йа гæрцц, гæрцц!» уæрдоны цæлхыты хъæрмæ.

Дæдыго куы ‘рхæццæ, уæд «хæйрæджытæ фæдæлзæхх» сты.

Дыууæ ‘фсымæры ма сæ фæстæ хъæр кодтой: «Булчъы къæдзил уæ фæстæ!»

Хъайттаты Сергейы чиныг «Ирон хабæрттæ»-йæ ист

ИРОН КУЫВДЫ ФАРН

Ирон адæммæ Хуыцау æмæ йæ дæлбар зæдтæ æмæ дауджытæм бакувын ахсджиаг хъуыддагыл нымад у. Иугæр хистæр фынджы сæр æрлæууыд æмæ йæ къухмæ кувæн къус райста, уæд зон: фынджы уæлхъус бадæг адæмæй хъыпп-сыпп нал ссæудзæн æмæ лæмбынæг хъусдзысты кувæг хистæрмæ, кæстæртæ та, йæ рахизварс лæугæйæ, хъæрæй «оммен» кæндзысты.

Ирыстоны комæй-кæммæ æгъдæуттæ кæм хицæн кæнынц, уым кувджытæй дæр алчи йæхирдыгонау ссары фæндаг уæларвон цæрджытæм, табу сын фæкæны йæ цардвæлтæрд æмæ арæхсты руаджы.

Кæй зæгъын æй хъæуы, куывдтытæ рæстæгæй-рæстæгмæ алы кæмтты æмбырд кодтой, фæлæ уыдонæй бирæтæ чингуыты фыст не ‘рцыдысты.

Уæ размæ уын хæссæм, Четойты-Туаты Заретæ йы къухы æрæмбырд кæнын цы бантыст, уыцы куывдтытæ.

Æрмæг ист у журнал «Мах дуг»-ы æвæрæнтæй.

ХОХАГ КУЫВД

1

Хуыцау, Дæу зонæм,
Æппæты Хуыцау Ды дæ,
Нæ кувинæгтæ нын айс адджын æмæ кадджынæн.
Таранджелоз æмæ Саниба, иу хохыл бадут,
Нæ кувинæгтæ сымахæн дæр барст фæуæнт.
Адæмы мад дæ, Мады Майрæм,
Нæ кувинæгтæ адджынæн райс,
Дæ ном дын адджын æмæ кадджынæй куыд арæм.
Цы чысылтæ дæттыс, уыдон дæр – де уазæг.
Йесо Чырысти, дæуæн дæр кувæм,
Æмæ дын нæ кувинæгтæ адджын фæуæнт.
Æртæ Йонон Саниба,
Хуыцауы æртæу цæсгомы,
Адджынæн, кæдджынæн райс нæ кувинæгтæ.
Æмæ дын нæ кувинæгтæ барст фæуæнт.
Хохы Уастырджи,
Нæ кувинæгтæ нын адджынæн райс,
Регахы рухс Аларды,
Нæ кувинæгтæ нын адджынæн райс.
Нары хъæуы астæу Уастырджийы кувæндон,
Кувæм дын,
Æмæ дын нæ кувинæгтæ адджын фæуæнт.
Цъыфы комы Уастырджийы кувæндон,
Нæ кувинæгтæ дын барст фæуæнт.
Зæй æмæ нæ дæ дурæй бахъахъхъæ.

2

Æфцæгыл Бурсамдзели,
Дæуæн дæр барст уæнт нæ кувинæгтæ.
Бæлццон адæм цæмæй фæндараст уой, уый тыххæй дæм кувæм,
Зруджы зæрин Майрæм,
Кувæм дæм,
Æмæ нын нæ кувинæгтæ адджынæн райс,
Дæ номыл ратт гуырдтæ.
Цы гуырдтæ раттыс, уыдон цæринаг куыд уой.

Тырсыйы Мыкалгабыртæ,
Нæ кувинæгтæ дын адджын фæуæнт.
Фыдбылыз – дард, амонд – хæстæг.
Тибы Таранджелоз,
Нæ кувинæгтæ дын адджын фæуæнт.
Дæ быны цы адæм цæры, уыдоны хорзæх дæр,
Æмæ нын дæхи хорзæх дæр ратт.
Тутыр, кувæм дын,
Нæ кувинæгтæ дын адджын фæуæнт,
Дæ къæбыстæй нæ бахъахъхъæ.
Мамысоны, Згъилы Самтхос,
Нæ кувинæгтæ дын адджын фæуæнт.
Дæ алыварс цы адæм ис, уыдоны хорзæх дæр
Æмæ дæхи хæрзæх дæр дæ курæм.
Хоры Уацилла,
Нæ кувинæгтæ нын райс.
Хорæфсис нæ фæкæн.
Фосы Фæлвæра,
Дæ раттинаг фосæй нæ æфсæст уадз,
Нæ кувинæгтæ нын райс адджынæн,
Дæ хорзæх нын дæ цæст бауарзæд.

3

Сатъаты Саниба,
Кувæм дын,
Æмæ нын нæ кувинæгтæ райс.
Курæм дæ, æмæ нын дæ хорзæх дæ цæст бауарзæд.
Сатъатыхъугомы астæу Уастырджийы кувæндон,
Нæ кувинæгтæ нын адджынæн райс.
Дæ алыварс цы хортæ ис, уыдон нын хæлар æмæ адджынæн ратт.
Кувæм дæм.
Нæ кувинæгтæ нын адджынæн æмæ кадджынæн райс.
Нæ фыдбылыз – дард, нæ амонд – хæстæг.
Нæ бæлццон адæм фæндараст куыд уой, уый дæр дæ курæм.
Дæ хорзæх нын дæ цæст бауарзæд.
Ныхасы бæрзонд Уастырджи,
Нæ кувинæгтæ дын адджын фæуæнт,

Дæ уæлæты дзæбæхæй куыд цæуой.
Хетæджы Уастырджи, æргом зæд дæ,
Хъæуты астæу æрæнцадтæ,
Æмæ дын кувинæгтæ адджын фæуæнт,
Æргом зæд дæ уый тыххæй хонæм, æмæ дæ бынат
Бæрæг бæлвырдæй хъæдæй кæй рацух кодтай.
Дæ алыварс цы адæмтæ цары, уыдоны хорзæх дæр
Æмæ нын дæхи хорзæх дæр ратт.

11.02.1990 аз

ЗÆРОНД КУЫВД

Хуыцау, ахъаз бакæн, Хуыцау.

Ратт дæ зæдты хорзæх. Хуыцау, ратт Дæхи хорзæх. Уæларв дæ Дзуæрттæн барст фод, зæххыл – дæ кувæндæттæн, æмæ дæм дзæбæхæй хæццæ кæнæд нæ куывд.

Аларды, дæуæн дæр æхцон фод.

Реком, дæуæн дæр нæ уæд дæ хорзæх.

Бынатыхицау, нæ бынæтты нын ратт хорз, æнæниз цард.

Мады Майрæм, фыдæлты куывддонæй баззадтæ, фыдæлты амондæй нæ æнæ хай ма фæкæ. Кæмæн кæй раттай, уый – цæринаг.

Мыкалгабыр, дæуæн дæр нæ кувинаг барст фод.

Фыдбылыз-иу дард акæн, амонд – хæстæг.

Бæркаддæттæг дæ, æмæ нын нæ куысты бирæ бæркад ратт.

Сау Уасгерги, дæ бынты цæугæйæ нæ бахъахъхъæн дæ саха, дæ зæйæ, дæ дурæй.

Нары хохы Уастырджи, дæ бон бирæ у, æмæ нын ахъазгæнæг у.

Зæрæмæджы Саниба, дæуæн дæр нæ кувинаг – барст.

Хъасарайы Мыкалгабыр, дæ бынæй æнкъардæй куы ацæуæм, уæд нæ-иу фæстæмæ хъæлдзæгæй æрбауадз.

Ныхасы Уастырджи, нæ ныхасы бæркад куыд уа, уый саккаг кæн.

Адайы комы авд дзуарæн дæр барст фод, сæ бынаты дзæбæхæй куыд цæуæм, ахæм ахъаз нын бакæн. Кæмæн скуывтам, се ‘ппæты хорзæх уæд ацы адæмы!

4.03.1990 аз

ХОХЫ УАСТЫРДЖИ

Цæй, хохы Уастырджийы хорзæх, хохы Уастырджи,
Цæй, кувæг адæмы куывдтæ дзæбæхæй æрцæуой, Уастырджи.
Цæй, арфæ ракæн дæ кувæг адæмæн, хохы Уастырджи.
Ракæс-ма, уæлæ бæрзондæй ныллæгмæ арфæтæ ракæнай.
Гъей, гъей, хъæбæр хохы Уастырджи, табу, дæ хорзæх нæ уа, гъей.
Гъей, ракæс æмæ нын арфæтæ ракæн.
Табу дæхицæн, бæрзонд Уастырджи.
Кувæг адæмы куывдтытæ дæм дзæбæх фæкæсæнт.
Уæ, хъæбæр хохы Уастырджи, мах дæ ныфсæй куы цæрæм.
Нæ буц нывондæгтæ дын барст фæуæнт.
Мах сымах ныфсæй кувæг стæм хохы дæр æмæ быдыры дæр.
Нæ фæндаггон дæр – де уазæг, Уастырджи, æмæ нæ бынатон дæр – дæ фæдзæхст.
Кæддæриддæр нæ рахиз фæрсты цу, Уастырджи.

12.05.1990 аз

ХОРЫ УАЦИЛЛАЙЫ КУЫВД

Кувæг кувы:

– Хуыцау æмæ Тутыр, баххуыс кæнут. Уацилла! Хор дæттæг дæ æмæ нæ хор æмæ цардæй ды бафсад. Уацилла хъæздыг комы хуым куы кодта, Фæлвæра галдарæг куы уыдис, Майрæм – мыггаг тауæг, Уастырджи бæрзондæй куы касти, гъеуæд цы хор æрзади, уыцы хор та дзыллæ-адæмæн, Хуыцау, æрзайын кæн!

Кувæг ныхъхъæр кæны:

– Цы курут, лæппутæ?

Лæппутæ:

– Хор, хор, хор!

Кувæг лæг:

– Цы курут, лæппутæ?

Лæппутæ:

– Хор, хор, хор!

Кувæг лæг:

– Цы курут, лæппутæ?

Лæппутæ:

– Хор, хор, хор!

Кувæг лæг:
– Хор æмæ уæ цардæй Хуыцау бафсадæд!

1.09.1990 аз

НЫВОНДЫ КУВИНАГ

Гъей, балæгъстæ кæнæм,
Ой, бакувæм, балæгъстæ кæнæм,
Ой, зæдтæ æмæ дауджытæн ныллæгъстæ кæнæм,
Нæ нывонд барст цæудзæн.
Зæдтæ-дауджытæн куы кувæм,
Ой, йæ хорз, йæ арфæ нæ уа.
Бакувæм, балæгъстæ кæнæм…
Ой, йæ хорзæх, йæ арфæ нæ уа,
Бакувæм, балæгъстæ кæнæм.
Табу, ног Уацилла,
Табу бакæнæм Рыны бардуагæн.
Табу бакæнæм Хъæриуы дзуæрттæн.
Табу бакæнæм Джеры дзуарæн,
Табу бакæнæм Таранджелозæн.
Табу бакæнæм Санибайæн.
Табу бакæнæм Рекомæн.
Табу бакæнæм Хетæджы дзуарæн.
Табу бакæнæм не Скæнæг Хуыцауæн,
Ой, нæ нывонд барст фæуыдзæн.
Табу бакæнæм Къобы дзуарæн.
Табу бакæнæм Мыкалгабыртæн.
Табу бакæнæм Фосы Фæлвæрайæн.
Табу, зæгъгæ, се ‘ппæтæн.

15.03.1990 аз

МАДЫ МАЙРÆМ

Хуыцауы ныййарæг Мады Майрæм
Уæларвæй рауагъта сызгъæрин асин,
Æрцыдис хæххон адæммæ.
– Уæй, не ’хсин, не стыр ныфс, Мады Майрæм,
Алы къуыппыл – дæ кувæндæттæ,

Сыкъаджын галтæ – дæ нывондæгтæ,
Æвæстаг адæм дæм зæнæгмæ кувынц,
Алы сау хъæдæй дын – буц хуымæллæг,
Алы хуымæй дын – буц бæгæныйаг.
Бурхъус нæл фыстæ – дæ нывондæгтæ.
Нæ сабитæ – де уазæг, Мады Майрæм.
Кæмæн цы раттай – цæринаг ын уæд.
Чи цæмæ бæллы, уый йæ хай уæд.
Кæмæн нæй, уый та дæ хорзæх фæуæд!

МАДЫ МАЙРÆМ

Мады Майрæмæн табу, лæгъстæ кæнæм, о не ‘хсин,
О не стыр ныфс, о Мады Майрæм!
Нæ чындздзон чызджытæ – дæ кувæг адæм.
Уой, не ‘фсин, о не стыр ныфс, о табу, Мады Майрæм!
Дæ кувæг лæппутæ – дæ кувинаггæнджытæ,
О не ‘хсин, о не стыр ныфс, табу, Мады Майрæм!
Усгур лæппутæ – дæ бæгæныгæнджытæ, дæ кусартгæнджытæ,
О табу, Мады Майрæм!
Чындздзон чызджытæ,
Зæронд устытæ дæм зонгуытыл куы цæуынц.
О не ’фсин, о не стыр ныфс, табу дын куы кæнынц.
Зæронд лæгтæ дæумæ куы кувынц, дæ хорздзинæдтæ дын кургæ кæнынц.
О не ‘фсин, о не стыр ныфс, о табу, Мады Майрæм.
Бахъуыс-ма нын кæн, о Мады Майрæм, о не ’фсин, не стыр ныфс.
Уалдзыгон тæрхъус – сындзы быдыры.
Майрæмы арфæ – чындзы гуыбыны,
О табу, о Мады Майрæм!
Стыр Мæздæгæй куы рараст вæййы,
Нæ хъæбæр хохмæ куы ‘рбафардæг вæййы,
Хохы адæмæн арфæ кæны,
О табу, о Мады Майрæм!

15.08.1990 аз

Радзырдта сæ ЧЕТОЙТЫ Лади, Четойты хъæуы цæрæг,
ныффыста сæ ЧЕТОЙТЫ – Туаты Заретæ

МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► ***2 апрелы*** Паддзахадон Эрмитажы равдыст «Сокровища Аланского царства»-йы кæронбæттæны уыд Аланийы бон.

Равдыст «Сокровища Аланского царства» байгом ивгъуыд азы декабры Аланийы аргъуыды 1100 азы кадæн. Экспозицийы фенæн уыд Алайнаг культурæйы цыртдзæвæнтæ РЦИ-Алани æмæ æгас бæстæйы музейтæй.

Проекты равдыстæй уæлдай ма арæзт æрцыдысты наукон конференцитæ, лекцитæ, дæсныйадæвдисæн ахуыртæ.

► ***18 апрелы*** Мæскуыйы, Уæрæсейы фысджыты цæдисы уыд поэт, прозаик, драматург æмæ тæлмацгæнæг, литературон журнал «Ирæф»-ы сæйраг редактор Скъодтаты Эльбрусы чиныг «Шестое чувство»-йы презентаци. Прозаикон уацмысты æмбырдгонд рухс федта амынд Цæдисы рауагъдад «Российский писатель»-ы. Хаст æм æрцыдысты Андрей Расторгуев (Екатеринбург), Сергей Телевной (Цæгат Ирыстон) æмæ Олег Воропаевы (Стъараполы край) тæлмацгонд радзырдтæ, уацау æмæ драмæ.

Ног чиныгæн стыр аргъ скодтой Уæрæсейы фысджыты цæдисы правленийы сæрдары хæдивджытæ Николай Дорошенко æмæ Сергей Котькало, Цæдисмæ исæн къамисы бæрнон нымæрдар Светланæ Вьюгина, чиныджы разныхасы автор, РЦИ–Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг Гетъоты Ларисæ, Мæскуыйы ирон æхсæнады минæвæрттæ.



Переводчик А. В. ЗОЛОЕВ
Корректор А. К. КАРГАЕВА
Дизайн, верстка А. А. ГАБИСОВ

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ «МАХ ДУГ»

Главный редактор: ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору
в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике
Северная Осетия-Алания.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций
Республики Северная Осетия-Алания
Адрес учредителя: 362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2, офис 202.

Порядковый номер выпуска: № 4. 2023 г.
Подписано в печать 04.05.2023 г. Выход в свет: 14.05.2023 г.
Индекс: 732447. Тираж 1100 экз. Заказ № 196. Цена свободная.

Формат 60х90 1/16. Бум. офсет. №80 г./м^2. Вклейка 1 печ. л. мелованная.

Гарнитура шрифта Times New Iron.
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14, 88.

Адрес редакции и издателя: 362008, г. Владикавказ, пр. Коста, 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Адрес типографии: ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи
нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

Рафыссæм журнал «Мах дуг»


Зынаргъ хæлæрттæ!

Ныридæгæн цæуы 2023 азы дыккаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны кампани. Йæ зæрдæ ирон æвзаг æмæ литературæйыл æнувыд кæмæн у, уыдонæн 2023 азы дыккаг æмбисæн журнал «Мах дуг» сæ бон рафыссын у «Уæрæсейы пост»-ы кæцыфæнды хайады дæр. Нæ индекс: 37247. Аргъ – 679 сомы æмæ 86 капеччы (афæдзы æмбисæн), льготæтимæ – 628 сомы æмæ 62 капеччы.

Журнал асламдæр аргъæй, 350 сомæй, рафыссæн ис редакцийы. Нæ адрис: г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11-æм хæдзар, 2-аг уæладзыг.

Телефонтæ: 25-09-64, 25-09-74.

Редакци



MAX DUG

CÆGAT IRYSTONY SOVETON FYSDŽYTY CÆDISY AIV-LITERATURON ÆMÆ ÆXSÆNADON-POLITIKON ÆRVYLMÆJON ZURNAL

MAJ
FYDDZAG ČINYG

„RÆSTDZINAD" 1934

Индекс 73247
12+